

Seri:  
**Ranpli ak Lespri**

13 Etid pou  
Gwoup yo

•DISIP•  
**abcde**  
kwasans nan sentete

JÈN – GRANMOUN

**LESPRI KI**  
*re-oryante nan Kris La*

Mónica Mastronardi

# **Lespri Re-oryante nan Kris la**

Mónica E. Mastronardi de Fernández

**Legliz Nazareyen**  
Rejyon Mezoamerik



**Nivo C-Kwasans nan Sentete**  
*Jèn/Granmoun*

Paj editoryal

Tit: Lespri Re-oryante nan Kris la

Liv "Antrènman Disip ABCDE"

Etap C-Kwasans nan Sentete

Sesyon : Ranpli ak Sentespri a

Gid etid pou jèn/Granmoun

Otè: Monica Mastronardi de Fernandez

Edisyon: Dr. Monica Mastronardi de Fernandez

Korektè: Jerald Rice, Dorothy Bullón, Rubén E. Fernández

Avèk kolaborasyon de:

Febe Sarmiento de Ceballos (leson 2).

Dorothy Bullón (leson 7 ak 12).

Ruthie Córdova (Leson 8).

Miguel Ángel Ceballos (Leson 11).

Premye edisyon 2008

2 èm edisyon ak aktyalizasyon 2017

Cette edition est publiée par les Ministères de la Formation de Disciples - Région

Mésoamérique, Eglise du Nazaréen

<http://medfdiressources.mesoamericaregion.org/>

Pibliye ak distribye

Asosyasyon Rejyon Mezoamerik

Av. 12 Oktòb Plas Viktwa Lokal 5 y 6

Pèp Nouvo Hato Pintado

Vil Panama

Tel. (507) 203-3541

E-mail: [literatura@mesoamericaregion.org](mailto:literatura@mesoamericaregion.org)

Copyright © 2017 - Tout dwa yo rezève

ISBN: 978-1-63580-065-4

Yo pèmèt repwodiksyon materyèl sa san objektif kòmèsyal, se sèlman pou itilize pou antrènman disip nan legliz yo.

Tout pasaj yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm (VJ) korije nan lane 1999 pa mwayen Sosyete Biblik Entènasyonal, sèlman si yon endike sa ki kontrè.

Dizay: Juan Manuel Fernández. Ga ([www.Juanfernandez.ga](http://www.Juanfernandez.ga))

Imaj kouvèti a pa Steve Tolcher

Imaj ki nan kouvèti a itilize avèk pèmision anba lisans byen komen (Abstrè/Lib).

Tradiktè: Dezama Jeudi

Mise en paj: Bethany Cyr

Enprime nan Etazini yo.



# Tab Matyè Yo



Prezantasyon

Kisa Antrènman Disip ABCDE a ye?

Kòman Pou Nou Itilize Liv Sa?

*Leson 1 - Fwi Lespri Egoyis La.....12*

*Leson 2 - Jalouzi Ak Move Lanvi.....24*

*Leson 3 - Kimoun W Ap Bay Kontwòl Avni W?.....34*

*Leson 4 - Èske Nou Se Bondye? Manti Mond Aktyèl La.....44*

*Leson 5 - Lanbisyon Egoyis La.....56*

*Leson 6 - Pa Kite Emosyon Domine W..... 70*

*Leson 7 - Move Efè Ki Kontamine Mank De Padon An Fè.....80*

*Leson 8 - Restorasyon: Repantans Ki Mete Moun Annaksyon An.....94*

*Leson 9 - Chèn Envizib Yo: Adiksyon Yo.....104*

*Leson 10 - Pote Viktwa Sou Move Lide Yo.....116*

*Leson 11 - Verite A Kòm Règ Lavi.....128*

*Leson 12 - Ann Itilize Langaj La Pou Beni.....138*

*Leson 13 - Mezire Pwogrè W Epi Kontinye Vè Objektif La.....150*



# Prezantasyon



Lavi kretyen an se yon kous kontinyèl nan pwosesis antrènman disip, kote ke tout nou menm pran transfòmasyon konfòm ak karaktè Jezikris pa mwayen Sentespri a. Nou tout ki te “fèt yon lòt fwa” nou bezwen patisipe nan pwosesis fòmasyon sa pou nou kapab rive vin kretyen ki genyen matirite epi sen nan tout branch nan lavi nou.

Volim sa a ki genyen kòm tit: **Lespri Re-oryante nan Kris la** epi se dezyèm nan yon seri ki genyen twa volim ki konplete etid bazik yo pou nivo C nan plan antrènman disip ABCDE nan legliz nazareyen nan Rejyon Mezoamerik la. Seri a pote non: Ranpli ak Lespri a epi dire 9 mwa etid. Chak liv genyen 13 leson antrènman disip ki santre yo nan nesite konsolidasyon ak kwasans moun ki fenk vin fè pati kò manm legliz lokal la.

Leson sa yo te ekri sitou pou antrenè disip yo epi nan fason ke li dwe enstwi nouvo gwoup manm yo, yon fason pou ansèyman kapab enteresan, dinamik ak aplikab nan lavi yo. Liv sa yo prezante doktrin ak pratik lavi nan sentete a nan yon langaj ki senp, pratik epi nan menm tan konekte avèk panse nan mond modèn nan. Lavi ki sen an etidye pandan li santre sou:

- a. Chanjman natirèl ak pwogresif yo ki pwodwi nan kretyen an, kòm rezilta aksyon Sentespri a nan lavi li; chanjman ki kapab obsève non sèlman pa limenm, men tou pa tout moun ki nan antouraj li yo.
- b. Lavi ki ranpli ak lanmou Bondye kòm kondisyon endispansab pou sèvi Seyè a avèk pwochen nou yo.
- c. Transfòmasyon pwogresif ak total nan lavi kretyen an konfòm ak model Jezikris la.

Dezyèm liv sa ki nan seri a: Lespri re-oryante nan Kris la, genyen objektif pou gide kwayan idantifye kèk aspè peche ki kapab prezan nan fason li panse ak fason ke mond ki antoure li a panse, pou li kapab abandone yo epi aprann panse kòm Kris la. Chak leson prezante yon nouvo opòtinite pou ke Bondye kontinye travay ak transfòmasyon lespri, afeksyon ak kalite lavi disip Kris la, pa mwayen etid ansèyman Biblik, egzanp ak anekdot, egzèsis otoevalyasyon, refleksyon, pran desizyon ak etablisman nouvo plan pou kwasans espiyèl.

Se bi priyè mwen pou ke leson sa a See de manm legliz nou yo konprann ak viv estil lavi sen Sovè JeziKris nou an piplis.

*Rev. Monte Cyr  
Koòdinatè Ministè Antrènman Disip  
Rejyon Mezoamerik*



# Kisa Antrènman Disip ABCDE a Ye?

Nan Legliz Nazareyen nou kwè ke fè disip ki sanble ak Kris la nan nasyon yo se fondman travay misyonè Legliz ak responsablite prensipal lidèchip li (Efezyen 4:7-16). Travay antrènman disip la kontinyèl ak dinamik, sa vle di ke antrènman disip la pa janm sispann grandi pou resanblans Seyè a. Lè pwosesis kwasans sa ansante, li fonksyone nan tout dimansyon yo: nan dimansyon endividyèl (kwasans esprityèl), nan dimansyon kòporatif (enkòporasyon nan kongregasyon an), nan dimansyon lavi nan sentete (transfòmasyon pwogresif lavi nou epi fè nou vin sanble ak Jezikris) epi nan dimansyon sèvis la (envesti lavi nan ministè a).

Plan antrènman disip ABCDE a te fèt pou kontribye nan fòmasyon entegral manm legliz nazareyen yo nan Rejyon Mezoamerik. Nan lane 2001 li te kòmanse piblikasyon materyèl pou tout nivo yo. Twa liv koleksyon Ranpli ak Lespri a yo koresponn seri debaz la pou Nivo C a epi yo fèt pou nivo antrènman disip avan yo avèk materyèl ki se Lavi tounèf nan Kris la epi enpòtan pou lavi kretyèn abondan (Nivo B1 ak B2), yo te deja pran plas yo nan kò manm legliz la.

Liv koleksyon Ranpli ak Lespri a yo genyen pou objektif gide nouvo manm legliz la nan fòmasyon entegral pou resanblans Jezikris la. Anmezi l ap kontinye ak etid materyèl sa yo, kretyen an ap kontinye dekouvri branch sa yo nan lavi li ke Jezikris vle transfòme, pou ke Lespri lanmou a kapab ranpli tout lavi li.

Lavi ki ranpli ak Lespri a se kondisyon endispansab pou ke chak pitit Bondye kapab reyalize plan espesyal ke Bondye genyen pou lavi li.



Dra. Mónica Mastronardi de Fernández  
*Editwa Jeneral Antrènman Disip ABCDE*  
*Legliz Nazareyen-Rejyon Mezoamerik*

• Disip •  
**abcde**  
Legliz Nazareyen

**Nivo A | Apwòchman**

Evanjelizasyon

**Nivo B | Batèm ak Manm**

Antrènman disip pou nouvo konvèti yo

**Nivo C | Kwasans nan Sentete**

Fòmasyon konplèt pou sanble ak Kris

**Nivo D  
Devlopman Ministè a**

Lekòl Lidèchip

**Nivo D  
Devlopman  
Pwofesyonèl**

Fòmasyon espesyalize nan  
estitasyon Teyolojik yo

**Nivo E | Edikasyon pou Lavi ak Sèvis**

Kwasans total nan limaj Kris la





# Kòman Pou Nou Itilize Liv Sa?

Liv ou genyen nan men w lan fè pati yon koleksyon ki genyen 3 volim sou tèm “Ranpli ak Lespri a”. Liv sa yo te fèt pou etidye nan lòd sa:

1. Lavi ki ranpli ak Lespri a
2. Lespri ki re-oryante nan Kris la
3. Lavi ki ranpli ak fwi

Wòl koleksyon sa a se ede manm legliz nazareyen yo konnen ansèyman Biblik ki pale sou lavi sen an epi mete li an pratik nan lavi yo chak jou, yon fason pou yo kapab grandi jouskaske yo sanble ak Jezikris.

## Konbyen tan etid liv sa kapab pran?

Chak liv genyen 13 leson. Si w kapab etidye youn chak semèn, tout etid la gen pou dire 3 mwa. Gen kèk gwoup ki prefere ale pi dousman epi etidye yon leson nan de semèn akòz de pwoblèm tan. Nan ka sa a, etid liv la ap dire 26 semèn (6 mwa). Sonje byen ke wòl antrènman disip la se pa kouri prese fini ak yon liv, men se pito grandi nan resanblans Jezikris, e pou nou grandi, nou dwe etidye, konprann epi aplike nouvo ansèyman yo nan lavi a. Se sa ki fè planifikasyon tan pou etid chak liv la depi davans se yon bagay ki enpòtan anpil, pou asire aprantisaj pwogresif disip yo.

Pou plan materyèl yo, liv yo kapab itilize nan divès manyè, menm si se ta nan yon tigwoup oswa pigwo kantite moun.

## Kisa leson yo gen ladan yo?

Chak leson genyen sa ladan li:

- Objektif: Yo mete sou pye objektif aprantisaj yo swete elèv la rive domine nan etid leson an.
- Materyèl: Yo mete lide ki pou eksplike epi fè aprantisaj la plis enteresan.
- Entwodiksyon: Yo kòmanse tèm etid la nan yon fason ki enteresan pou reveye enterè ak patisipasyon elèv yo.
- Etid Biblik: Sa a se sesyon ki plis laj la paske sa gen pou wè ak devlopman kontni leson an. Leson sa yo ekri pandan l ap panse ke se liv la ki antrenè a, se sa ki fè kontni li a eksprime li nan yon fason ki dinamik, nan langaj ki senp epi konekte ak lide nan mond aktyèl la. Nan sesyon sa a genyen kote pou pwofesè a bay

elèv yo pwen pou patisipasyon yo pandan dewoulman leson an (lekti Biblik yo, kesyon yo, egzèsis nan fèy aktivite yo).

- Rezime ansèyman prensipal pasaj ki etidye yo:
- Nan yon espas nan fen an kote yo bay yon rezime toukout sou sa yo te aprann nan leson an. Rezime sa itilize pou itilize nan fen klas la kòm konklizyon oswa nan sesyon sa a pou sonje tèm ki sot analize a.
- Definisyon vokabilè enpòtan yo: Sesyon sa genyen pou objektif eklèsi oswa elaji siyifikasyon kèk tèm ki nan leson an.
- Fèy aktivite yo: Nan fen chak leson genyen paj aktivite sa a yo pou aprantisaj endividyèl oswa angwoup ki gen pou wè ak tèm ki analize a. Prezantasyon paj sa pèmèt gen kopi ki fèt pou etidyan yo, menm si sa ki plis rekòmande a se pou chak elèv genyen yon echantyon liv la.
- Lekti ki rekòmande yo: Nan fen fèy aktivite yo genyen lekti Biblik ki baze sou tèm ki etidye yo, ke elèv yo ak antrenè a kapab itilize nan devosyon yo pandan semèn nan.

## **Ki wòl elèv la?**

Elèv la responsab pou:

1. Jwenn liv la epi etidye chak leson avan chak klas. Se sa ki plis rekòmande, toudepann de posiblite chak legliz.
2. Toujou vini nan klas la alè.
3. Patisipe nan aktivite nan klas la pandan l ap konplete Fèy Aktivite yo.
4. Mete Pawòl ansèyman yo anpratik nan lavi li.

## **Ki wòl antrenè kou a?**

1. Prepare w depi davans pandan w ap etidye kontni leson an epi pwograme lizay tan nan klas la. W'ap bezwen genyen nan men w yon Bib avèk yon diksyonè pou w fè rechèch. Ou dwe bay atansyon w ak vokabilè ki itilize nan leson yo, pou w kapab eksplike mo ou apès ki difisil pou konpreyansyon elèv yo.
2. Pèmèt ke Sentepri a transfòme lavi w epi mete ansèyman tounèf yo anpratik yon fason pou w kapab sèvi yon egzanp pou elèv ou yo.
3. Priye chak jou pou objektif chak leson yo kapab vin yon reyalyte nan lavi disip ou yo. Priye pou nesite espesifik yo chak.
4. Fè kopi fèy aktivite yo bay chak elèv. Konplete aktivite yo depi davans pou w ka abitye avèk egzèsis yo.
5. Prepare materyèl pou klas la depi davans.

6. Fè zanmi ak disip yo, sitou deyò klas la. Leson sa yo genyen pou wòl transfòme lavi moun yo pou ede yo vin sanble avèk Jezi. Chita pale avèk yo pou yo kapab konnen kijan yo kapab aplike ansèyman sa yo nan lavi yo epi pou konnen kòman w kapab ede yo.

## **Kòman nou kapab anseye yon klas?**

Kantite tan pou leson an dire a se 90-120 minit toudepann de kantite elèv ak patisipasyon yo. Si genyen ase kopi liv la, elèv yo ap kapab li leson an depi davans.

Nan devlopman leson an genyen endikasyon pou aktivite yo ke elèv yo patisipe, tankou lekti Biblik, kesyon pou deba oswa egzèsis pou konplete nan Fèy Aktivite yo.

Swa ke yo kapab chwazi etidye yon leson pa semèn oswa yon leson nan de semèn, nou rekòmande distribisyon tan nan fason sa (pou 90 minit klas):

- 5 minit: Byenvini, fè koneksyon avèk leson ki te pase a epi lapriyè ansanm.
- 10 minit: Entwodiksyon tèm leson an.
- 60 minit: Devlopman leson an. Yo rekòmande sèvi ak mwayen vizyèl tankou tablo, grafik, desen, objè, fèy, pami lòt ankò epi ankouraje patisipasyon elèv yo atravè kesyon; chwazi kèk elèv pou prezante yon pati nan leson an, elatriye.
- 10 minit: Pataje temwayaj ak tan pou lapriyè pou dosye ki déjà mansyone nan leson an (defi, sitiyasyon pèsònèl, pwoblèm, objektif, remèsiman, ak anpil lòt ankò).
- 5 minit: Anons, di orevwa ak salitasyon.





# Fwi Lespri Egoyis La

## Leson 1



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konprann kijan lespri egoyis la se rezilta konfli ki nan lavi kretyen an.
- Idantifye pwòp volonte li yo ki kapab kontrè ak pa Kris yo.
- Reflechi sou siyifikasyon bay wayòm Bondye a premye plas sou tout lòt bagay yo.
- Renonse tout dezi ki kontrè ak volonte Bondye yo.



### Materyèl

- Divès Bib oswa Nouvo Testaman nan vèsyon senp yo oswa kopi tèks Jak 5 :17 ak Galat 5:22-23 nan 2 oswa 3 vèsyon senp, tankou vèsyon Langaj Aktyèl la, Bondye pale jodi a, Nouvo Vèsyon Entènasyonal, ak anpil lòt ankò.
- Diksyonè.
- Diksyonè sinonim ak antonim yo.

Nou te aprann nan trimès ki pase a kijan lavi kretyen ki ranpli ak Sentespri a se yon lavi ki toujou ap grandi detanzantan kote l ap aprann viv tankou Kris la. Devlopman sa genyen ladan li aksyon ki transfòme pou resanblans Kris la nan lespri nou, nan afeksyon nou (kè) ak nan konpòtman nou.

Kwasans sa pa fasil paske kretyen ki ranpli ak Lespri a viv lavi li nan mitan de mond ki kontrè ak Kris. Youn nan yo se mond ekstèn nan ke se pou li Jezi te lapriyè pou di ke nou pat tonbe nan move kouran li yo.



## ◦ Mande pou yon elèv li Jan 17: 14-17

Nan lapriyè sa a Jezi te priye pou chak disip li yo pou ke yo te kapab resevwa fòs nan men Bondye pou fè fas ak tantasyon ki toujou prezante nan lavi chak jou yo.

Aprè sa tou, kretyen an genyen anpil lòt batay l ap fè. Se menm mond ekstèn nan, men ki atache ak fason l ap viv la.



## ◦ Mande pou yon lòt volontè li Efezyen 4:22-24

Jan nou te wè a, pwosesis santifikasyon an ki pwodwi nan lavi kretyen an aprè li fin ranpli ak Lespri a, pa sèlman la pou repouse tantasyon ki vini sou deyò, men tou se nan tout lavi a “lespri ki transfòme” pou nou kapab rive genyen yon lespri sanble ak pa Kris la.

### **||| Mande klas la: Poukisa li tèlman enpòtan pou yon moun genyen yon lespri ki sanble ak pa Kris la? |||**

Objektif jeneral trimès sa a se ede nou idantifye kèk aspè peche ki kapab prezan nan fason nou panse ak fason moun ki nan antouraj nou manse, pou nou kapab renonse yo epi aprann panse tankou Kris la.

Nan leson pou kòmanse sa a nou pral fè diferans ant lespri ki panse kòm mond lan de sa ki panse kòm Kris la.

Nou pral idantifye fwi oswa sa ki reflète nan lavi ekstèn moun ki panse nan fason sa a. Aprè sa, nan pwochen leson trimès sa, nou pral analize youn pa youn kèk fwi nan lespri ki kontrè ak pa Kris la, pou pase nan pwochen trimès la fwi lespri ki sanble ak pa Kris yo.

## 1. YON LESPRI KI ANDEZÒD



.....o **Mande pou yon elèv li Jak 3:18 a 4-3**



.....o **Apres sa mande pou elèv yo konplete aktivite 1.**

Nan pasaj sa a Jak di ke nan lespri kretyen an genyen yon bann afwontman ki tankou lagè. Pou dekouvri lagè sa yo itilize mo grèk orijinal ki defini plizyè tigwoup k ap goumen, sanble ak lagè. Se pa yon lagè nan yon kan ki ouvè, kote l ap fasil pou moun idantifye lame lènmi an, se pito yon bann ti anvè k ap koumen kont volonte Bondye epi k ap eseye febli defans espiyèl nou yo.

Li difisil pou nou idantifye ki kote konfli sa yo soti nan lavi nou, sepandan Jak di l byen klè: “nan dezi w yo”, pandan l ap siyale dezi ak bagay nou renmen nan lavi nou yo kòm koupab. Idantifye dezi egoyis sa yo se pa yon bagay ki fasil, men li nesèsè, déjà ke gen kèk okazyon nou konn ap mande Bondye bagay ki bon, men se avèk yon objektif egoyis. Dezi k ap mennen lavi nou an fòme nan lespri nou. Fason mond lan panse a se yon bagay ki egoyis epi bay peche kòm rezilta, nan fè rebèl kont Bondye ak plan li yo. Pèspektiv lespri egoyis mond lan se mwen an.

Li pran desizyon pou lavi li pandan l ap poze tèt li kesyon: Ki avantaj mwen menm m ap jwenn nan sa? Kimoun k ap satisfè bezwen mwen yo? Kilè m ap genyen bagay sa ke mwen vle a? Kretyen ki ranpli ak Sentespri a pa fin libere konplètman anba kalite panse sa yo epi sa kapab rive ke nan kèk okazyon sa kapab rive ke li santi ke lespri li ta vle tounen al fonksyone nan atmosfè sa ki anba motivasyon egoyis ak ògèy. Sèl diferans ki genyen se paske kounye a Sentespri a lite kont enterè egoyis sa yo ki nan lespri nou epi li moutre nou yon nouvo metòd ki fè nou wè lavi avèk lespri Kris la.

Lespri egoyis la se ansyen panse andezòd la, lespri vye nonm nan.



.....o **Mande elèv yo pou yo gade grafik ki nan aktivite 2.**

Dezi k ap gouvènen lespri sa a genyen kat gwo rasin:

- 1. Konplekse:** krent, enkredilite, twòp konfyans nan tèt li. Li toujou demontre li genyen rezon devan tout moun.
- 2. Oto-idolatri:** ògèy, adorasyon pwòp tèt li. Sa a se yon sans de siperyorite, yon eksè otoestim ki ede lòm nan egzajere enpòtans ak diyite li yo. Kòm li renmen tèt li san mezi, li tou pwofite chèche satisfè pwòp tèt li kèlkeswa sa sa ta koute li.
- 3. Oto-gouvènans:** dezobeyisans, rebelyon. Li kontrè ak karaktè enb e avèk konpòtman sèvitè ke Bondye vle kiltive nan noumenm. Li pa vle aksepte koreksyon ak egzòtasyon lè li mal aji, paske li eseye jistifye aksyon li yo, bay eskiz oswa fè maskay pou di ke “sa mwen te fè a se te pou yon bon koz”.

**4. Plezi pèsònèl, ewotis, move dezi yo.** Sa bay parès, epi satisfè dezi chanèl yo, refize disiplin.

Nan kretyen an genyen yon tantasyon ki souvan vle dirije pwòp desten an, kontwòle pwòp mond nou an, pou vin pwòp dye nou. Tantasyon ògèy la ap toujou la pou eseye vòlè plas ke nou bay Bondye kòm Seyè nan lavi nou. L ap eseye mennen nou lwen obéisans Bondye pou ke nou kapab rebran kontwòl pwòp lavi nou. Nan Jak, vèsè 3 li di byen klè ke genyen kretyen ki lage kò yo kote dezi egoyis yo mennen yo, lè sa yo bay Bondye responsab sa. Sepandan, Bondye pa koute kalite lapriyè sa yo, toutotan nou pa konprann poukisa, nou kapab menm rive fache kont Bondye.

Ann gade pa egzanp lis dezi ke yon frè legliz te fè (ekri lis la nan tablo a). Dezi sa yo nan lòd priyorite, sa vle di sa w vle genyen anpremye nan nimewo 1 an youn apre lòt:

1. *Yon pè tenis tounèf*
2. *Yon machin alave pou rad*
3. *Pou m onore Bondye atravè leson antrènman disip mwen yo.*
4. *Yon dezi ki pètinan...*
5. *Genyen konfyans de ke Bondye gen kontwòl pwoblèm yo.*
6. *Yon televizyon tounèf ki pi gwo*

Pou de premye dezi yo se akòz ke li te pase dezan san travay epi li te bezwen sa. Konsa li te santi li wont pou mete onore Bondye a nan twazyèm plas nan lis la olye li te mete li anpremye.

Lè yo te mande li kisa nimewo 4 la te vle di, li pat di kisa li te ye, men se te yon dezi ki te toujou ap fè vaeyen nan lavi li.

Eseye reziste li te vin chanje pou li se te tankou eseye fè rezistans pou pa grate yon bagay k ap pike li.

Li te note nimewo 5 lan paske li te admire kalite sa nan yon zanmi ki nan legliz la epi reyèlman li te anvi genyen konfyans sa zanmi l lan te genyen an.

Sizyèm dezi a te siprann li paske anndan kè li, li te panse li te domine pwoblèm lanmou pou bagay materyèl yo. Men li te rann kont ke jouskaprezan li te anvi genyen plis bagay toujou, konsa li te kontinye ap ranpli paj la epi dekouvri ke nan lis li a ak lespri li yon bann bagay ki bon ak pa bon ki te melanje epi bay konfizyon.

## **2. KISA W ANVI?**

Yon pratik ki bon nan lavi kretyèn nou se lè nou evalye dezi nou yo. Kounye a fè lis dezi pa w yo.



### **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 3.**

Nou pa dwe santi sa fè nou mal si nou ta jwenn nan lis nou an kèk dezi ki soti nan yon lespri egoyis. Sonje byen ke pa genyen okenn nan nou ki pafè, men se nou tout ki nan pwosesis transfòmasyon. Sa ki enpòtan se rekonèt dezi sa yo ki etabli nan lavi nou epi ki fè pati lavi ansyen an epi pran desizyon osijè de sa. Chak fwa nan lavi w, ou rekonèt epi chanje yon bagay pou ke lavi w vin sanble ap pa Kris la piplis, sa vle di w ap grandi.



Chak fwa lè predikatè a rele pou moun al sou lotèl la pou remèt yon bagay nan men Bondye oswa retounen remèt yon bagay ki te soti anba kontwòl Li, se grandi w ap grandi, ou vin ap sanble ak Kris piplis.



**Mande pou yon elèv li Women 7:18-25**

**||| Evite klas la nan yon deba osijè de kesyon sa yo: |||**

- *Ki kalite lespri Pòl dekrive la: èske se yon lespri ki andezòd ki anba dominasyon lachè oswa yon lespri k ap byen fonksyone pa mwayen Sentespri a?*
- *Ki kalite lavi rezilta yon lespri ki andezòd ye?*
- *Ki kalite lavi rezilta yon lavi lespri ki byen òdone ye?*
- *Kijan yon kretyen ki libere anba konfli mantal sa dwe ye dapre chapit 8:1-2?*

**3. LESPRI KI SANBLE AK PA KRIS LA**

**||| Trase lòt grafik la nan tablo a: |||**

	<b>Lespri ki annòd</b>	<b>Lespri ki andezòd</b>
<i>Domine pa</i>	Volonte	Dezi
<i>Deside nan baz</i>	Volonte	Dezi
<i>Dezi yo anba kontwòl</i>	Kris la	Volonte

Yon lespri ki annòd, kòm lespri Kris la, li dwe domine pa mwayen volonte. Kretyen espirityèl la pran desizyon osijè de ki panse k ap ranpli lespri li. Li aprann repouse dezi ki nan lit avèk dezi Kris yo. Li aprann viv lavi li ki motive pa mwayen dezi Kris yo: Dezi Li yo vin pou yo. Kretyen sa fè eksperyans ak yon libète pwogresif sou tout dezi ak panse ki kontrè ak volonte Bondye.



**Mande elèv yo pou yo fè konpetans nan aktivite 4. Apre sa, felisite sa ki te make repons "C". Se Kris ki pran desizyon epi lè nou reponn pou nou dakò soumèt nou devan dezi nou yo, Li bannou dezi ki tounèf menm jan ak pa Li yo.**

**4. KÒMAN LESPRI KRIS LA YE?**

Pou nou libere anba dezi sa yo ki anpeche nou vin tankou Jezi nou bezwen konnen kijan Jezi panse epi ki kote li te fikse enterè li yo, men se sa menm Li vle kiltive nan lavi nou chak. Apre sa nou pral konnen 17 bonte ki fè pati lespri Kris la ke Bondye vle pou pitit ou yo devlope.



**Mande pou elèv yo li Jak 3:13-17**

Nan vèsè sa yo Jak pale osijè de sajès ki soti nan syèl, sa vle di sajès ki soti nan Bondye a. Nan vèsè 17 la li fè yon lis 8 bonte ak tout bagay sa yo reflekte nan karaktè Kris la.

## [[[ Ekri lis la sou kote goch nan tablo a tout bonte Kris la ki nan Jak: ]]]

### Bonte lespri Kris la nan Jak

<i>Sen</i>	<i>Gen mizèrikòd</i>
<i>Pasifik</i>	<i>Pote fwi</i>
<i>Renmen moun</i>	<i>Solid</i>
<i>Bon kè</i>	<i>Sensè</i>

8 bonte sa yo pa dekrive tout panse Kris la, men genyen kèk aspè ki vrèman enpòtan. Bonte sa yo gen relasyon ant yo, youn bay lòt fòs. Kounye a ann gade lòt lis nèf bonte ke Apot Pòl bannou nan Galat 5:22-23. Li san dout ke Kris te genyen Sentespri a abite nan lavi li ak fwi Lespri yo te nan panse li epi yo te fè pati fòm lavi li.



○ **Mande pou yon elèv li pasaj sa. Apre sa, ekri lis bonte Kris la ki nan Galat yo nan pati adwat tablo a epi ak yon koulè ki diferan.**

### *Bonte lespri Kris la*

<i>Nan Jak</i>	<i>Nan Galat</i>
<i>Sen</i>	<i>Lanmou</i>
<i>Pasifik</i>	<i>Kè kontan</i>
<i>Renmen moun</i>	<i>Kè poze</i>
<i>Bon kè</i>	<i>Pasyans</i>
<i>Gen mizèrikòd</i>	<i>Bon kè</i>
<i>Pote fwi</i>	<i>Bonte</i>
<i>Solid</i>	<i>Lafwa</i>
<i>Sensè</i>	<i>Seryozite</i>
	<i>Bon mannyè</i>

## [[[ Mande klas la: Èske lis bonte sa yo ap fè konpetisyon ant yo menm? ]]]

De lis bonte sa yo pa nan okenn konpetisyon ant yomenm. Okontrè, lanmoun an bay kè kontan. Lapè avèk pasyans fin ale. Yo tout fè yon sèl epi youn bay lòt fòs.

Chak timoun ap li bonte sa yo byen konplèt jan yo ye a. Si nou byen obsève n ap wè ke no upa Pòl la, nan Galat, li elaji karakteristik epi nan Jak se adjektif yo ki elaji. Yon fason pou nou kapab melanje de lis sa yo pou nou ka dekrive bonte nan lespri Kris la. Pa egzanp nou kapab di ke Kris te genyen an: lanmou sensè; lafwa solid, pasyans emab, elatriye. Pa genyen konfli pami yo.

Panse Kris la se yon panse ki annòd, entèg, ekilibre. Okontrè, panse ki pa tankou pa Kris la se yon panse ki andezòd.



○ **Mande elèv yo pou yo reli Jak 3:17 ak Galat 5:22-23 nan plizyè vèsyon epi apre sa fè yo konplete aktivite 5.**

## 5. GWO DEZI KRIS LA

### ||| Mande klas la Èske Jezi te eksprime kèk dezi nan kèk okazyon? |||

Ann wè twa deklarasyon ke Jezi te fè:

- A 12 zan li te di: “Se nan zafè Papa m li nesèsè pou mwen ye” (Lik 2:49).
- A 30 tan li te di: “manje mwen se fè volonte moun ki voye m nan, epi reyalize misyon li an” (Jan 4:34).
- A 32 zan li te di: “Mwen desann soti nan syèl la se pa pou m fè volonte pa m, men se pito pou fè volonte moun ki voye m nan” Jan 6:38).



#### ○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 6.

Sèl pasyon Jezi te genyen se te fè volonte Papa li. Depi lè li te genyen douzan li te genyen objektif solid sa nan lavi li epi li pat abandone li. Nan fen ministè li nan nwit avan li mouri a, li te di Papa li nan yon lapriyè: “Mwen te fè yo wè bèl pouvwa ou sou tè sa a. Mwen fè tou sa ou te ban m’ fè” (Jan 17:4). Jous nan dènye moman nan lavi li, li te okipe nan fè volonte Papa li. Li pat genyen okenn dezi anndan kè li ki te motive li pou fè mechanste epi li pat kite okenn lòt dezi ekstèn antre nonplis. Panse Jezi te konsantre nan yon sèl objektif, yon sèl pasyon, yon sèl motivasyon.

Pou ou genyen yon lespri ki menm ak pa Kris la, li nesèsè pou ou domine sou move dezi yo epi sa ap rive fèt se sèlman avèk prezans Sentespri a nan lavi nou. San li, w ap san defans, san li, pi devan w ap sezi wè ou tonbe nan yon pyèj anvè ki kontrè ak volonte Bondye.

Sa ki verite a se ke anpil nan nou te esklav pasyon yo depi lontan epi nou bezwen yon entèvansyon espesyal Sentespri a nan lavi nou pou ke panse Kris la kapab fòme nan lavi nou.

Nan kòmansman klas sa nou pale avèk yon frè ki te fè yon lis dezi li yo. Finalman li te aprann viv anba pwomès Matye 6:33: “Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l’ la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou”, epi lè li te angaje li nan travay Bondye yo, Bondye te fè li jwenn materyèl ki te nesèsè pou travay la. Lè nou tèlman okipe nan pwòp zafè nou ki konn fè nou neglije sèvi Bondye, sa vle di nou mare men Bondye pou li pa kapab travay; men lè nou okipe nan sèvis Bondye yo, li ouvè fenèt nan syèl yo epi pa kite nou manke anyen. Lè nou kòmansè viv tankou Kris epi nou soumèt dezi nou yo anba volonte Bondye, n ap dekouvri kijan Bondye ap kontan pou li angaje li nan sèvis pa nou yo.



#### ○ Envite elèv yo fin konplete aktivite 7 la epi mande Bondye sekou nan lapriyè avèk èd yon kamarad klas la.



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Diyite:** Se yon kalite pèsònèl ke yo konsidere li bon avèk onèt.
- **Bonte:** Tandans ke yon moun genyen lè li konpreyansif, toleran oswa konpasif.
- **Mizèrikòd:** Enklinasyon pou gen konpasyon vè soufrans ak erè san sans yo nan doktrin kretyèn nan, se karakteristik ki soti nan Bondye ki pèmèt moun padone youn lòt epi bay peche yo solisyon ak soufrans kreyati li yo.
- **Kè poze:** Nati lapè ak trankil.
- **Bon manyè:** Bonte ki genyen rezèv nan plezi ak pasyon yo.



## Rezime

Panse kretyen ki ranpli ak Sentespri a dwe konfòme li ak panse Kris la. Sa se yon pwosesis netwayaj ki dousman kote ke, kretyen an idantifye dezi lavi ansyen yo ki rasinen nan lavi li epi ranplase yo pa dezi Kris yo avèk èd Sentespri a.

Lespri kretyen ki dakò pou mache anba dezi ak panse lavi avan li vin sove, li pap gen kè poze ak lòd. Yon panse ki annòd menm jan ak pa Kris la, se sa kote volonte a domine sou panse ak dezi yo. Se yon panse ki vle remèt li totalman kote sèvi Bondye se plan nimewo en nan lavi li.

Leson trimès sa yo ap ede nou idantifye move dezi yo ki koumanse anndan pou soti deyò lavi nou, kote nou bezwen renonse pou ranplase yo pou sèl dezi Kris la: fè volonte Papa a nan mond sa.



# Fèy Aktivite yo


## AKTIVITE 1

### Reponn kesyon sa yo

1. Èske w te mande Bondye yon bagay kèk fwa pou kèk motif egoyis? \_\_\_\_\_
2. Si w reponn wi, mansyone kèk nan bagay ou te mande yo. \_\_\_\_\_
3. Èske w sonje kèk fwa w konn genyen kèkpanse ki t'ap lite nan lespri w? \_\_\_\_\_
4. Si respons ou a se wi, dekrive lit sa ak kèk ti mo. \_\_\_\_\_

## AKTIVITE 2

### Grafik : Tandans k ap gouvène nan lespri andezòd la



**Ekri yon lis dezi w yo, pandan w ap kòmanse nan sa w plis renmen an. Apre sa, reponn kesyon yo.**

- |          |           |
|----------|-----------|
| 1. _____ | 6. _____  |
| 2. _____ | 7. _____  |
| 3. _____ | 8. _____  |
| 4. _____ | 9. _____  |
| 5. _____ | 10. _____ |

1. Èske nan lis sa genyen dezi ki kontrè? \_\_\_\_\_
2. Konbyen nan dezi sa yo volonte w domine? \_\_\_\_\_
3. Konbyen nan dezi sa yo se pou w bay Bondye glwa ak onè? \_\_\_\_\_

## AKTIVITE 4

**ǃKilès nan fraz sa a yo ki dekrive sa yon moun dwe fè pou l libere anba dezi ki kontrè ak volonte Bondye yo? Make youn.**

\_\_\_ *Mwen elimine nan lis mwen an tout dezi ke lòt kretyen yo pa apresye epi mwen ranplase yo avèk dezi “yo dakò yo”.*

\_\_\_ *Mwen chita ap tan pou Bondye transfòme move dezi yo epi fè mwen vin moun li vle mwen ye a.*

\_\_\_ *Mwen abandone dezi egoyis yo epi pèmèt ke Kris ranplase sa k ap fè mwen sanble avèk Li yo.*

## AKTIVITE 5

**Mwen travay angwoup de 3-5 patisipan.**

Pi devan nan aktivite sa n ap wè kote yo fè lis bonte ki nan panse Kris la. (Li nan divès vèsyon vèsè yo ki nan Galat 5:22-23 ak Jak 4:17 epi ekri yon oubyen 2, oubyen 3 ki dekrive sa ki kontrè a chak diyite, sa ki monden, sa ki gen pou wè egzaktman avèk lespri ki andezòd la). (Si w genyen dout sou siyifikasyon an, chèche nan yon diksyonè oswa yon diksyonè sinonim ak antonim).

**Diyite ki sanble ak pa Kris la**

**Lespri ki kontrè ak Kris la**

Sen

Pasifik

Renmen moun

Bon kè

Gen mizèrikòd

Pote Fwi

Solid

Sensè

Lanmou

Kè kontan

Kè poze

Pasyans

Bon kè

Bonte

Lafwa

Seryozite

Bon mannyè

## AKTIVITE 6

**Kisa ki te gran pasyon oswa gwo dezi Kris la? Make youn.**

\_\_\_ *Jezi te vle gen anpil fanatik oswa popilè epi fè moun plezi.*

\_\_\_ *Jezi te vle fè volonte Papa a epi fè Li plezi.*

\_\_\_ *Jezi te vle fè sa ki fè tèt li plezi.*

## **AKTIVITE 7**

**Make ki kote w ye kounye a nan lis sa, ki kote w ye nan pwosesis de ke Kris fòme lespri li nan ou:**

- A - Kris la mete yon dezi nan mwen pou m sanble avèk Li.
- B - Mwen bezwen èd pou m idantifye move dezi yo nan lavi mwen.
- C - Mwen vle renonse move dezi ki kontrè ak Kris yo.
- D - Mwen vle genyen pi gwo dezi nan lavi mwen pou m sèvi Bondye jan Kris te fè l la.
- E - M ap kiltive dezi esprityèl yo epi chèche pou Kris la gouvènen nan tout bagay.
- F - Mwen genyen menm anvi ke Kris te genyen yo nan lavi mwen.

## **LAPRIYÈ**

*Seyè Bondye mwen, m ap mande w pou w fè sa w dwe fè nan lavi mwen pou w mete dezi mwen yo nan lòd. Mwen konprann ke volonte w se wè dezi mwen yo menm jan ak pa Kris la. Ede m pou mwen kiltive bonte sa yo nan lavi mwen epi poum abandone tout panse ak dezi k ap goumen kont volonte w.*

## **LEKTI KI REKÒMANDE YO**

- *Matye 6:25-34*
- *Matye 15:1-20*
- *Matye 16:21-28*
- *Matye 21:33-46*
- *Jan 17*







# Jalouzi ak Move Lanvi

## Leson 2



### Objektif lesan an

*Se pou elèv la...*

- Konnen nivo oswa etap jalouzi yo menm jan ak konsekans ijan ke yon kè ki genyen move lanvi pwodwi.
- Reflechi sou enpòtans ak priyorite pou pa retire zye yo sou Nonm Pafè a: Jezikris epi analize chak entansyon chak aksyon nou yo nan limyè egzanj li.
- Pèmèt ke Sentespri a netwaye zòn ki gen entansyon ak motivasyon an nan lavi li.
- Pratike pawòl ki onèt de elòj oswa fè lwanj pou tèt li ak pou lòt moun.



### Materyèl

- Tablo
- Bib
- Ti kado pou bay kèk elèv. Panse ak yon bagay ki pou atire atansyon rès gwoup la tankou: chokola, plim, kat pou fè moun konpliman, oswa lòt ankò.

**[[[ Kòmanse klas la pandan w ap distribye ti kado yo epi di yon bagay tankou sa: “Nou te chwazi yon gwoup nan klas la pou nou te bay yon ti rekonesans espesyal”. Mande pou rès klas la bat bravo pou yo epi fè yon kanpe byen sèk pou w obsève kijan elèv ou yo ap reyaji. Apre sa, mande yo: “Kòman nou te santi nou lè nou pat resevwa kado pa nou?” ]]]**

**[[[ Apre sa, poze klas la kesyon an epi ekri repons yo sou tablo a, Kisa move lanvi a ye? Ekri repons yo epi apre sa fè yon rezime ak tout pou w fòme yon sèl fraz. Apre sa mande yo si yo dakò ak rezime w fè a. ]]]**

Salomon rele move lanvi a “maladi k ap konmen nanm nan” (Pwovèb 14:30); William Shakespeare te rele li: “maladi vèt la”. Aristòt te rele move lanvi a “peche kont frè a”; nan Nouvo Testaman yo mansyone li kòm youn nan “fwi lachè yo” (Galat 5:19-21). Move lanvi a se pa yon emosyon ki emab, men se pito agresif. Kèk fwa li difisil pou nou rekonèt move lanvi a nan lavi nou epi sa nou fè a se kache li nan lòt emosyon oswa jistifye li.



.....◦ **Mande elèv yo pou yo konplete Aktivite 1 ak 2.**

Nou tout nan kèk moman oswa sou kèk fòm nou fè eksperyans ak santiman sa ki rele jalouzi a. Ebyen, jous ki kote sa kapab pèmèt? Nou pral wè nan leson sa a ke jalouzi yo kapab bon epi sen oswa rive vin tèlman mal li kapab menm detwi moun ak relasyon yo.

### **1. KÒMAN NOU KAPAB DIFERANSYE JALOUZI KI BON AN DE SA KI MAL LA?**

Mo jalouzi nan Bib la nan tradiksyon lang ebre a se ganna epi nan grèk la se celos. Vèb ganna transmèt lide “vin wouj bwen”. Siyifikasyon li asosye ak koulè wouj la ki moutre figi yon moun k ap bay aparans kòm si l ap boule, sa nou rele jodi a “transfòme oswa chanje koulè” epi ki pase lè emosyon yo fè mal, pasyon an oswa jalouzi a ap debòde, epi anvi a vin fò. Santiman pasyon sa kapab asosye ak yon bagay oswa yon moun.

Santi pasyon pou yon moun oswa yon bagay se pa yon bagay ki mal, se yon bagay ki nan pwòp nati nou. Sa ki fè diferans ak move jalouzi a se motif ki deklannche reyaksyon pasyon sa. Jalouzi yo kapab vini dirèk oswa endirèk dapre nati kè moun nan. Pa egzanp: tonbe damou se yon bon santiman ki fè nou rive pran angajman pou nou marye epi fè pitit. Men si

yon gason oswa fi ki deja marye tonbe damou pou yon lòt moun, sa a pa bon, paske pasyon sa depase limit ke Bondye te etabli a.

## 2. JALOUZI SEN AN

Yo pale nou de de kalite jalouzi nan Bib la. Jalouzi sen an avèk jalouzi ki gen peche a.

Jalouzi ki sen an se devosyon, konsekrasyon, se genyen pasyon pou yon bon koz, yon bon objektif oswa moun kòrèk la.



○ **Mande pou kèk volontè li pasaj sa yo:**  
**Nonb 25:11, Egzòd 20:5 y 34:14, Detewonòm 4:24 y 6:15. Apre sa, mande yo: De kimoun pasaj sa yo pale? Epi pou kiyès Bondye fè jalouzi??**

Si Bib la di nou ke Bondye santi jalouzi, kidonk santi jalouzi se pa yon bagay ki mal; toutotan li rive fèt pou yon koz. Jalouzi Bondye yo pou pèp Izrayèl la se menm jan ak jalouzi yon mari santi pou madanm li. Jalouzi sa se paske Bondye vle pou legliz li a rete fidèl avèk Li, kote ke kalite jalouzi sa se yon konsekans lojik ki soti avèk lanmou. Ki mari ki renmen madanm li, oswa madanm ki renmen mari li, pou pa ta gen ti jalouzi youn pou lòt? Jalouzi Bondye a sen epi sa fè pati karaktè li menm jan ak lanmou e jistis li. Jalouzi li a te fè li rive bay sa ki plis enpòtan ke Li te genyen pou l te kapab rekipere legliz li epi pèmèt li devlope tout kapasite li.

Pitit Bondye a tou de montre kijan li jalou lè Li te vide atè tout machandiz moun ki t ap vann nan tanp lavil Jerizalèm nan (Lik 19:45-48). Tit 2:14 di nou ke *“Jezikris te asepte mouri pou nou pou li te ka delivre nou anba mechanste, pou li te fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen.”* Bondye vle pou pèp li a jalou nan sans pou yo angaje yo nan mond sa nan akonplisman misyon yo, zèv ki moutre lanmou Bondye pou moun ki nan nesosite yo.

Jalouzi sen sa soti nan Bondye epi li bon paske li ankouraje moun vin vrè adoratè, prepare pou fè volonte Bondye, pou sèvi lòt moun avèk jwa.



○ **Mande elèv yo pou yo reyalize aktivite 3.**

## 3. JALOUZI KI GEN PECHE A:

Jalouzi ki gen peche a oswa negatif la nan Bib la li pote non move lanvi oswa jalouzi. Nan ka sa li se yon jalouzi ki chanèl paske moun ki jalou a oswa gen move lanvi a fikse je li sou pwòp tèt pa li sèlman, finalman li pa tolere anyen, ni pèsòn ki kapab eseye pran plas li oswa kapab sèvi yon bon travayè.

Move lanvi a soti anndan yon kè ki gen lanbisyon. Lanbisyon sa kapab fè li anvi genyen anpil byen materyèl, fanatik, lanmou, kapasite oswa talan, bote, pou li jwenn “adorasyon tankou yon dye”, oswa foli pou li genyen pouvwa ak otorite; sa vle di genyen anvi pou li domine sou tout bagay ak tout moun totalman.



◦ **Ann gade kèk egzanp nan aktivite 4. Pou aktivite sa a, toudepann de kantite elèv yo, ou kapab bay chak elèv youn, oswa divize yo fè plizyè ekip epi distribye travay bay yo chak. Epi apre sa, mande yo pou yo pataje repons yo a bay rès klas la.**

Move lanvi a se chanèl paske se egoyis ki pwodwi li ki se rezilta lachè epi yo kontrè ak lanmou Bondye paske y ap chèche satisfè bezwen ki pa kòrèk... Santiman ak panse ki debòde sa yo egzije nou pile teren ki danje. Move lanvi a se yon peche grav ki rale lòt pi gwo peche tankou remò, rayisman e menm ansasinen.

#### **4. KISA FWI MOVE LANVI YO YE?**

Move lanvi a pa pwodwi anyen ki bon. Move lanvi a kòwonpi ak detwi moun. Ann gade fwi li yo:

##### **Tribilasyon toutan**

Move lanvi a pwodwi ensatisfaksyon ki se yon kondisyon tribilasyon dirab. Moun ki gen lanbi a pa janm rive satisfè de moun li ye a, ak sa li fè ak sa li genyen. Poutèt sa, moun sa yo pa janm gen kè kontan, yo toujou gen lanbisyon, dezespwa li a fè li vin deprime.

##### **Detwi relasyon yo**

Nan Nouvo Testaman, move lanvi a se kontrè lanmou, epi kòm konsekans li se lènmi nimewo en vrè kominyon kretyèn nan (1 Korentyen 13:4).

Moun ki genyen move lanvi a manifeste mekontantman li epi avèk sa li fè lòt moun rete lwen li. Pwòp egoyis li pa pèmèt li kontante li nan siksè zanmi l yo, konsa li kritike fot lòt moun yo avèk anpil severite epi lage yo nan lari. Lè li vin rive yon lidè nan legliz la, l ap kanpe King pou pa kite lòt lidè devlope paske li pè pou lòt lidè a pa “depase li” avèk talan li genyen. Moun ki gen move lanvi yo riske pèdi pi bon zanmi yo, epi rive kenbe fanmi ak konpayèl travay li yo nan kè.

Kè ki genyen move lanvi a anpeche nou renmen lòt moun avèk Bondye reyèlman, paske vrè lanmou an vle wè byennèt lòt moun, pandan setan moun ki gen move lanvi a santi li atriste lè lòt moun ap fè pwogrè. Move lanvi a anvi genyen sa l wè lòt moun genyen: zanmi, byen materyèl, travay, lekòl, pwen nan lekòl, fanmi, elatriye. Epi pou li rive genyen bagay sa yo li ka fè nenpòt ki bagay ki nesesè.

Moun ki gen move lanvi a fè lòt moun souffri, li blese santiman yo lè li minimize siksè yo fè.

##### **Pwoblèm oto-estim nan ogmante**

Moun ki gen move lanvi a souffri pwoblèm oto-estim ba, sa vle di li panse de li mal paske li pa bay tèt li valè ke Bondye ba li a. Pliske li fè tout tan li ap konpare tèt li ak lòt moun, se raman li rive genyen akòz de move konsèp li genyen de pwòp tèt li.

Li eseye santi li byen epi ekilibre oto-estim li pandan l ap jwenn ak siyale fot lòt moun, sa vle di retire valè nan sa moun ye ak fè. Menm konsa, moun ki gen move lanvi a fini pèdi, epi li kapab fè nenpòt bagay pou li detwi moun sa ki genyen sa li vle a. Menm jan ak Kayen, gen

kèk moun ki konn rive touye lòt moun pandan yo panse ke konsa y ap rive etenn santiman ensatisfaksyon sa ak pwòp tèt yo a (Jenèz 4 :4-8).

Istwa ki pi devan an pral ede nou konprann oto-destriksyon santiman sa kapab pwodwi si nou kite li grandi nan kè nou: Yo rakonte istwa de malfini. Gen youn ki te kapab vole pi wo pase lòt la epi konpayèl li a pat renmen sa ditou.

Sa te rive yon jou kote sa ki pat ka vole wo a te pale ak yon chasè epi li te mande l pou l touye konpayèl li a. Chasè a di li se tap yon gran plezi pou l ta fè sa men se si l te genyen plim nan flèch li yo. Menm kote a li fè prese li rache de plim li nan zèl li yo lonje bay chasè a. Chasè a lanse flèch li yo men li pat touye malfini ki te vole pi wo a. Konpayèl ki gen move lanvi a te kontinye ap rache plim jouskaske alafen li te tèlman rache plim li pat kapab vole menm, epi chasè a te pwofite touye malfini sa ki pat kapab vole a.

Moun ki gen move lanvi a, menm jan ak malfini nan istwa a, se yon moun ke plis l ap fè lòt moun mal, se pwòp tèt li l ap detwi.

## Move lanvi a fè kè nou malad

### Li Jak 3:14-16

Move lanvi a pwodwi afliksyon, remò, oto-rayisman ak lòt moun tou, e menm rive rayi Bondye limenm ke nou kapab akize paske Li pa bannou sa nou vle a. Move lanvi a se yon gwo defisi pou enèji mantal, fizik ak emosyonèl.

## Move lanvi a anpeche kretyen an grandi



### Mande pou yon elèv li 1 Korentyen 3:3

Nan pasaj sa a li klè ke move lanvi a se fwi lavi nan lachè a. Moun ki gen move lanvi a manifeste ògèy, “sans pou vante tèt li”, li kwè se li menm ki pi bon, li kwè ke se sèl li ki kapab fè bagay yo byen epi gen tandans minimize lòt moun lè li konsidere yo tankou pa itil ak san kapasite. Moun ki gen move lanvi a gen foli grandè, li pa dakò resevwa èd epi li vle pou li pibon nan tout bagay, se poutèt sa li genyen anpil difikilte pou li travay angwoup. Pyè fè nou sonje nan 1 Pyè 2 :1-2 ke li nesèsè pou nou rejte move lanvi pou nou kontinye grandi nan lavi kretyèn nou.



### Mande pou elèv yo konplete aktivite 5.

## 5. KI REMÈD KI BON POU KÈ KI MALAD AK JALOUZI E MOVE LANVI?

Nan Mak 7 :20-23, Seyè Jezi te di ke se nan kè a tout mechanste ak move lanvi yo soti. Sèl moun ki kapab chanje kè nou se Seyè a. Sentespri a vle ranpli tout pati ki nan lavi nou epi pirifye kè nou.

**Metè fen ak yon lapriyè repantans. Se pou nou mande netwayaj pou panse ki gen move lanvi yo epi se pou yo tout ranplase pa lanmou Bondye. Mande Seyè a pou li anseye nou wè lòt moun menm jan Li wè yo a. Ankouraje klas la mete aktivite ki rekòmande pou semèn nan anpratik.**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Jalouzi yo:** Jalouzi yo se santiman enkonfòm ki pwodwi akòz de pè pou moun nan pa pèdi yon bagay li genyen oswa akòz li anvi yon bagay ke lòt moun posede. Li kapab santi jalouzi pou yon pwòch, yon objè, yon sitiyasyon nan lavi, ak anpil lòt sikonstans ankò.
- **Move lanvi:** Se anvi pou genyen sa lòt moun posede, li kapab yon bagay materyèl, lanmou, respè, onè, bote, pèsonalite, ak anpil lòt ankò.



## Rezime

Move jalouzi yo avèk move lanvi yo pa soti nan yon kè ki pwòp, men se pito nan yon kè ki egoyis, ki pa kite Kris pirifye li atravè Sentespri li. Men nou dwe rekonèt ke genyen yon jalouzi sen ki soti nan Bondye epi ki ankouraje nou angaje nou avèk anpil lanmou pou nou travay nan lèw li a. Jalouzi sen sa a se fwi lanmou ki sen an. Se sèl Bondye ki kapab netwaye nou de egoyis ki fè nou fè lanvi pou sa lòt yo genyen epi fè nou lib pou nou viv ak kè kontan epi rekonesan pou sa Bondye bannou chak jou nan bonte li.



## Fèy Aktivite yo


### AKTIVITE 1

**Kisa w panse de deklarasyon sa ke Martín Daly ak Margo Wilson te fè (nan Inivèsite McMaster) osijè de jalouzi yo avèk move lanvi a?**

*“Tout moun ki plonje nan yon relasyon enpòtan gen pou eksperimente li byen souvan”*

### AKTIVITE 2

**Anndan tablo sa, mete nan yon wonn bagay sa yo ki te motif move lanvi nan lavi w.**



### AKTIVITE 3

#### Egzanp Biblik sou jalouzi sen an.

Pasaj	Moun ki te santi bon jalouzi oswa sen	Kisa ki te motif jalouzi li a?
Sòm 69:9a		
2 Korentyen 11:2		

### AKTIVITE 4

#### Egzanp Biblik sou jalouzi ki genyen peche.

Pasaj	Kimoun?	Kisa ki te lakoz moun sa?
Jenèz 4:1-8	Kayen	
Jenèz 30:1	Rachèl	
Jenèz. 37 :5-11	Pitit Jakòb yo	
Sòms 73:3	David	
Mak 15:10	Sakrifikatè yo	

### AKTIVITE 5

#### Tès: Èske mwen gen lanbisyon? Ekri wi oswa non devan chak kesyon (sonje ke ou dwe onèt):

Èske w te panse oswa di kèk bagay konsa kèk fwa?

\_\_\_ “Mwen vle sa w genyen nan epi mwen pa vle pou w genyen li”.

\_\_\_ “Mwen vle pran sa w genyen an epi, si mwen pa kapab, mwen prefere kraze li pou ni mwen ni ou pa genyen li”.

\_\_\_ “Li merite sa l ap andire a”.

\_\_\_ “Pou kisa mwen pa kapab genyen sa detanzantan?”

\_\_\_ “Yo tout miyò pase mwen”.

Èske w te fè yon bagay konsa?

\_\_\_ Èske toujou ap konpare tèt ou avèk lòt moun?

\_\_\_ Èske w kontan lè lòt moun pran echèk?



- \_\_ Èske w kritike siksè, talan oswa aparans lòt yo?
  - \_\_ Èske w toujou jwenn defo nan lòt moun?
  - \_\_ Eske w konn pran lapenn pou pwòp tèt ou?
  - \_\_ Èske kontan lè w wè lòt moun ap jwi sa w pa kapab?
  - \_\_ Èske li difisil pou w rekonèt echèk ou yo?
  - \_\_ Èske li difisil pou w felisite moun ki fè siksè?
  - \_\_ Èske w vle toujou premye ak pi bon pase tout moun?
  - \_\_ Èske w renmen pale de ou avèk lòt “ki pi mal yo”?
  - \_\_ Èske w vle toujou genyen plis pase sa lòt moun posede?
  - \_\_ Èske w se yon moun jalou epi ou nye sa?
  - \_\_ Èske w konsève enfòmasyon sèlman pou benefis pèsònèl, olye pou benefisye lòt moun?
- Si pi fò repons ou yo se wi, ou bezwen geri de jalouzi yo avèk move lanvi a.

### **AKTIVITE POU SEMÈN NAN:**

- a. Di Bondye mèsi pou sa li ye ak sa li genyen epi pral ye e ke Seyè Jezi pral genyen. Ou dwe enb pou w rekonèt ke se pa mwayen gras li ke w genyen sa w genyen an. Pa mezire siksè w pandan w ap konpare w avèk lòt moun yo.
- b. Mande Bondye pou li ede w rekonèt siksè lòt moun. Rekonèt efò ke li te reyalize pou siksè y ap jwi jodi a.
- c. Di Bondye mèsi pou sa li bay lòt moun. Pa pèmèt pou move lanvi a detwi lajwa, satisfaksyon ak plan Bondye pou lavi li.
- d. Felisite moun yo avèk senserite, kòmanse avèk pwòch ou yo, zanmi ak frè nan Kris yo.

### **LEKTI KI REKÒMANDE YO:**

- Pwovèb 27
- Lik 15:11-32
- Travay 5:17-42
- Travay 13:13-52
- 1 Tesalonisyen 1:1-10





# Kimoun W Ap Bay

## Kontwòl Avni W?

### Leson 3



#### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Idantifye pratik adivinasyon sa yo ki gen relasyon ak maji.
- Reflechi sou danje ki prezante pou kretyen an patisipe nan aktivite yo.
- Evalue lavi w pou w idantifye nenpòt nan pratik sa yo nan tan pase oswa prezan epi renonse yo.



#### Materyèl

- Divès Bib oswa Nouvo Testaman nan vèsyon senp yo oswa kopi tèks Jak 5:17 ak Galat 5:22-23 nan de oswa twa vèsyon senp, tankou vèsyon Langaj Aktyèl, Bondye Pale Jodi a, Nouvo Vèsyon Entènasyonal, ak lòt ankò.
- Fèy blan pou w distribye bay elèv yo pou yo fè desen nan Aktivite 2.
- Imaj oswa desen ki reprezante kwayans popilè sou Satan pou konpare avèk desen elèv yo (yo kapab enprime oswa pou pwojte).

**||| Kòmanse klas la pandan w ap mande elèv yo: Kisa moun plis li nan mond lan chak jou, Bib la oswa Owoskòp? Mande pou yo vote. Apre sa bay repons lan: Owoskòp. |||**

Genyen plizyè milyon moun nan mond lan ki konsilte owoskòp chak jou epi bay divinò lajan yo, pandan yo inyore fòs mal ki kache dèyè abitud sa yo ki sanble inosan.

Nou pral itilize lesou sa pou nou devwale kèk mal konpreyansyon ak move konsèp ke moun yo genyen sou Satan ak demon yo. Nan pwochen lesou an nou pral kontinye pale sou pratik maji yo k ap fin anvayi mond modèn nan.

## Etib Biblik

### 1. KRETYEN AN AP VIV NAN MITAN YON BATAY PWISANS.

Anpil kretyen tonbe lè y ap eseye grandi nan lavi espiyèl yo akòz paske yo genyen move konsèp osijè de kòman pwisans mal k ap eseye bloke devlopman espiyèl yo a fonksyone.

#### Èske Satan reyèl?

Premye erè a se kwè ke aktivite demon yo fini nan tan n ap viv la, sa vle di key yo pa nan sèvis menm jan ak nan epòk Jezi a.

Nan Efezyen 6:12 apot Pòl di konsa: *“Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k’ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a.”*

Pandan ministè Jezi ak apot yo, byen souvan Satan avèk demon li yo te konn soti al fè fas kare avèk yo. Kòman yo te fè li? Atravè moun yo te abite nan kò yo. Sa pa dwe fè nou sezi paske Jezikris te vini pou mete fen nan zèv Satan an (1 Jan 3:8).

Depi nan menm jou Bondye te kreye premye koup lòm nan (Jenèz 3) epi jouk jounen jodi a, Satan pran kòm responsablite li pou detwi lèzòm. Kòman li fè l? Nan twonpe, bay manti, simen dout sou Pawòl Bondye nan kè nou, nan fè pwomès pou bay pouvwa, lajan, lanmou, fanatik, pou moun k ap sèvi li yo. Manipile mwayen kominikasyon yo pou moun kapab pè epi ankouraje lèzòm detwi tèt yo lè li fè yo kwè ke yo genyen dwa pou yo satisfè dezi egoyis yo nenpòt pri li ta koute a.

Li se yon ekspè tou nan falsifye. Li maske, sa vle di, li pran fòm zanj yo, oswa moun ki mouri, pou konfonn ak devye atansyon moun Jezi yo, sèl Sovè a. li fò nan itilize distraksyon, sa vle di, bagay ki pran tan nou, kapasite ak enèji, olye pou moun nan ta sèvi ak bagay sa yo pou chèche Jezi, aprann anpil bagay de Li ak sèvi Li.

## ||| Mande klas la: Ki non moun yo itilize pou yo fè referans ak Satan? Pandan lesan an ap kontinye, ekri lis la nan tablo a epi apre sa mete non nou jwenn nan Bib la yo. |||

Nou genyen anpil afimasyon nan Ansyen ak Nouvo Testaman deke objè espiyèl sa yo sèvi ak pwisans yo anpil pou yo enflyanse lèzòm pou yo kapab viv kontrè ak volonte Bondye. Apot Pòl fè nou konnen ke pwisans espiyèl sa yo kontinye ap travay jouk jounen jodi a. Chak jou pi plis mouvman modèn nan, satanis ak maji a kontinye ap valè plis teren nan mond nou an. Anseyman Biblik la klè epi fè nou gen konesans sou objè espiyèl yo ki reyèl epi ki kontrè ak volonte Bondye. Lespri sa yo genyen Satan kòm lidè prensipal yo, li menm ke Jezi te rele “prens demon yo” (Matye 12:24). Zanj sa ki se lènmi Bondye resevwa plizyè non nan Bib la: dyab, dragon, sèpan ansyen, Baal Zebid ak Abadon oswa Apolyon, ki vle di destriktè (Revelasyon 9:11).

### **Ki kote li te soti? Ezekeyèl 28:1-19**

Bib la pa etabli orijin move lespri sa yo avèk presizyon, men si nou genyen enfòmasyon ase pou demontre ke demon yo se zanj tonbe anba dominasyon Satan. Nan liv Ezekeyèl, Bondye te voye mo avètisman yo kont wa peyi Ti a. Nan pasaj sa a yo konpare ògèy T isa T ia sa youn nan zanj prensipal Bondye yo te genyen limenm ki te ranpli ak ògèy epi te vle pran plas Bondye.



### o **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 1 ak 2.**

## **2. KILÈS DEMON YO YE?**

Atravè Bib la nou dekouvri ke Satan pa travay poukont li, nou wè ke kote li di ke genyen anpil zanj ki t ap swiv ak sipòte li (Matye 25:41). Zanj yo avèk demon yo sanble anpil nan nati yo. Yo pap viv nan yon kò ki genyen san, chè avèk san tankou nou. Yo envizib devan zye nou, menm si yo kapab parèt klè pou nou wè kèk fwa. Men zank avèk demon yo diferan. Zanj yo obeyi Bondye epi sèvi li. Demon yo eseye antre nan gason ak fanm pou kontwole ak itilize yo kont Bondye ak pèp li a. Yo konn parèt vizib nan kèk okazyon. Yo kapab parèt tankou zanj ki antoure avèk limyè epi bèl vizaj (2 Korentyen 11:14) oswa bagay ki toujou la pou fv moun pè (Revelasyon 9:7-10, 17; 16:13-16).

Demon avèk zanj yo se “moun”. Yo pote non tankou “Lejyon” nan Lik 8:30. Yo genyen kapasite pou yo fè dyalòg, bay manti, twonpe. Yo rekonèt idantite lòt moun, tankou Kris la (Mak 1:23-24). Yo santi krent epi yo tranble devan jijman Bondye a (Lik 8:28; Jak 2:19). Yo genyen volante ak volonte pèsònèl, se sak fè yo te kenbe tèt ak Bondye.

Zanj yo avèk demon yo òganize yo pa klas menm jan ak lame yo, menm jan sa mansyone nan Efezyen 6:12, genyen move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k’ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a ki genyen plizyè gwoup demon anba dominasyon li?

Kisa ki genyen kòm verite nan sa ki gen pou wè ak pwisans demon yo pou enflyanse lèzòm? Nan dezyèm pozisyon erè ke anpil moun toujou fè se lè yo kwè ke yo pa kapab enflyanse kretyen yo avèk aktivite y ap mennen yo. Bib la devwale ke Satan avèk akolit li yo ki la pou obeyi lòd li yo, yo genyen pwisans epi itilize li pou detwi sa Bondye te kreye epi pou twouble bon plan ke Bondye te genyen pou limanite.

Ann gade kèk karakteristik demon yo genyen:

- a. Yo genyen entèlijans ak pwisans sinatirèl (Ezekyèl 28:12).
- b. Yo gen kapasite pou yo devlope plan mekanste yo a nan espas lokal ak mondyal (Efezyen 6:11-12; 2 Korentyen 2 :11).
- c. Yo kapab egzèsè enfliyans epi kontwole lèzòm (Travay 19:14-16).
- d. Yo fè gwoup, menm jan avèk mesye ki te posede ak plizyè milye move lespri yo (Mak 5:1-4), yo menm touswit apre ki te atre nan de mil kochon (Mak 5:12-13).
- e. Yo kapab tèlman toumante yon moun jous yo rive fè li touye tèt li (Revelasyon 9:13-19).
- f. Yo kapab fè mirak pou twonpe moun (2 Tesalonisyen 2:9), menm si se avèk pwisans ki limite, menm jan ak sa ki te pase nan wayòm Farawon an pou te eseye imite mirak Moyiz yo (Egzòd 8:5-7 ak 9).
- g. Yo kapab travèsè baryè materyèl. Yo kapab pase nan lespas paske yo pa gen kò fizik ki limite yo (Jòb 1:7).

Mechanste a rive etabli nan twa nivo. Premye a se nan kè lòm. Sa se mal pèsònèl la.

### Trase yon tablo: Twa nivo kote ki genyen mekanste ki nan paj sa.

#### Mande klas la: Kimoun ki responsab peche oswa mekanste ke lèzòm komèt yo?

Tò a se pa pou demon yo, men se pito pou moun ki deside kontinye nan chemen mekanste a. Bib la di ke nou pa inosan, pou Bondye fv nou responsab tout peche nou komèt avèk pwòp entansyon nou.

Nan dezyèm nivo kote li etabli li se nan sosyete a, epi ki pote non mal estriktirèl. Sa a se mekanste pran nesans nan moun ki genyen move kè pandan y ap travay ansanm. Pa egzanp mal estriktirèl manifeste nan kòripsyon, nan eksplotasyon travayè, nan fè enjistis nan kontribisyon resous piblik yo, nan vyolans nan enstitisyon yo, nan esklavaj, nan eksplotasyon seksyèl, nan matchis, nan lalwa k ap sipòte sa Bondye rejte, tankou avòtman, touye moun, ak anpil lòt ankò. Si mekanste a pa ale pi lwen nan sosyete a se akòz de enfliyans ak ansèyman legliz la.


Twazyèm nivo mal la se mond tenèb la, moun ki adore yo, ki sèvi oswa asosye yo avèk demon yo. Sa a se nivo kote Satan te domine konplètman, men jouskaprezan moun sa yo ki te deja fè alyans avèk demon yo kapab vin lib si yo vle l konsa pa mwayen pouvwa Jezikris.

Nou menm kretyen yo nou konsyan ke pouvwa mal sa a egziste nan mond lan epi ki se yon sous tantasyon abondan pou lavi nou. Nou pa dwe inyore ke Satan ap obsève nou, li pat kapab devye Kris nan misyon li a, men kounye a li genyen opòtinite avèk nou ke li vle pwofite. Pi gwo estrateji Satan se atake konfyans nou nan Bondye ak nan Pawòl li, nan tante nou pou nou kapab tonbe nan pati kote nou fèb yo. Li eseye detwi relasyon matrimonyal yo, li tante detwi inite legliz la nan pwodwi jalouzi, enkonpreyansyon, rivalite, rankin, fistrasyon; epi eseye febli lafwa pandan l ap eseye mete move kwayans nan tèt yo.

Nye oswa inyore pouvwa demon yo pou tante nou vrèman danjere menm jan ak fè Satan responsab peche nou.

Sepandan, nou pa dwe bliye ke si nou konnen lènmi a byen se yon bon estrateji nan lagè, nou pa dwe ale pi lwen pase sa Bib la pèmèt. Si nou fè yon ti gade sou sa ke mond espartyèl malen an ofri nou an se yon pratik ki byen alamòd aktyèlman, kote anpil kretyen tonbe nan inyorans ak kiryozite. Se poutèt sa ke Bondye te entèdi depi davans pou Moyiz ak pèp li a pat imite nenpòt pratik majik ki te anvayi ti nasyon ki nan antouraj yo (Detewonòm 18:9-13; Levitik 19:26; Ezayi 8:19).

### Twa Nivo Kote Mechanste A Etabli



### 3. KIRYOZITE POU KONNEN LAVNI



..... Mande pou yon elèv li Travay 16:16-23.

Pòl, Silas ak Timote te rankontre nan Lavil Filip. Yo te preche yon madanm ki te rele Lidi, limenm ki rekonèt nan istwa kòm premye fanm nan peyi Lewòp ki te konvèti (16 :11-15). Yo te fè ladesant lakay fanmi sa a epi yo te konn leve chak jou yo soti al lapriyè nan yon plas kote jwif yo te konn fè reyinyon. Nan okazyon sa yo te toujou gen yon jèn ti demwazèl ki t ap mache dèyè yo epi tonbe rele byen fò. Sa te tèlman nwi moun, Pòl te menm pèdi pasyans.

Kilès ti demwazèl sa te ye? Vèsè 16 la di ke li te genyen yon “*lespri adivinasyon*”, nan lòt mo se te yon “*pitonis*” ki vle di divinò. Pou pèp la yo tout te kwè ke li posede pa yon lespri ki rele Apolos Phitius, dye ki gen relasyon ak prediksyon yo. Non lespri ki te nan li a te rele Apolyon, ki vle di nan lang grèk la “*destriktè a*”, youn nan non Satan yo ke nou te déjà wè sa (Revelasyon 9:11).

Jèn fi sa te posede pa plizyè demon epi li te konn tande vwa yo. Bib la di nou ke li te esklav epi paran li yo te konn fè lajan akòz de kondisyon li. Move lespri ki te abite nan li yo te konnen Gwo Bondye ki te abite nan Pòl ak kamarad li yo epi se poutèt sa li te konn ap rele dèyè yo lè li t ap di, ke se sèvitè Bondye yo ye k ap anonse chemen Sali a. Nan vèsè 18 la Pòl te pase move lespri a lòd pou soti nan demwazèl la nan non Jezikris epi li te jwenn liberasyon.

Branch sa ke li t ap itilize nan epòk sa pou li te anonse lavni an rele nan tan jodi a “travay divinò”. Lòm santi li atire avèk lavni depi nan kòmansman listwa, se yon plan ki kontrè ak nati li pliske lavni a gen relasyon ak plan Bondye pou lavi nou. Bondye bannou kiryozi sa yon fason pou nou kapab mete li nan desizyon nou yo, pou nou koute avètisman li yo epi konnen ke avènman nan tan lavni yo nan men li.

Youn nan metòd adivinasyon ki plis fonksyone nan tan jodi a se astwoloji, sistèm ki baze nan kwayans de ke moun ki pratike li yo genyen enfluyans nan sa k ap rive lèzòm chak jou, konfòm avèk dat nesans yo.

Petèt ou se youn nan moun ki li owoskòp pou divèsyon, lèw panse ke sa pap afekte lavi w chak jou. Men anreyalite se pa vre, paske panse nou fonksyone pandan l ap raple epi nan asosye sa nou li a lè yon sitiyasyon konsa prezante. Si owoskòp la te di ke ou dwe fè atansyon pou pa fè biznis avèk moun ou pa konnen, lè kliyan parèt nan machin li w ap panse si reyèlman se moun nan oswa si w dwe rete tann yon lòt. Yo rele sa “sijasyon”. Menm si w pa kwè nan owoskòp, lide sa fikse nan panse w epi aji byen fò nan desizyon w yo.

Nenpòt metòd adivinasyon, menm si se avèk objè oswa eleman natirèl oswa pa mwayen moun ki posede ak demon (médiums ak majisyen oswa anba enfluyans dwòg, se Satan k ap itilize yo lè li gouvènen moun nan. Satan konvenk lèzòm lè li fè yo konnen ke yo kapab konnen lavni pa mwayen lòt sous epi chak moun se chèf lavi li epi kapab travay desten li fason ki fè l plezi, pandan l ap kite Bondye deyò.

Se konsa ke anpil moun kwè ke, si genyen yon Bondye, sa pa gen enterè nan dosye pèsònèl yo. Kòm erè, yo panse ke lavni yo depann konplètman de entelijans yo oswa kout chans, “chans” oswa “bon fòtin”.



○ **Ann dekouvri kèk nan fòm adivinasyon sa yo ke Satan itilize pou twonpe moun, nan aktivite 3.**

**[[[[ Mete fen pandan w ap kondwi elèv yo nan yon priyè repantans epi renonse nenpòt nan pratik adivinasyon sa yo ke yo ta kapab ye. ]]]]**





## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Pitonis:** Yon pitonis se te yon divinò. Dapre mitoloji grèk la, Piton se te yon gwo koulèv ki te genyen yon prediksyon nan mòn Parnaso, dye sa a te genyen anpil popilarite paske li te kapab anonse lavni. Dye Apolo te touye koulèv sa epi menm kote a li te chanje non li pou Pytius epi li te vin popilè kòm anonsè lavni. Akoz de lejand sa a, yo te konsidere tout moun ki te kapab anonse lavni kòm moun ki te gen enfliyans lespri Apolos Phitius oubyen Apolo Pítico. (Kòmantè Biblik Adam Clarke Tòm III, p. 282).
- **Prediksyon:** Repons ke fo dye yo bay sou kesyon ki gen pou wè ak lavni ke yo konsilte yo pa mwayen divinò ak sakrifikatè.
- **Lejyon:** Non pil demon ke moun te rekonèt ke Jezi te chase sou de nonm gadarenyen yo. Move lespri sa te pran non li nan lame women yo. Yon lejyon genyen yon total de sis mil sòlda, se sa ki fè non li endike ke li te genyen plizyè milye demon anba lòd li. Lè yo te vin chase, yo te antre nan de mil kochon ki t al touye tèy yo nan lak la (Lik 8:26-39, Matye 8:28-33).
- **Sipèstisyon:** Vokabilè sa fè referans ak konesans ki ale pi lwen konpreyansyon fasil; se yon konesans ki gen kalite sinatirèl, li pa limite ak lalwa syantifik modèn yo. Sipèstisyon an se kwayans nan ajans sekre yo, mistè, sinatirèl ak nan posiblite pou mete yo anba kontwòl lòm.
- **Cheriben:** Zanj



## Rezime

Satan avèk demon yo reyèl epi yo chèche antre nan lavi tout moun k ap viv nan mond sa. Nou menm kretyen yo nou pa egzan de atak sa yo ki genyen objektif pou fè nou ale lwen fanmi Bondye a epi fè nou vin tounen esklav mechanste. Youn nan estrateji yo se fè nou pa fè Bondye konfyans ak lavi noue pi fè nou doute de ke lavni nou se nan men Bondye li ye. Jodi a genyen anpil fòm nou kapab tandè sa lòt vwa di osijè de desten nou, men pa genyen youn nan vwa sa yo ki soti nan Bondye lanmou nou an. Yo tout soti nan plan Satan pou fè nou ale lwen Kreyatè a, konfonn nou epi fè nou abandone relasyon nou genyen ak Bondye a. Kòm kretyen nou dwe viv yon lavi responsab, kouri lwen tout bagay mal sa yo epi remèt lavni nou nan men Bondye.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

**Fè plizyè gwoup, de pa de epi fè rechèch nan Bib nou yo sou, Kòman demon yo enfliyanse lèzòm epi kisa ki objektif final li?**

a. Ki fòm demon an te pran pou l te twonpe Èv? *Jenèz 3*

---

b. Ki kalamite satan te fè Jòb pase yon fason pou te fè li abandone lafwa li te genyen nan Bondye a? *Jòb 1 ak 2*

---

c. Ki kalite enfliyanse demon sa te ofri pou l domine lavi wa Akab? *1 Wa 22:20-22*

---

d. Kilès ki chèf lame demon yo? *Matye 12:22-28*

---

e. Ki kote Satan avèk demon li yo abite? *Efezyen 6:12, Kolosyen 1:13, Lik 22:53*

---

f. Kisa ki pigwo pwisans demon yo, ke yo pa gen lòt chwa fas avèk li ke sèlman obeyi? *Matye 12:28 ak 10:1*

---

g. Ki kalite bagay demon yo ap fè pou kounye a yon fason pou yo kapab konfonn lèzòm ? Bay kèk egzanp. *1 Timote 4:1, 1 Jan 4:1-3*

---

h. Ki desten final Satan, demon yo ak tout moun k ap swiv yo? *Revelasyon 20:1-3 y 10*

---

i. Ki aktivite demon yo ap mennen jounen jodi a? *1 Timote 4:1; Matye 12:22; Mak 5:15; 9:18; Travay 5:16; Sòm 106:37,38; 1 Korentyen 10:20, Revelasyon 9:20,21; 1 Jan 4:1,2*

---

---

## AKTIVITE 2

### Lè w panse ak Dyab la...kijan w imajine li ye?

Fè yon pòtrè sou kijan w imajine w Dyab la ye dapre tout moun ki nan lari yo, sa yo di w oswa imaj ke ou wè. Apre sa, konplete sa ki vini apre a.



Li Ezekyel 28 :1-19 epi konpare imaj ou a avèk deskripsyon sa yon wa te fè kote mechanste Satan te parèt byen klè epi fè diferans yo.

a. Èske li sanble ak sa moun nan lari yo toujou panse a?

---

b. Ki dezi ki te sedwi cheriben sa, ki te fè li rive ranpli ak mechanste ? Konpare vèsè 28:1 avèk 28:16-17.

---

c. Site kapasite oswa kalite espesyal ke zanj sa te genyen yo.

---

### AKTIVITE 3

#### Idantifye avèk yon X nan lis sa si w te patisipe kèk fwa nan kèk nan pratik adivinasyon sa yo

- |  |                                      |
|--|--------------------------------------|
| __ Ayewomans (lè)                          | __ Idolomans (imaj)                  |
| __ Alektomans (Kòk)                        | __ Kawomans (balèn)                  |
| __ Aritmans oswa nimewoloji (nimewo)       | __ Katomans: Tawòt (naypes)          |
| __ Astragalomans (Flanm)                   | __ Katabomans (tèt bourik boukannen) |
| __ Astwooloji (zetwal: owoskòp, kat natal) | __ Kristalomans (Kristal)            |
| __ Batanomans (zèb)                        | __ Makranomans (kouto, frenn)        |
| __ Daktilomans (bag)                       | __ Onikomans (klou)                  |
| __ Espatalamans (zo, eskreman)             | __ Oniwomans (rèv)                   |
| __ Gastwomans (bri van)                    | __ Onomatomans (non)                 |
| __ Grafoloji (lekriti)                     | __ Piwomans (dife)                   |
| __ Idwomans (dlo)                          | __ Tiwomans (boul bè)                |
| __ I ching (monnen avèk egzagram)          |                                      |

### LAPRIYÈ

Si w te patisipe nan youn nan pratik adivinasyon sa yo, fè lapriyè pou renonse sa ki byen senp:

*Seyè Papa, ou menm ki anwo nan syèl yo, mwen rekonèt ke mwen te dezobeyi volonte w lè mwen te eseye konnen lavni atravè move lòt mwayen yo, olye mwen te chèche direksyon ou. Padone mwen, menm si mwen te fè sa tankou yon jwèt nan okazyon sa, san mwen pat konnen ki danje sa te reprezante pou lavi mwen. Mwen pwomèt ou Seyè Jezi ke m ap abandone tout pratik sa yo, mwen pral elimine nenpòt objè oswa liv ki te reprezante move abitud sa lakay mwen.*

*Ede m mete konfyans mwen nan Ou, epi se sèlman nan ou menm pou mwen swiv avni tout desizyon lavi mwen, pa fanmi mwen, travay mwen, legliz mwen epi se nan nenpòt branch lan.*

*Mwen konfese devwan w avèk frè mwen yo jodi a ke sèlman ou menm ki genyen yon plan ekstraòdinè pou lavi mwen. Ede m mache chak jou ladan li.*

### LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Sòm 42
- Sòm 31
- Pwovèb 4
- 2 Korentyen 4:7-18
- Revelasyon 22:6-21



# Èske Nou Se Bondye?

## Manti Mond Aktyèl La

### Leson 4



#### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konnen filozofi ki genyen dèyè mouvman mond aktyèl la.
- Kapab idantifye pratik sipèstisyon yo k ap valè tèren nan fason n ap viv epi ki se fwi mouvman mond aktyèl la, yon fason pou pa kite sa yo fè fanmi nou tounen esklav ak detwi li.
- Oto-evalye pwòp lavi li pou li idantifye nenpòt nan pratik sa yo nan tan pase oswa prezan epi abandone yo.



#### Materyèl

- Anekdòt sou senbòl satanik, tatouyay, jwèt sou tab, jwèt videyo, fim, bann mizik, ak anpil lòt ankò ki gen relasyon ak sipèstisyon (yo kapab enprime oswa pou pwojte).
- Prepare w depi davans pou w kapab eksplike mo tounèf yo. W ap jwenn èd nan sesyon an: Definisyon vokabilè mo enpòtan yo. Anplis de sa, chèche enfòmasyon nan diksyonè, entènèt oswa liv kretyen yo sou sipèstisyon ak modèniz la.

Nan leson sa nou pral analize prensip sou panse modèn la dapre Pawòl Bondye. Nou pral wè ke reyèlman ke mouvman sa ranmase ak resisite ansyen relijyon lènmi krisyanis Biblik yo, men fwa sa prezante yo kòm solisyon pou tout pwoblèm limanite. Avan nou kòmanse etidye mouvman sa, nou pral fè yon oto-evalyasyon pou mezire konbyen filozofi mansonj sa te enfliyanse nou.



## o Mande pou elèv yo konplete aktivite 1.

**Aprè sa mande yo konbyen kesyon yo reponn “wi”. Kesyonè sa ap ede dekouvri nan ki fason yo te rive tonbe anba enfliyans kwayans modèn la. Konbyen “wi” yo make, pi fò se te enfliyans yo.**

Plizyè milye moun nan mond lan ap achte epi li liv modèn la, satanis, rankont avèk ekstratèrès, kontwòl mantal, ipnotik, ak anpil lòt ankò. Filozofi modèn la déjà fè pati kilti nou an epi enfliyans li etann prèske sou tout syans yo, pliske mouvman sa plis elaji epi plis pwisan nan mond nou an. Sa se yon kouran ki te entwodwi kòm yon pati ki nòmal nan lavi chak jou move teyori ak abandon ki kontredi verite ke Pawòl Bondye a devwale. Menm si mouvman sa moutre yon fo kouvèti konsènan tout kwayans ak relijyon yo, li ankouraje pratik satanis ak sipèstisyon.

Nan leson sa nou pral wè kèk bagay ki pa inosan jan yo sanble a. Nou pral dekouvri estrateji sa yo ke Satan itilize pou li detwi moun yo.

## 1. ÈSKE NOU MENM JAN AK BONDYE?

Aktris Shirley McLaine, youn nan disip ak pwomotè mouvman sa, te di nan youn nan konferans li yo: “N ap viv nan nenpòt moman kote totalite a nan tout... Tousempleman, sonje ke nou se dye epi nou dwe aji konfòm ak sa”<sup>1</sup>. Satan te di Èv nan jaden Edèn nan: “W ap vin menm jan ak Bondye” (Jenèz 3:5). Mond modèn nan di nou menm bagay la “Nou se dye”.

Disip modèn yo anseye ansyen kwayans panteyis la pou di ke tout sa ki kreye fè pati Bondye, epi sa vle di ke prezans Bondye nan tout bagay. Sa genyen ladan li lèzòm k ap respire yo tankou animal avèk plant yo, men tou yo tout fè pati mond materyèl la, tankou wòch yo, dlo, van, ak sa ki soti ladan yo tankou rejè, tankou yon liv, yon tab, elatriye. Yo fè konnen ke Bondye se sèlman yon enèji, ki pa yon Bondye ki pèsònèl, ni ki gen relasyon avèk nou.

<sup>1</sup> Pibliye nan Lòs Annjelès (nan dat ki te 19 Jen 1987) Pati VI, paj 1. Dapre Neil T. Anderson ak Steve Russo nan sediksyon pitit nou yo, popilasyon, Meksik : Odyovizyèl pou Amerik Latin, A.C.: 1994. p. 47.

Nan nye egzistans Bondye, tout sa Bib la anseye nou kòm prensip lavi, oswa lalwa moral, li pèdi nenpòt valè ki pou fanm ak gason. Byen avèk mal la vin pa etabli men pito depann de kritè chak moun. Yon fason pou nou menm lèzòm, nou deside kisa ki byen ak kisa ki mal epi nou pa konnen pou nou rann kont devan pènòn pou zak nou yo. Nan nye egzistan Bondye, yo nye prensip verite a tou. Yo fè konnen ke chak moun lib pou kwè sa li vle epi sa a se volonte li.

Lide sa tèlman ansyen, li menm soti depi nan orijin listwa. Anpil nasyon nan tan lontan te genyen kwayans ke wa yo yo a se te dye yo. Ejipsyen, mèd, pès, women, nasyon nan oryan yo tou avèk pèp ki soti nan rasin amerik la, ak anpil lòt ankò, yo te desann yo pou rann onè bay wa yo kòm si se te yon dye epi ki siperyè pase yon lòm nòmal. Ebre yo t ap viv nan epòk monachi sa yo epi yo te esklav oswa anba gouvènans kèk nan yo, tankou, Lejip, Babilòn, epi finalman gouvènman women an. Seyè a te toujou kondane lide ki fè kwè ke wa yo te menm jan oswa sanble ak Bondye a.



## Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 2.

Ala gwo diferans ki egziste nan konparezon ant konpòtman wa sa avèk pa Kris la nan Filipyen 2: 3-8!

### Li pasaj sa a epi fè deba sou diferans ki genyen yo.

Menm si Jezikris se Bondye, li genyen tout dwa, pouvwa ak laglwa Bondye, kòm pitit Bondye li te montre yon atitud sèvitè olye de pa yon chèf; li te toujou chèche byen kreyasyon li, olye pou li chèche onè avèk glwa pou li; li te kite tout byennèt ak privilèj li yo pou sove nou anba peche nou yo; li te prefere kriye avèk moun sa yo k ap kriye olye pou li rete byen lwen ap gade yo...

Kwè ke nou se dye se kwè nan yon manti. Lè nou kwè nan yon manti, nou se esklav li. Nou sezi wè kijan mouvman sa twonpe yon bann moun, nan fè pwopagasyon kwayans sa ki pa genyen lojik ditou lè nou analize li konfòm ak Pawòl Bondye a, ni li pa genyen okenn fondman syantifik nonplis. Sa ki rive a se ke Satan konnen rasin egoyis ki nan kè lòm, se li menm ki te simen li depi nan premye zansèt nou yo. Lè egoyis sa pa soumèt anba volonte Bondye li fè nou kenbe tèt ak lalwa Bondye yo epi vle pou nou se pwòp dye nou. Lè nou fè sa, nou mete nou nan wonn sant linivè a, pran plas ke sèl Bondye merite.

Antrenè modèn yo fè kwè ke lè yon moun rive kwè epi vle yon bagay ak tout fòs li, sa ap vin tounen yon reyalite, menm si se yon manti. Sa se yon afimasyon ki ale pi lwen pase tout lojik.

### Mande elèv yo, èske nou te vle yon bagay nan kèk okazyon "enposib" paske w vle li akpanse avèk li anpil, li te tou vin yon reyalite?

Se nan menm fason an nou kapab twonpe tèt nou nan kwè ke nou se dye epi n ap rive vin menm jan avèk Li, men sa se vre ke Bondye vle pou nou vin tankou Jezi, pou nou imite li nan lanmou, nan remisyon li, nan sèvis san enterè li, nan relasyon sensè li avèk Bondye, ak anpil lt bagay ankò, se poutèt sa de pi nan kòmansman, Bondye te mete "imaj" li nan nou chak. Men, menm si nou rive vin sanble ak Jezikris nan tout bagay yo, ap toujou genyen yon diferans natirèl ant Bondye avèk nou.

## [[[ Li Kolosyen 1:15-17 ansanm. ]]]

Pasaj sa montre ke Bondye piwo pase tout bagay ki te kreye, ni mond espartyèl oswa mond vizib la oubyen materyèl,, yo tout genyen orijin yo nan Bondye epi Li soutni yo avèk pouvwa ou li.

Modèn is la bay manti lè li vle fè nou kwè ke nou menm jan ak Bondye. Nou pa dye; Li se Kreyatè epi nou menm nou se kreyati yo! Bondye se sant linivè a. Tout sa Li kreye nan linivè a depann de Li. Lavi nou depann totalman de Li menm. Li pa abandone fonksyon Li. Li kontinye gen kontwòl tout bagay yo. Menm si moun kwè li oswa non, Li se Bondye, sèl avèk gwo Bondye Kreyatè Linivè a, menm Bondye a ki touprè nou chak.

## 2. KISA KI MAL NAN KWAYANS RENESANS LAN?

Renesans lan se yon lide ki soti nan relijyon oryantal la ki fè kwè ke nanm chak moun ki mouri yo abandone kò yo, li retounen sou latè epi kòmanse viv nan lòt kò, valè fwa ke sa nesè jouskaske li rive fè yon sèl avèk divinite a. Modèn is la di ke pa gen pwoblèm pou si w se yon bon moun oswa te fè yon sèl ak Bondye nan lavi sa, apre lanmò, ap gen lòt opòtinite pou korije fot li yo epi reyalize objektif li nan sispann egziste pou fè yon sèl ak Bondye.

Inyon sa avèk Bondye kapab reyalize tou nan lavi sa lè moun nan sispann viv nan kò fizik la epi reyalize “oto-divinizasyon”, sa vle di rive vin dye atravè pwòp merit ak efò li.

Renesans lan rejte twa ansèyman Biblik:

- a. Lavi sa se sèl opòtinite nou genyen pou nou viv epi rekonsilye nou avèk Bondye, Ebre 9:27
- b. Sèl chemen pou rive genyen Sali a se aksepte Kris, lòm pa kapab sove ak pwòp efò li yo, li pa kabab fè tèt li “pafè”, Lik 19 :12, Jan 10 :19, Women 5 :12-19.
- c. Rezireksyon kris la pa ta gen okenn sans, si yo nye ke apre lavi sa pa ta gen rezireksyon, 1 Korentyen 15:19.

Moun ki kwè nan renesans yo tonbe nan pyèj manti sa epi y ap fè fas ak lanmò san yo pa jwenn opòtinite pou konnen sèl chemen Sali a, ki se Jezikris. Pa gen esperans nan chèn lanmò sa k ap kontinye a epi refèt pou pase menm difikilte yo!

## 3. ÈSKE KONESANS SE POUVWA? POUVWA POU FÈ KISA?

Pou modèn is la, pwoblèm soufrans lòm, li pa genyen anyen pou wè ak peche Adan e Èv te komèt yo, men se pito nan eta inyorans yo te tonbe a. Daprè yo menm, lòm twouve li nan yon pwosesis k ap grandi pou rive atenn konpreyansyon nati li ki soti nan Bondye ak inyon li ak planèt nan linivè a.

Modèn is la rejte lide de ke te genyen yon pwoblèm peche nan kè lòm, ni nou pap bezwen netwaye pou peche nou yo. Yo fè kwè ke lòm kapab soti anba pwoblèm li yo san sekou Bondye, pandan y ap apiye yo sou konesans yo, ke lòm gen kapasite pou grandi nan konesans li jouskaske li vin tankou Bondye. Nan lòt mo...si w rive konnen sa Bondye konnen, w ap kaba geri, fè mirak...ebyen deja ou pap gen bezwen Bondye. Sa vin trete Bondye kòm yon bagay ki ranplasab.



Modèn is la di ke, menm jan ak ansyen kwayans monis la, ke pa genyen diferans ant lèzòm, animal yo, wòch yo, pyebwa yo, karakòl yo, ak Bondye. Tout nati a nan yon pwosesis transfòmasyon pou vin pi bon. Kòman evolasyon sa rive fèt? Pa mwayen aprantisaj ki bay chak eksperyans nan lavi epi ki ede yo rive atenn pwòp divinizasyon yo.

## **Ki kote konesans soti?**

Pwofesè modèn yo dakò ke konesans lan se pouvwa. Yo enstwi nan konesans sa pa mwayen “lespri gid yo” oswa mèt envizib ki enstwi yo sou sekre planèt yo. Espri sa yo anreyalite yo se demon ke yo kontakte sou divès fòm. Nan tan lontan yo te rekonèt pratik sa sou non espiritis, men mond modèn nan rele li “kanalizasyon”. Sa a se te youn nan peche wa Sayil yo.



.....° **Mande pou yon volontè li 1 Samyèl 15:23.**

## **Èske jwèt yo inosan?**

Nan yon ankèt ki fenk fèt avèk 1725 elèv ki nan laj 11-18 lane nan yon lekòl piblik ki nan Sid Kalifòni, 416 ladan yo te di ke yo t al konsilte tab divinò déjà.<sup>2</sup>

Genyen yon gwo mank de matirite nan jèn nou yo lè yo fè yo kwè ke pratik pou konsilte espri yo se yon jwèt inosan epi pou pran plezi. Pa genyen bagay sa kòm espri ki bon, men wi genyen plizyè milye demon ki rete ap tann opòtinite pou foure moun yo nan sèvi Satan epi mete yo nan pratike maji.

Wij la, Kalabòs ak dragon, Vanpi, Maskarad, pa genyen anyen ki inosan nan jwèt sa yo. Genyen plizyè temwayaj sou kijan jèn ki gen relasyon ak jwèt sa yo rive nan pratik imoralite tankou: sèks angwoup seremoni satanik, bwè san e menm fè ansasen.<sup>3</sup>

Akoz de danje ke aktivite sa yo reprezante pou lèzòm ke Bondye entèdi, jan nou kapab wè sa nan Detewonòm 18:9-12.

## **Jèn yo avèk sipèstisyon an**

Nan tan kounye a, pwogram yo bay nan televizyon pou jèn avèk timoun yo kontamine avèk ansèyman sipèstisyon. Pratik maji, satanis, vanpiris, adivinasyon, para sikoloji, ak anpil lòt ankò, yo grandi akòz akseptasyon jèn yo yomenm ki jwenn yo enteresan ak egzotik. Jodi a se anpil jèn ki abiye ak koulè nwa, yo itilize makijaj nwa, yo mete meday sou kò yo avèk tatouyay epi senbòl satanik ak bagay majik yo. Sa a se fason pou li montre “rebelyon li” kont relijyon paran li yo epi kont prensip sosyal yo. Se anpil jèn ak adolesan ki tonbe nan pyèj sa.

Yo rakonte istwa wa Manase nan Bib la limenm ki te pran nan yon pyèj konsa nan 2 Kwonik 33:1-6. Jodi a koze maji a fikse rega li sou jèn yo pandan l ap ofri yo lajan fasil, pase nan egzamen, atirans pou omoseksyèl, ak anpil lòt ankò, yon fason pou yo kapab pran plezi yo nan pratike maji.

---

<sup>2</sup> Otè Neil T. Anderson ak Steve Russo yo te pibliye nan liv yo a “Sediksyon pitit nou yo” rezilta ankèt sa. Pibliye pa Odyovizyèl pou amerik. Bouk, Meksik: 1994.

<sup>3</sup> Jèn yo avèk sipèstisyon an, pa Jasón Barrer nan [www.conocereislaverdad.org/losjovenesylooculto.htm](http://www.conocereislaverdad.org/losjovenesylooculto.htm)

## 4. KI DANJE MOUVMAN SA REPREZANTE POU FANMI KRETYÈN NAN?

### Fè atansyon avèk sa ke n ap li

¿Konbyen nan nou ki déjà li liv “Juan Salvador Gaviota” Richard Bach? Liv sa ki te pibliye nan lane 1976 sanble tèlman inosan, se te premye piblikasyon masif yon liv ki ekri pa metòd “ekriti otomatik”, sa vle di, yon lespri satanik ki itilize yon moun (médium) pou transmèt yon mesaj. Yo te vann 25 milyon kopi nan liv sa.

Aprè piblikasyon liv “ansèyman Don Juan” pa Carlos Castaneda, li menm ki te pi gwo veteran nan fè ekspozisyon sou maji. Depi lè sa jous jodi a genyen 25 000 tit e se konsa piblikasyon liv k ap pwopaje lide modèn ak pratik sipèstisyon yo te kòmanse, antre plizyè milyon dola kòm gen.<sup>4</sup> Ann fè atansyon ak sa ke n ap li ak sa fanmi nou ap li tou.

### Fè atansyon ak sa n ap gade

Malediksyon, maji ak lòt bagay ki sanble avèk yo prezante nan fim ak feyton tankou yon bagay inosan ak enteresan.



### Mande pou elèv yo konplete aktivite 4.

Fim ki gen krim yo, se pa bagay ki tèlman inosan, yo tankou yon vis epi anchene moun nan pou l santi pèrez fas ak sipèstisyon. Anpil moun pèdi fonksyonman nòmal yo epi rive menm touye tèt yo akòz de pèrez yo santi lajounen tankou lannwit. Piga nou kite nou pran nan pyèj fim terè yo k ap pwopaje tèm sa. Nan achte ak gade yo, nou ankouraje yo kontinye pwodwi plis toujou ki sanble ak yo.

### Fè atantansyon avèk sa w ap tande

Kisa mizik Nouvo Laj la ye? Se yon repetisyon son ki dousman ki sèvi pou fè moun rilakse epi pran konsyans. Yo rekonèt eksperyans sa kòm “kanalizasyon” epi moun k ap pratike l yo toujou sèvi ak dwòg yon fason pou yo kalme sistèm nève yo.

Objektif pratik sa a se pou fè eksperyans avèk mond espirityèl la, fè vwayaj pilwen lakay, genyen kontak avèk plizyè espri, koute vwa, elatriye. Sa a se yon pratik ki vrèman danje, déjà ke volonte lòm nan nan yon kondisyon frajil yon bò epi pèmèt ke pòt la ouvè pou nenpòt espri malen antre nan moun sa.

<sup>4</sup> Jounal nan peyi Brezil, janvyè 1995, mansyone nan [www.arbil.org](http://www.arbil.org).

Kèk nan pratik sa yo ki se “kanalizasyon” rekonèt sou non:

- Vizyalizasyon
- Kontak avèk zanj
- Anlèvman ki gen relasyon avèk ovnis
- Vwayaj astral
- Eksperyans mistik
- Meditasyon transandantal
- Dwòg
- Mizik wòk satanik
- Ipnosis
- Vizyon espri yo
- Kalman
- Retou nan lavi pase yo

Kretyen yo dwe koupe tout sa ki gen relasyon ak pratik sa yo.



- **Metè fen avèk klas la avèk yon monman lapriyè pandan n ap swiv enstriksyon ki nan aktivite 5.**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Modènis:** Mouvmman “Nouvo Laj” la te pran nesans pa Helena Blavatsky, li menm ki te fonde “Sosyete Teyosofik” nan Nouyòk nan lane 1875. Teyosofia te kòmanse avèk “mason, ki se yon sosyete sekre ki genyen pwèn fò li nan sipèstisyon ak maji...” ki genyen kòm objektif detwi kwayans kretyèn yo epi etabli yon sivilizasyon payen nan mond lan. Teyosofya oswa nogtisis la se kwayans de ke yon moun kapab posede konesans mond lan ak sa ki espiyèl pa mwayen revelasyon dirèk avèk “espri”, pou yo kapab genyen pratik ak doktrin sekre ki se yon melanj de sipèstisyon ak mistik nan peyi oryan yo. Alice Baley (1880-1949), twazyèm prezidan sosyete sa, nan yon moman difisil te ekri pa mwayen de ekriti otomatik sa yo yon espri demonyak, ki te prezante tèt li kòm mèt nan sa ki gen pou wè ak bon konprann te dikte li. Ekriti sa yo se plan Mwayennaj, sèlman devwale pou disip li yo, ki genyen ladan li yon gouvènman mondyal ak yon sèl relijyon mondyal. Plan sa te dwe kenbe tèt jous nan lane 1975. Déjà pou 1986 Modènis la t ap fè enfluyans nan edikasyon, atizana, lasante, gouvènman, ekonomi, lasyans, antrènman ak relijyon.<sup>6</sup>
- **Ekriti otomatik:** Se transmisyon yon mesaj, kote ke moun k ap bay li a se yon espri gid (antite espiyèl) limenm k ap dirije oubyen dikte yon mesaj pa mwayen yon mediyon (nan difikilte), li menm ki dwe ekri sa l ap koute a, wè epi/oswa apèsi.
- **Kanalizasyon:** Se kontak avèk move lespri yo (oswa antite espiyèl yo). Moun ki nan kondisyon frajil oswa enkonsyan, anba dominasyon kapasite entèlektiyèl ak pèsepsyon li yo. Antite espiyèl sa yo pran kontwòl li, pou transmèt enfòmasyon, mesaj ak konsèy ki soti byen lwen. Egzanp kanalizasyon yo se: mouvmman tab, vè oswa objè, (san koz fizik) li rele tou telekinesya oubyen sikokinesya, ekriti otomatik, pale an dilèm, materyalizasyon yo (sispèk sou aparasyon moun mouri), retire nanm (nan moun ki vivan), levitasyon (leve moun oswa objè, oubyen limenm menm san fòs fizik), aparasyon ak dezaparasyon objè nan kay ki fèmen yo.
- **Vizyalizasyon:** Li se tantativ pou kreye oswa domine mond fizik la pandan moun nan ap itilize imajinasyon oubyen vizyalizasyon mantal ki aplike pou nenpòt objektif ke li vle chanje oswa pou genyen lasante, pwosperite, motivasyon, relasyon, oto-estim, elatriye. Pratik ki plis elaji yo se: soulajman, kalman, meditasyon, reiki (diskou ak mizik pou oto-gerizon) avèk itilizasyon wòch epi/oubyen kristal tankou mineral/ yo rele li alkimya mantal.
- **Kontak avèk zanj:** Se kwayans de ka atravè mesaj, kontak pratik soulajman, rèv pwovoke ak teknik sipèstisyon ak vizyalizasyon yo kapab kontakte gid espiyèl yo oubyen zanj yo.
- **Anlèvman ki gen relasyon avèk ovnis:** Moun ki te pretann anlve pa ekstratèrès, se yon manipilasyon demonyak syans lòm nan, sa vle di ke se yon enplantasyon sikolojik dirèk de yon ansanm eksperyans (lavman sèvo). Moun ki pase anba eksperyans sa yo rakonte koze a sèlman lè yo enkonsyan.

- **Vwayaj astral:** Vwayaj nan lespri, pandan rèv oswa meditasyon pwofon. Yo ba l non “bilokasyon”.
- **Vizyon espri yo:** Manifestasyon antite espiyèl moun ki te mouri deja ki transmèt mesaj bay moun ki vivan atravè yon chalatan ki enkonsyan.
- **Eksperyans mistik:** Pratik ki vini atravè meditasyon oswa lòt mwayen tankou dwòg, yo menm ki mennen moun fè eksperyans ki pilwen sa fonksyonman entèlèk la ta dwe pwodwi kòm nòmal, nan volonte ak emosyon.
- **Meditasyon transandantal:** Meditasyon pandan karant minit chak jou, divize nan de tan, 20 minit yo chak, ladan yo moun nan dwe repete yon fraz sekre (pawòl sanskri ke yon guru te bay) avèk objektif pou rive jwenn yon soulajman ki tèlman pwofon kote menm memwa moun nan vin avid, san kontwòl, epi fonksyon kò a desann. Yo rekonèt li kòm “Syans entelijans Kreyatif”.
- **Retou nan lavi pase yo:** Li genyen ladan li eksplòre ak raple pase yon moun pandan l ap sèvi ak dwòg oswa rèv, yon fason pou li jwenn gerizon pou blesi mantal li yo. Si yon moun sonje lavi pase li, se yon siyal de ke li refèt nan tan prezan.
- **Kalman:** Sa vle di mare, akwe. Chèche fè memwa vid, bloke tout mouvman kò a, frennen tout sansasyon mond fizik la. Pa mwayen kèk jès soulajman ak meditasyon ak egzèsis respirasyon. Prepare moun nan pou fè rechèch oto-reyalizasyon final li. Yon fwa li fin rejwenn kontwòl li, li posib pou li detwi panse rasyonèl la epi elimine tout pèsonalite imen, li menm ki se objektif final kalman an.



## Rezime

Mouvman modèn la ankouraje pratik majik ak kwayans ki kontrè ak Pawòl Bondye, nan fè pwopagann pou oto-idolatri, oto-gouvènans, oto-satisfaksyon ak vanta. Li rejte ke nou menm lèzòm nou dwe rekonsilye nou avèk Bondye sèlman nan lavi sa, yo rejte reyalyte de ke nou tout nou genyen pou n al jije apre lanmò. Okontrè, yo anseye ke gen anpil opòtinite pou nou aranje nou pibyen pa mwayen renesans lan. Moun sa yo k ap pratike vye filozofi fo sa yo anba gwo malè. Paran ki kretyen yo dwe veye sou pitit yo e menm pran prekosyon pou yo menm paran yo pa konfonn avèk lide manti sa yo.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

#### Tès pou mezire konbyen fwa Modèniz la te enfliyanse w.

1. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w kwè ke zonbi egziste epi yo se espri mò ki antre ankontak ak moun ki vivan yo?
2. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w kwè ke genyen kèk moun ki genyen pouvwa espesyal tankou sekwe objè, lanse dife, ak anpil lòt ankò...?
3. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske kwè ke, sipèstisyon, maji nwa oswa vodou yo efikas pou ede moun jwenn solisyon pou pwoblèm yo?
4. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w kwè ke li enpòtan pou mond entèn ou grandi atravè egzèsis espiritiyèl yo tankou mistik ak lòt ankò?
5. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Si yon moun ta ofri w opòtinite pou w pale ak kèk manm nan fanmi w ki te déjà mouri, èske w t ap eseye li?
6. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w te fè kèk eksperyans mantal tankou pa egzanp “pèsepsyon ekstrasansoryèl”?
7. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w dakò pou polisye yo ap mande sikològ oswa divinò vd pou idantifye sispèk, lokalize kò epi ede nan rezoud dosye krim?
8. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w kwè nan renesans, sa vle yon moun ki fin mouri epi li retounen vin reviv nan kò yon lòt moun?
9. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w kwè ke se yon verite gen ekstratèrès ki toujou vin vizite mond sa epi y ap chèche fason pou yo relasyon yo avèk ras limanite?
10. Wi \_\_\_ Non \_\_\_ Èske w genyen kristal lakay ou, piramid, zidòl, estati, tas Tibet la, pandye oswa lòt objè pou bay “en enèji pozitif” lakay ou?

### AKTIVITE 2

#### Kesyon pou etid deba sou Ezayi 14:5-15

1. Kijan wa Babilòn sa te ye nan pou sa 1.g en pou 1.a k fason li te konn aji ak moun?  
\_\_\_\_\_
2. Dapre vèsè 8, kòman li te “pran swen oswa soutni” rès kreyasyon an tankou vrè Dye a te fè li?  
\_\_\_\_\_
3. Kisa ki te orijin tout mal wa sa te fè dapre vèsè 11?  
\_\_\_\_\_

4. Dapre vèsè 12, nan ki pyèj pèsònèl wa sa te tonbe?

---

5. Jous ki kote wa sa te rive akòz de awogans li?

---

6. Kimoun ki te benefisye atitud ak konpòtman wa sa?

---

7. Ki kote awogans wa sa te mennen li?

---

### **AKTIVITE 3**

**Disip Modèn is yo fè konnen ke mond lan “prèt pou antre nan yon peryòd lapè ak tèt ansanm la ki va pote non peryòd konstelasyon”. “Nouvo lòd mondyal sa” fè konnen ke, li pral pote solisyon pou tout pwoblèm limanite. Kisa w ta reponn ou menm fas ak prediksyon sa apre w fin li Women 3:9-26?**

---

---

---

### **AKTIVITE 4**

**Nan gwoup 2 oswa 3 moun, si non kèk fim, oswa pwogram nan TV kote yo ankouraje pratik sipèstisyon ke modèn is la aksepte tankou:**

- Pale avèk espri
- Aparisyon mò
- Eksperyans ekstrasansoryèl tankou vizyon lavni ak pase.
- Pwisans parasikolojik tankou telepati.
- Jwèt ki gen kalite sipèstisyon oswa espiritis tankou pa Wija.
- Kilt satanik, malediksyon, maji, senbòl satanik.

## AKTIVITE 5

### Li Travay 19: 17-20 epi apre sa konplete aktivite sa.

a) Eske w te patisipe nan kèk pratik ki site la yo oswa ki sanble avèk yo?

- Vizyalizasyon
- Kontak avèk zanj
- Anlèvman ki gen relasyon avèk ovnis
- Vwayaj astral
- Vizyon espri yo
- Eksperyans mistik
- Meditasyon transandantal
- Dwòg
- Mizik wòk satanik
- Ipnosis
- Kalman
- Retou nan lavi pase yo

b) Èske genyen fanmi oswa zanmi ki nan aktivite sa yo?

c) Si w te patisipe oswa ou genyen fanmi oswa zanmi ki angaje yo nan aktivite sa yo, fè sa:

- a. Lapriyè mande Bondye padon epi abandone pratik sa yo.
- b. Lapriyè pou fanmi ak zanmi pou yo pa atache avèk yo yon fason pou yo jwenn libète nan non Jezikris.
- c. Chire nenpòt liv, videyo, DVD, achiv dijital nan machin oswa lòt ekip elektwonik k ap pwopaje lide sa yo.
- d. Si w genyen pitit, pale avèk yo sou danje pratik sa genyen epi fè dyalòg avèk yo sou kijan pou yo fè fas ak danje sa avèk sekou Bondye.

### Lekti ki rekòmande yo

- Detewonòm 18:9-12
- 2 Kwonik 33:1-6
- Ezayi 44: 1-20
- Jan 17
- Efezyen 6:10-20





# Lanbisyon Egoyis La

## Leson 5



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konprann kòman moun yo, menm kretyen yo, kapab rive tounen esklav lanbisyon an.
- Idantifye kèk fòm move refleksyon konfòm avèk lajan.
- Konnen prensip Biblik yo pou vin yon administratè finans fidèl.



### Materyèl

- Bib nan plizyè vèsyon oswa kopi pasaj etid la tou enprime. Pa egzanp: Rèn Valera, Nouvo Vèsyon Entènasyonal ak Bib nan Lang Aktyèl.
- Yon plak oswa lòt kalite prezantasyon (bann papyè, Power point oswa tablo) avèk lis 5 prensip ki devlope nan chak pwen leson an. Lide a se ale revele chak prensip nan kòmansman chak pwen.
- Ou kapab distribye tou kèk makè pou liv ki enprime yo avèk lis prensip sa yo ke ou menm oswa lòt moun avèk talan sa yo kapab trase.
- Si w genyen yon manm nan legliz ou ki se yon bon administratè nan finans pèsònèl li yo oswa yon pwofesyonèl nan domèn finans, sa mande pou w envite li vin patisipe nan klas la pandan w ap oryante manm legliz yo sou kijan yo kapab reyalize yon plan ekonomik familyal epi pou reponn kesyon ki poze nan klas la. Remèt li yon kopi leson an depi davans pou l kapab vini tou prepare epi fè li konnen konbyen tan klas l ap patisipe a gen pou dire..



◦ **Mande pou yo elèv li Lik 16 :13 epi mande klas la: Èske mwen kapab sèvi Bondye avèk fidelite epi renmen richès? Pou kisa sèvi richès ak sèvi Bondye a nan yon batay? Pou kisa Jezi di nou ke nou dwe chwazi youn nan yo?**

N ap viv nan yon sosyete ki damou byen materyèl, kote ke tout moun reve vin rich nan yon bat zye. Bò kote nou tout kondisyon déjà reyini pou nou mete esperans nou nan yon kout chans. Nan pwodwi nou achte yo, yo envite nou rele nan telefòn epi genyen prim atravè tirajosò; nou resevwa kupon lotri avèk etikèt sipèmache; yo ofri nou biyè lotri anba limyè sikilasyon yo. Men se pa tout moun ki reve vin rich sèlman, gen kèk tou ki reve vin popilè. Yo ofri yon vòl rapid pou popilasyon nan pwogram televizyon tankou: dans pou yon rèv, chan pou yon rèv, reponn kesyon epi resevwa lajan. Gen lòt ki genyen lanbisyon pouvwa ak richès ki pouse yo pran yon chemen kout epi danjere pandan yo dispoze yo pou fè travay ki efikas men ilegal.

Lanbisyon san fren pou ranmase posesyon yo prezante yon pwoblèm serye nan lavi kretyen an. Lanvi pou lajan epi pou ranmase byen nan lavi sa vin san kontwòl kèk fwa epi kapab menm rive fè nou ale lwen plan Bondye te genyen pou egzistans nou. Genyen kèk ki tante viv yon lavi kretyèn “nòmàl” epi edike pitit yo nan prensip Pawòl Bondye a, men nan menm tan tou yo dispoze tout enèji yo pou fè lajan. Dapre pèspektiv Jezi a li enposib pou n satisfè egzijans materyèl mond sa mande epi nan menm tan akonpli ak apèl Bondye pou lavi nou. Jezi te pale byen klè nan pasaj sa lè li di konsa, genyen de bagay ki pap janm mache ansanm: Sèvi Seyè a epi viv pou rasanble richès.



◦ **Mande pou plizyè elèv li 1 Timote 6 :6-11 nan plizyè vèsyon. Epi mande klas la: Kijan yon moun kapab vin tounen esklav lajan?**

Èske Bondye mande pou nou fè yon ve pou povrete? Non, pa gen anyen ki mal lè yon moun rich, ni pa gen anyen ki mal nan sa. Gen moun ki te plis entelijan, yo investi epi vin genyen pipilis resous ekonomik pase lòt moun. Yon bagay se vin rich epi lòt la byen diferan se lè richès la pran tèt nou, kontwole nou. Konsèy Pòl pou Timote se te veye kò li pou li pat tonbe nan pyèj Satan epi fè bagay “enkòrèk ak lèd” ki pral fin detwi lavi li. Pòl te avèti disip li Timote sou danje ke lanmou pou lajan an genyen ladan li. Pwoblèm nan pa nan koze lajan, men se pito se konfyè ke tout pwoblèm nou yo pral jwenn solisyon.

Nan leson sa nou pral etidye peche vorasite a. Nou pral egzamine kèk move fason panse pou sa ki gen pou wè ak lajan epi nou pral konnen senk prensip nan Pawòl Bondye k ap swiv bon administratè yo.

**||| Opsyonèl: Nan sesyon sa a ou kapab enstwi elèv yo pou ke yo pran nòt sou kesyon yo pou tan avèk envite a nan fen klas la. |||**

## PRENSIP 1: KONSIDERE PWÒP TÈT OU KÒM YON ADMINISTRATÈ

Èske nou se mèl la oswa administratè yo? Prensip fondamantal pou nou libere anba esklavaj ekonomik la se mete pwòp tèt nou nan plas li dwe ye konfòm ak bagay ki antoure nou yo. Lòm te kreye ak kapasite pou vin administratè men se pa pou li santi li chèf mond materyèl la ak lòt kreyati vivan yo.



### Mande pou yon elèv li Sòm 8: 1-8.

Wa David devwale nou yon gwo verite: Bondye te kreye Linivè a epi bannou responsablite pou nou administre li. Li bay nou chak yon kantite lane pou nou viv ak yon kantite byen pou nou administre. gwo diferans ki genyen ant mèl la avèk administratè a se paske mèl la atache ak posesyon li yo. Pandan ke administratè a konnen ke posesyon yo pa pou li epi konsa li kapab jere yo yon fason ki detache.

Yon fanmi te nan gwo pwoblèm akòz de plizyè dèt ekonomik yo te genyen, sitou chak mwa yo te dwe peye pòtèk kay tounèf yo a. Mari a te rann li kont ke yo te kapab vann kay chè sa, pou achte youn ki pipiti epi pi devan lè yo ta gen lajan sere yo ta kapab achte yon lòt pou yo plis alèz. Lè li te kòmante lide a bay madanm li, li te di: Non, kay la, non ! Nenpòt lòt bagay, sof kay la!

### ■■■ Mande klas la: Kilès nan yo ki t ap panse tankou mèl epi kilès nan yo ki t ap panse kòm administratè nan egzanp sa? ■■■

Madanm nan te atache ak kay la, li te gen yon gwo atachman avèk li nan yon fason emosyonèl. Sa te anpeche li genyen yon vizyon konplèt ak reyalis fas ak sitiyasyon an. Li te santi ke kay la te pou li, pandan setan kay la se te pou bank lan, jouskaske yo te fin peye pòtèk la. Pou nou kapab vin bon administratè, nou dwe detache nou de tout bagay yo emosyonèlman.



### Envite elèv yo pou yo kòmanse detache yo de bagay yo genyen yo nan yon fason ki emosyonèl pandan y ap konplete aktivite 1.

## PRENSIP 2: APRANN VIV NAN KONTANTMAN

Lanbisyon an pouse nou viv enkonfòm oswa ensatisfè. Aprann viv nan kontantman avèk sa nou genyen epi jwi lavi se dezyèm prensip enpòtan pou nou rive mennen ekonomi nou kòrèkteman. Kontante a se viv ak kè kontan epi rekonesan pou sa moun nan genyen. Yon kè ki rekonesan devan Bondye epi lòt moun endispansab pou viv kontan. Kontantman se pa menm bagay ak konfòm. Satisfè ak sa nou genyen pa vle di ke nou pa genyen plan pou lavni oswa sispann travay pou reyalize rèv nou yo.

De moun t al konsilte yon konseye kretyen pou mande li konsèy pou yo kapab konnen kijan yo kapab soti nan sitiyasyon ke yo t ap viv la, avèk plent ki di ke kantite lajan yo t ap

depanse a te plis pase sa yo t ap touche. Premye a se te yon avoka ki te konn touche 600 dola pa mwa; dezyèm nan, yon negosyan ki te konn fè 300 dola pa mwa. Yo toude te genyen menm pwoblèm nan: Yo te genyen dèt paske yo pat satisfè ak nivo lavi yo a. Avoka te achte yon pi gwo kay ak yon machin tounèf; negosyan an te achte tout ekip elektwonik tounèf yo pou lakay li epi fè zanmi li yo kado sa ki te déjà itilize yo.

Pifò moun nan Amerik Latin yo kwè ke genyen plis lajan ap fè moun nan plis viv ak kè kontan epi reve mennen yon kalite lavi menm jan ak milyonè ke yo konn wè nan televizyon yo. Sepandan, si nou ta mande moun ki milyonè yo si lajan fè yo viv ak kè kontan, Kisa yo t ap reponn? Genyen yon ankèt ki te reyalize nan peyi Etazini ki te devwale ke sitwayen yo te viv ak plis kè kontan depi senkant lane anvan pase jodi a, sa ki etonan se ke, jodi a yo konsanmen doub byen materyèl pase 50 ane!

Lòt bagay nou dwe siyale, se ke noumenm kretyen Amerik Latin yo, nou pap no viv nan yon unan yon sosyete abondan kòm peyi premye mond lan. Nan peyi nou yo genyen 13 milyon moun pòv. Genyen 40.6 pousan nan tout amerik latin nan k ap viv nan povrete epi genyen 16 pousan popilasyon an ap viv nan endijans. Genyen 25 pousan k ap viv avèk mwens de 2 dola pa jou. Estatistik sa fè nou wè ke n ap viv nan kontinan ki genyen plis diferans ekonomik nan planèt la. Pewou pa egzanp, se peyi ki genyen plis diferans kote 51.6 pousan ap viv nan mizè epi rès 10 pousan popilasyon rich la distribye 40 pousan nan benefis ak depans peyi a.<sup>1</sup> Si nou konpare li avèk Nòvèj, peyi ki genyen pigwo devlopman imen nan planèt la, 10 pousan nan popilasyon ki pi rich la rasanble sèlman 23.4 pousan nan benefis peyi a. Sa di nou ke genyen yon distribisyon plis ekilibre nan richès peyi sa yo. Petèt kesyon nou dwe poze tèt nou an se: Kisa Jezi ta fè si li te yon kretyen nan Amerik Latin nan jodi a? Kisa ki t ap plan ekonomik li yo?

Verite nou vle souliye a se moutre ke byen materyèl yo avèk lajan pa kapab satisfè nesosite emosyonèl ak espiyèl nou yo, kòm nesosite lanmou, lajwa, lapè. Lajan an kapab achte yon kay, men li pa kapab edifye yon fanmi; li kapab peye yon bon lekòl, men li pa kapab achte lanmou timoun yo; li kapab achte yon bag dyaman, men li pa kapab garanti fidelite patnè w la. Anpil moun panse ke se mizè a k ap detwi fwaye yo, men anreyalite se move dezizyon ekonomik ak koleksyon dèt ki lakoz ke relasyon matrimonyal la febli fas ak presyon ekonomik la.



.....o **Mande elèv yo pou yo li Lik 12:15 epi mande klas la...**  
**¿Si lavi nan kè kontan an pa depann de rasanblaj byen, de kisa li depann ebyen?**

Jezi te konnen kijan sa fasil pou nou bliye “viv” epi lavi a fin pase nan chèche fason pou nou genyen plis lajan pou nou rasonble bagay materyèl ak sipèfisyèl, olye nou chèche sa ki genyen yon valè ki paka imajine ak etènèl. Aprann viv, nan vokabilè kretyen yo, sa vle di kisa ki objektif nou nan lavi, rezon ki te fè Bondye kreye nou avèk kapasite espesyal. Viv yon lavi nan abondans se aprann jwi lavi nan sèvi lòt moun, nan renmen fanmi nou, leve sa ki tonbe yo, adore Bondye pou bote kreyasyon li a fè nou kado chak jou.

Nou dwe fè pridans ak manti k ap divilge nan mwayen kominikasyon yo, piblisite ak evanjelis pwosperite yo. Deside viv rekonesan avèk sa nou posede se yon atitid ki pral chanje lavi nou epi bannou libète pou nou viv nan lapè ak kè kontan.



.....o **Mande pou elèv yo konplete aktivite 2**

<sup>1</sup> Enfòmasyon ki soti nan atik Vladimir Hernández ki pibliye nan BBC mond.com nan dat ki te 10 Janvyè 2006.

## PRENSIP 3: APRANN PÈSEVERE POU W KA VIN GENYEN PIPLIS

Liv Pwovèb yo pale nou de danje ki genyen nan vle vin rich nan yon titan ki byen kout.



### • Mande pou plizyè elèv li vèsè sa yo ki nan

**Pwovèb 20:21; 21:5; 28:20 ak 28:22.**

Ann gade kèk mwayen danjere ke anpil moun pran pou sanble lajan nan yon titan ki byen kout epi ki menm rive fè yo pi pòv e menm ale nan prizon:

- *Epizòd ekonomik ki genyen anpil risk, kote moun nan ervesti tout sa li genyen pandan l ap mete fanmi an nan yon danje pou tonbe nan mizè.*
- *Rasanble richès pa mwayen lenjistis nan anvi genyen plis pase kontwòl la tankou: mande lòt moun prete lajan pou enterè, pwofite nesosite moun ki nan mizè (Pwovèb 28:8), vle genyen plis pase sa ki kòrèk la nan pri lavant oswa sèvis, peye travayè yo mwens oswa refize bayo benefis ke lalwa mande (Efezyen 6:9).*
- *Fè lajan nan yon fason ki dezonèt oswa ilegal. Nan atmosfè biznis ak antrepriz yo, byen souvan li pi enpòtan pou w fè lajan pase pale laverite. Sosyete a envante mo pou dekrive kèk mouvman tankou: espekilasyon, evazyon, vòl, kase ponyèt, detounman, koutay ak plizyè lòt ki popilè tankou: “pase lajan anba tab”, “kout dan”, “rekonpans”, “manti blan”... ak anpil lòt ankò.*

Nan prèske tout peyi gen pratik ki kapab pa legal, men yo tèlman gaye toupatou, moun rive aksepte yo tankou yon bagay ki pa kapab korije nan kilti a. Men kretyen yo pap viv anba lalwa lòm, men pito anba lalwa Bondye a. Nou menm ki kretyen yo nou pa dwe jistifye tèt nou lè nou di ke “tout moun fè sa”. Sonje byen ke Jezi te lapriyè pou tout kretyen k ap viv nan mond sa, pou nou kapab pwoteje kont tout fòs mal (Jan 17:15). Nou menm pitit Bondye yo nou la pou nou viv yon lavi nan verite, nan jistis ak sentete. Disip kris la pa twonpe moun nan pèz pwodwi yo, li pa bay manti sou kalite sa li fabrike oswa vann, li pa nan pase lajan anba tab pou li genyen avantaj, li pa vòlò lajan kontribisyon yo. Kretyen an dwe viv diferan nan mitan yon mond kòwonpi atravè onètete li, menm si kondwit sa ap fè li resevwa mwens bagay nan zye mond lan.

Genyen pasyans epi toujou pèsevere se twazyèm metòd ki gen pou wè ak libète finans lan. Genyen pasyans lan se pa lage kò nou epi chita pou rete tann yon mirak san fè anyen, men se pito yon pasyans ki fè nou avanse pou pi devan. Pasyans nan finans lan se pa yon bagay ke n ap jwenn tout kote nan kontèks nou an, okontrè moun nan achte pandan l ap panse ke li pap genyen lòt opòtinite si li rete tann. (Li posib ke se paske genyen kèk nan nou ki grandi nan peyi avèk yon istwa kote salè ak ekonomi an pèdi valè li). Men jodi a sitiyasyon an byen diferan nan anpil kote, pliske akòz de globalizasyon an, moun ki genyen plis richès la se yo menm ki administre finans yo pou lontan.



### • Mande pou elèv yo konplete aktivite 3

## PRENSIP 4: RASANBLE TOUT SA W KAPAB

Pran plezi jodi a epi peye demen! Èske sa gen pou wè ak koze fanmi? Si machann nan ta di nou verite a, anons lan ta di yon bagay konsa: Pran plezi w jodi a epi vin esklav mwen demen! Moun ki fin rich pou depanse ki fè yon tonbe nan fè piblisite yo fè nou kwè ke se

sèlman lè n ap depanse sa nou genyen, nou kapab viv ak kè kontan. Èske sa reyèl vre? Non, paske verite a se ke nou pap janm kapab rasanble pandan n ap depanse. Yo toude se bagay ki kontrè.

Responsab dèt ki pi wo pase benefis nou yo, depanse oswa riske lajan ki pa pou nou, li fè nou tounen esklav, pou nou viv ak dèt. Pwovèb 22 :7 di konsa ke “moun ki mande prete, se sèvitè moun ki prete l la”. Nan antouraj nou, tout bagay prepare pou achte jodi a epi peye après: kredi, prete, kat kredi, eskont, nou prete pou vakans, envesti pou etid, kredi pou achte machin. Tout sa kapab mennen moun nan viv yon lavi esklavaj, viv ak travay sèlman pou nou peye dèt.

Menm bagay la pase moun k ap viv anba pwoblèm vis, e li menm ki kapab pèdi tout bagay: goumandiz, alkolis, vis seksyèl, jwèt aza, ak anpil lòt ankò, yo mennen yon lavi esklavaj ak povrete ekonomik.

Moun ki gen pwoblèm avèk finans li se paske li depanse plis pase sa li kapab. Pou evite sa, li nesese pou devlope rezistans nan acha yo, pandan n ap evite achte bagay ke nou pa bezwen reyèlman epi pa menm gen lajan pou sa. Se pou nou aprann fè diferans ant yon nesese ak yon dezi, yon pouse (jan nou wè nan pasaj 1 Timote 6 :6-11). Fòm lavi materyalis la ki antoure nou an nan achte yon bann bagay san evalye anpremye si nou bezwen yo reyèlman epi se pouse pou achte sa ki kontwole epi fè nou esklav konsomasyon an.

Bagay ki pa nesese yo sèlman dwe rekipere lè nou rete rès lajan pou sa. Lòt bagay nou renmen yo nou rele yo “eksè” paske nou kapab inyore yo. Egzanp eksè sa yo se kapab: vakans nan peyi etranje, yon televizyon tounèf, rad gwo mak, yon repa nan yon restoran, ak anpil lòt ankò. Men sa ki pa atik eksè yo se: medikaman yo, pèyman sèvis yo, pèyman kontribisyon yo, pèyman dèt yo, ak anpil lòt ankò.

Wa Salomon, youn nan moun ki te pi rich nan listwa, li te di zanmi l yo konsa ke yo dwe aprann ekonomize tankou founi, yo menm ki pase tout tan sèk la ap travay pou yo kapab jwenn manje nan tan lapli a. Pou nou fè ekonomi, nou dwe planifye e poutèt sa nou dwe fè yon lis sa nou bezwen yo, apre sa nou dwe revize li epi elimine tout sa ke nou pa pral itilize nan yon moman ki kout, sitou nan bagay ki pap rete pouvwa.



#### Mande pou elèv yo konplete aktivite 4

### PRENSIP 5: BAY TOUT SA W KAPAB

Yo te rankontre ak yon nonm anbisye ki te di pwòp tèt li konsa: “Mwen pral rasanble tout richès mwen kapab”. Epi li te travay pou sa. Li te pase tout lavi li ap rasanble plis lajan ak richès. Dènye volonte nonm sa se te pou lè li mouri, pou yo ta antere li avèk tout lajan li yo nan sèkèy la pliske li te vle ale avèk lajan li yo. Se te konsa li te rive jou pou l te mouri a. Jan sa te etabli nan testaman li a, administratè li a, li menm ki te toujou rete bò kote li, li te fè tout demach pou antèman, avèk responsablite pou li mete tout richès mèt li a nan sèkèy la. Poutèt sa li te itilize tout pouvwa patwon an te ba li sou byen ak richès li yo. Lè lè a te rive, administratè a te fè yon chèk sou non defen an mete nan sèkèy la. Alafen, se administratè a li menm ki te rete ak tout byen ke nonm sa te pase tout lavi li ap rasanble a.

Move lanvi a se yon fòm materyalis li ye. Move lanvi a se yon apeti dezòdone pou rasanble richès, li retire richès epi lakòz soufrans. Moun ki gen lanbisyon an genyen yon vizyon ki

enkòrèk sou pwòp tèt li, sou valè lavi li ak pa lòt moun tou. Yo anseye nou nan Bib la ke nou pa dwe bay lavi moun yon valè ekonomik. Valè nou kòm moun gen pwèn fò li kote nou se kreyati Bondye, nan kapasite nou genyen pou nou fè zanmi ak Li, sèvi ak viv avèk Li epi pou Li. Nan moman kote yon moun bay tèt li oswa lòt moun valè pou sa li genyen, menm kote a li gentan pèdi pèspektiv ki kòrèk Bondye genyen pou lòm nan. Yon moun ki pran desizyon sou yon vizyon ki enkòrèk osijè de valè lòm gen, sa gen pou mennen soufrans ak mekontantman pou li ak tout moun k ap viv nan antouraj li yo.

Jezi te bay avètisman sou danje sa yo ki nan Lik 12:15: *“Aprè sa, li di yo tout: Fè atansyon. Veye kò nou pou lajan pa pran tèt nou. Paske, se pa anpil byen ki garanti lavi yon nonm, li te mèt rich kont kò li”*. Lanmou pou lajan fè moun viv avaris; li menm ki kontrè ak jenewozite ke nou menm pitit Bondye yo dwe pratike.

Nan Matye 6:19-21 Jezi te bay disip li yo yon lòd dirèk ki se: *“Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè kapab vòlè yo pote ale. Okontrè, anpile richès nou nan syèl la. Paske la pa gen vè ni lawouj ki pou manje yo, ni vòlè ki pou pran yo pote ale. Paske, kote richès ou ye, se la kè ou ye tou.”* Ki kote lavi nou asire? Ki kote sekirite nou ye? Seyè a avèti nou pou nou pa santre lavi nou sou nenpòt bagay k ap pase oswa ki pa dirab, men se pito sou Jezikris ki se wòch etènèl la.

Bondye vle pou nou devlope kalite jenewozite a nan karaktè nou. Jenewozite a pran nesans nan yon kè ki satisfè ak rekonesan. Yon kè kote ke Lespri lanmou Bondye a ap viv epi toujou ap chèche fòm pou eksprime lanmou sa an vè lòt moun. Jenewozite sa pa menm jan ak pa mond lan. Menm moun ki pa kretyen yo bay pòv yo bagay, yo bay lajan pou zèv charite epi yo menm konn bay lajan pou travay fèt pou byen sosyete a! Men angajman kretyen an genyen pou li bay la diferan anpil de sa.

Lè Bib la pale nou de bay, li fè referans ak sipò ki plis pase lajan. Bondye ap tann pou nou bay tèt nou nan menm fason Kris la te bay tèt li paske Li te renmen nou (Efezyen 5 :2). Se yon remisyon ki genyen ladan li tout sa nou posede, tout sa nou ye tou, tout tan nou, kapasite nou yo, rèv ak anbisyon nou yo.

Lavi kretyen an, menm jan ak pa Mèt li, li dwe yon remisyon ki konplèt e ki dirab. Kretyen an dwe toujou di mèsi pou chak opòtinite li genyen pou li kontribye pou sèvis Bondye a. Pou pipiti genyen twa branch kote kretyen an gen privilèj pou li bay:

**Bay pou fanmi li.** Paran kretyen yo genyen kòm responsablite pou yo byen pran swen pitit yo, edike yo nan chemen Bondye a epi prepare yo pou yo kapab vin moun ki onèt nan lavi. Yon papa oswa yon manman ki ava avèk fanmi li se pa yon bon egzanp pou vwazinay li yo, ni pou pwòp pitit li yo. Gen moun ki moutre jenewozite yo fas ak moun ki nan nesite yo epi pou bay ofrann nan legliz la, men yo ava avèk pwòp fanmi yo.

Li enpòtan pou nou anseye pitit nou yo kèk bagay tankou sa yo:

- a. Enpòtans lajan, ba yo yon ti pòsyon pou yo administre li konfòm ak laj yo genyen an epi anmezi y ap grandi, ankouraje yo fè pwòp ti lajan pa yo epi administre li avèk bon konprann.
- b. Bay ladim ak ofrann, menm jan ak fè ekonomi pou achte bagay li yo.
- c. Administre benefis li yo olye w kite yo konprann ke lajan soti nan yon sous ki pa janm seche.

d. Pou yo chèche genyen pwòp lajan pa yo: Gen yon pastè legliz evanjelik ki te moutre timoun li yo jere ekonomi yo yon fason ki ekstraòdinè : lè yo te ekonomize nan moman yo te nan kolèj, nan klas segondè, déjà yo pat ba yo ni “15%” nan sa yo te konn ba yo nan tan avan pou depans pèsonel yo pou yo kapab soti al chèche travay, yon fason pou evite yo tounen “parazit”.

**Bay pou travay legliz la.** Legliz kretyèn yo viv parapò ak ladim, ofrann ak kontribisyon kwayan yo. Bay pou travay Bondye a se yon responsablite epi yon bon privilèj nou genyen kòm pèp Bondye. Gen kèk moun ki komèt erè lè yo bay sa ki rete a. Gen anpil moun ki gen posiblite pou yo bay yon biyè, men yo prefere lage yon ti monnen ki san valè nan plato a. Men Bib la anseye nou bay nan menm mezi nou te resevwa nan men Bondye a (Detewonòm 16:16-17).



#### ○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 5

**Bay pou moun ki nan nesosite yo:** Bib la anseye nou pataje sa nou genyen avèk moun ki nan nesosite yo, moun sa yo kapab se moun ki pòv nan antouraj nou oswa frè ak sè legliz nou ki nan gwo pwoblèm ekonomik (Efezyen 4:28).

Nan kèk okazyon kapab gen opòtinite pou ede yon zanmi epi Pawòl la mande nou pou nou fè atansyon.

**||| Mande klas la: Èske nou rekonèt kèk moun ki te pran responsablite li pou yon zanmi oswa moun li pa konnen epi li te oblije pran dèt la paske lòt moun nan pat peye li? |||**



#### ○ Mande pou yon elèv li Pwovèb 17:18 epi apre sa mande klas la: Kisa w pral fè pwochèn fwa yon zanmi oswa enkonni mande w pou w pran yon responsablite?

Bib la pa di nou ke nou dwe ava, oswa refize ede yon zanmi. Men li pa kòrèk pou nou pran epi prete lajan ki la pou nou kouvri depans pou nesosite fanmi an. Yon bon fòmil se: “Piga w janm prete lajan ke w pa nan kondisyon pou w fè kado, paske li pi bon pou w fè kado lajan an olye w pèdi yon bon zanmi akòz de lajan”.



○ **Si gen kèk frè oswa sè ki enterese pou konnen kijan moun fè plan ekonomik, ankouraje klas la reyalize aktivite 6 nan semèn nan epi mande “moun ki gen eksperyans ou te envite a” pou li reponn kesyon klas yo. Oubyen ou kapab ajoute yon klas anplis yon fason pou w kapab elaji tèm nan epi ede moun ki vle fè plan finans famiyal yo.**

**||| Mete fen avèk klas la pandan w ap fè yon revizyon sou senk prensip yo epi fè lekti a byen fò ansanm avèk elèv yo. |||**





## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Konsomasyon:** Tandans egzajere pou depans oswa tire avantaj richès yo.
- **Materyalis:** Se tandans ki genyen lè moun nan bay byen materyèl yo twòp enpòtans. Li bay doktrin filozofik sa rezon li menm ki admèt kòm sèl reyalite, sibstans materyèl, rejte espirityalite ak imoralite nan lòt.
- **Bidjè:** Se yon plan pou distribye ak itilize lajan ki antre yo. Nan ka de moun ki marye li enpòtan pou sa fèt ant yo de a. Fè yon bidjè ap ede nou wè konbyen nou depanse epi nan kisa nou depanse. Ede fè ekonomi nan depans yo epi fè plan pou ekonomize pou demen.
- **Move Lanvi:** Gwo lanvi oswa anbisyon pou rasanble lajan oswa chèche jwenn posesyon materyèl oswa lòt bagay.
- **Ava:** Moun ki refize pataje sa yo genyen avèk Bondye, oswa ki kapab bay plis men li pa deside fè li. Avaris la se yon bagay ki kontrè ak jenewozite a.



## Rezime

Move lanvi a oswa lanbsyon an se koz anpil soufrans ak move bagay ki nan mond sa epi li kontrè ak atitud jenere ke Jezi te mande disip li yo. Yon fason pou nou pa kite kouran avaris ki nan mond sa trennen nou, Pawòl la ankouraje nou konstwi lavi ekonomik nou sou senk prensip ki primòdyal: konsidere nou kòm administratè, aprann viv avèk kè kontan, aprann rete nan pèseverans, ekonomize tout sa nou kapab epi pataje tout sa nou kapab.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

**Ekri anba a yon lis sa ki lakay ou. Moun ki marye yo kapab travay aktivite sa ansanm.**

Pa egzanp, nan kwizin nan: tab, chèz, frijidè, kwizin, amwa, manje. Lè w fini avèk chak abitasyon, fè yon lapriyè remisyon devan Seyè a.

Kwizin	Chanm Pou Dòmi	Salon	Sal Pou Manje	Depo/ Garaj	Douch	Lakou/ Jaden Flè

### AKTIVITE 2

1. Dapre apot Pòl nan Filipyen 4:12-13, Kisa ki sekrè pou moun viv ak kè poze a?

2. Gade lis sa ki genyen “bagay ki fè kè kontan pou m fè nan semèn sa” ke yon papa kretyen te fè epi apre sa, dekrive pa w la.

- Mwen pral jwe ak timoun mwen yo nan mitan kay la
- Mwen pral vizite manman m, mwen pral li Bib la epi lapriyè pou li
- Mwen pral ede vwazen m nan Don Pyè pentire kay li a li menm ki genyen 87 lane.
- Mwen pral pote valiz rad nou pa bezwen sa a pou fè moun ki nan nesesite yo kado.
- Mwen pral siprann madanm oswa mari m avèk yon bon ti repa womantik nan kay la.

Pwòp lis pam nan:

---

---

---

---

---

3. De kimoun desizyon pou m viv ak kè kontan depann kote mwen twouve m jodi nan koze ekonomi avèk resous ke mwen genyen nan moman sa pou lavi mwen?

---

---

---

### **AKTIVITE 3**

#### **Ki konsèy ou menm ou ta bay? Li egzanp sa yo epi rezoud pwoblèm ki prezante yo.**

Bon administratè yo fè acha ki entèlijan. Pa egzanp: Ou kapab achte yon machin ki tounèf, men ou dwe konnen ke depi menm kote w retire machin nan nan ajans la li te gentan pèdi valè li. Si w vin vann apre kèk mwa pita, w ap blije retire yon bon kantite lajan sou pri w te achte l la. Kounye a, si w achte machin sa apre kèk ane depi li t ap bay sèvis, men nan bon kondisyon w ap ekonomize yon bon kantite lajan.

Ann wè lòt egzanp: ou kapab achte yon frijidè sou kredi oswa menm kote a lajan nan men. Lè w ap achte li sou kredi a, ou pap bay anyen nan kòmansman, men w ap genyen pou w peye yon pousantaj de \$60 dola chak mwa. Nan total w ap kapab peye nan fen ane a \$720 dola. Ak lajan nan men se 400 dola epi anplis de sa y ap retire 5%, si w achte ak lajan nan men, sa ki rete nan 380 dola: Si w rete tann epi fè ekonomi 60 dola yo chak mwa, w ap kapab achte li nan mwens pase sèt mwa epi w ap kapab ekonomize 340 dola!

Lòt pratik ki bon ankò se chwazi kalite bagay w ap achte a. Sa vle di, chak fwa w kapab, asire w ke sa w ap achte a gen bon kalite epi nan pi bon pri a. ou kapab aplike prensip sa pou nenpòt lòt bagay ou gen bezwen. Moun ki ekonomize plis la se li achte entèlijan.

#### **Pwoblèm 1**

M ap fè demach pou m al achte pantalon. Mwen kèk nan yon chòp ki gen bon kalite, pri yo se 20 dola. Men, gen yon zanmi ki dim ke li te achte plizyè pantalon nan vil la nan yon espesyal ki genyen mak ki enkonni (yo te sèvi deja ke m te achte yo lane pase epi yo te chire sou de mwa), espesyal la se achte youn epi pran lòt la pou mwatye kòb epi li vini pou 15 dola premye a epi 7.50 pou dezyèm nan. Kisa yon achte entelijan ta fè?

#### **Pwoblèm 2**

Yo ofri mwen yon machin 2000. Si m achte li ak lajan nan men, l ap koute mwen 3. 500 dola. Men menm si m genyen tout kòb la m ap kapab investi li nan lòt bagay epi peye li sou senk lane. Premye depo a se 1000 dola epi apre sa mwen dwe peye yon pousantaj de 100 dola chak mwa. Konbyen m ap peye antotal? (pou w rezoud li, miltipliye 100 pa 60 mwa epi mete 1.000 depo a sou li). Kisa w ta fè si se oumenm ki ta nan plas li?

## AKTIVITE 4

### Idantifye nesese debaz yo avèk yon lèt “N” epi dezi yo avèk yon lèt “D”.

Egzèsis sa pral ede w diferansye nesese debaz lanvi ki pa nesese debaz.

1. Aliman	11. Medikaman	21. Jwèt
2. Chemiz	12. Machin	22. Savon Lave
3. Soulye	13. Kay Prive	23. Kosmetik
4. Vyann Chenn Do	14. Apatman	24. Pafen
5. Krèm	15. Gato Anivèsè	25. Animal Domestik
6. Vakans	16. Kado Nwèl	26. Bwason
7. Televizyon	17. Transpò	27. Selilè Nèf
8. Konmpitè	18. Manje Nan Restoran	28. Materyèl Lekol
9. Radyo	19. Touris nan plaj	29. Souskripsyon Pou Kab
10. Chokola	20. Zouti	30. Jimnas

Nòt: Kèk nan bagay sa yo kapab nesese oswa dezi toudepann de lizay nou ba li. Pa egzanp yon konmpitè endispansab pou kèk travay ak etid, men li pa sa si se pou sèlman fè jwèt. Se menm bagay la tou pou TV ak radyo. Yon apatman endispansab, men se pa menm bagay la pou yon kay prive. Vakans yo nesese, men li pa tèlman nesese pou n ap fè vwayaj touristik ki koute chè. Kado nwèl la se yon tradisyon nan anpil fanmi pou demontre afeksyon, men li pa endispansab paske se sèl mwayen ki egziste pou m demontre yon moun jan mwen renmen li. Objektif egzèsis sa se pa anpeche nou genyen tout sa nou vle, men se pito limite lanvi yo nan mezi posiblite ekonomik nou yo pou nou pa tonbe nan dwe dèt ki pa menm nesese.

## AKTIVITE 5

### **Li refleksyon sa epi ekri opinyon w anba osijè de sa w te li a epi pataje obsèvasyon w yo avèk klas la.**

“Nan Amerik Latin nan nou menm kretyen yo nou dwe grandi nan jenewozite epi pran responsablite nou pou elajisman wayòm Bondye a nan mond sa. Pandan anpil lane nou resevwa anpil benediksyon ki soti nan men lòt kretyen ki nan lòt peyi pou nou achte kay epi pou soutyen lidèchip la.

Kèk lane pita, yon elèv nan seminè nan vil Ajantin nan ki se Buenos Aires te poze pwofesè istwa li ki te rele Norman Hwerton yon kesyon: èske moun sa yo ki te bay lajan pou yo te konstwi premye tanp yo nan peyi Ajantin se te moun rich peyi Etazini? Li te reponn li: Non, sa a se yon konsèp ki enkòrèk ke moun ki abite bò isit yo genyen. Lè yo te ranmase ofrann sa yo, se te nan moman kote peyi m te nan anpil soufrans ekonomik (lane 1929-1939) epi moun pa yo pat nan travay. Mwen sonje ke nou te konn fè tout jounen ap travay nan jaden pou ranmase koton pou yon dola epi chak manm legliz nazareyen te bay kòm ofrann pèyman yon jounen pou misyon yo. Li pat fasil pou nou te bay lajan sa, men moun yo te fè li akòz de lanmou.

Nou menm kretyen yo nou pa soti nan yon fanmi ki ava, okontrè, orijin nou soti nan legliz primitiv ki te diferan akòz de jenewozite li (Travay 2:44-45). Istwa legliz sentete a avèk denominasyon nou an plen ak egzanp moun ki te bay sakrifis e menm pwòp lavi yo avèk jenewozite pou fè wayòm Bondye a elaji. Bay avèk sakrifis se bay plis pase sa nou kapab bay, sa vle di anpeche nou genyen pwòp bagay pa nou epi bay li pou lè Bondye (2 Korentyen 8:3).

Bay avèk jenewozite fè pati idantite nou epi se youn nan pi gwo privilèj ke lavi ofri nou. Bondye mete lanvi ak mezi nan nou pou nou kapab bay, lè nou genyen yon kè ki pare pou fè sa.

Kisa m ap bay kòm opinyon mwen epi kisa m ap fè ak sa?

---

---

---

## AKTIVITE 6

### Modèl pou w prepare bidjè familyal ou epi kontwole li.

Depans ki prevwa yo	Kantite benefis total yo
Ladim ak Ofrann	
Apatman(lweyay, elektrisite, kab, entènèt, elatriye)	
Transpò (kontribisyon, gazolin, netwayaj, otobis)	
Manje ak pwòpte	
Dèt (Kat, prè)	
Depans pou doktè (dantis, medsen, medikaman, asirans, elatriye)	
Rad	
Ekonomi	
Edikasyon (liv, zouti, inifòm)	
Asirans (pou oto, kay, pou lavi oswa lòt bagay ankò)	
Plizyè depans tankou nan (jounal, cheve, kado, lave, elatriye)	
Rekreyasyon (restoran, vakans, pwomnad ak lòt ankò)	
Ka ijan	
<b>Total:</b>	

### LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Mak 12:41-44
- 2 Tesalonisyen 3:7-12
- Jak 1:9-11



# Pa Kite Emosyon Domine W

## Leson 6



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konnen plas ke emosyon yo genyen nan lavi li konfòm ak chema Kreyatè a.
- Konprann enpòtans pou admèt emosyon yo nan plas peze yo oswa eksprime yo san kontwòl.
- Idantifye blese nan tan pase yo pou rezoud yo ak pwosesis pou mete lapè nan emosyon negatif ke sa bay.
- Pran desizyon pou pa kite emosyon nan tan pase oswa kounye a bloke kwasans espirityèl li.



### Materyèl

- Reprèzantasyon, foto oswa odyovizyèl (power point oswa lòt) ki montre moun k ap eksprime emosyon diferan.



- **Montre materyèl odyovizyèl yo epi konplete aktivite 1.**

**111** Li chak deklarasyon nan aktivite a epi mande pou elèv yo li repons yo byen fò. Repons yo se pral yon bagay konsa: mwen te santi mwen ankòlè, mwen te anvi pete kouri soti, mwen te mare min mwen jan moun konn fache, mwen te lage chay la sou mari mwen... Apre sa, mande yo: ki panse ki te vini nan lespri yo pandan yo t ap fè eksperyans sa a yo? Kite yo ekspriye yo nenpòt jan yo vle sou emosyon yo, sou bon oswa move santiman yo, men se san yo pa jije tèt yo si santiman yo te kòrèk oswa enkòrèk oubyen sou kisa yo te dwe santi. **111**

**111** Apre sa fè yon lapriyè pou nou mande Bondye pou l ede nou rekonèt relasyon ki egziste ant panse nou avèk emosyon nou yo. **111**

### 1. EMOSYON SAN KONTWÒL YO KAPAB FÈ NOU PECHE



- **Mande pou de elèv li Efezyen 4:26,27 ak 1 Pyè 5:7,8.**

Nan de pasaj sa yo, yo avèti nou sou ki fason satan eseye pwofite li de emosyon nou yo lè nou fache oswa lè nou kontan, pou li pouse nou pran desizyon ki enkòrèk nan panse nou epi tonbe nan peche.

Ki kote emosyon yo soti? Emosyon yo se pwodwi panse nou yo. Si panse nou pa konsantre sou sa ki kòrèk, reyèlman y ap bay emosyon ki negatif kòm rezilta. Anpil fwa nou konn panse ke emosyon yo konn ka korije ak reyaksyon ki manifeste depi deyò yo, sa vle di pou sa k ap pase nan antouraj nou oswa pou bagay ke lòt moun ap fè. Si nou panse konsa, nou kapab di finalman ke debòdman emosyonèl la se yon bagay ke moun pa kapab domine, yon fason pou nou pa kapab fè anyen pou nou domine kòlè a, fachman, ensolan, ak lòt manifestasyon. Men sa se pa vre, se atmosfè a ki domine emosyon ak reyaksyon nou yo, men se pito sa w genyen nan lespri w, sa vle di, fason w konsève sa ki pase nan antouraj ou.

Verite a se ke: Se Bondye ki detèmine kimoun ou ye epi se pa evènman ki pase nan lavi w yo. Bondye ba w yon yon entelijans pou deside kòman w ap kapab entvprete evènman sa yo ak fason w pral abòde presyon lavi a ap mete devan w. Si nou di konsa: Moun sa te fè m



fache! Sa nou vle di a reyèlman se: Mwen pa gen kontwòl panse emosyon sa yo libere ak dirije reyaksyon mwen yo! Nou pa kapab domine emosyon yo, men wi, nou kapab kontwole panse nou yo. Se poutèt sa li tèlman enpòtan pou nou ranpli lespri nou avèk verite ki devwale nan Pawòl Bondye a. Si nou aprann konsidere lavi ak moun jan Bondye konsidere yo, n ap kapab fè fas ak sikonstans yo avèk menm matirite Jezi te fè l la.

Si nou pa kwè ke li reflekte laverite, ebyen santiman yo nonplis pap kapab reponn fas ak reyalyte a, men se pito yon move konsiderasyon pou menm limenm. Sèl sous verite sou lavi nou avèk tout sa ki antoure nou se Bondye. Se poutèt sa li ankouraje nou kwè nan verite a, panse avèk verite a epi viv nan verite a (Jan 13 :17). Lè w prefere kwè nan pwòp panse w olye w mete konfyans ou nan Bondye, konpòtman w ap lwen volonte Bondye. Li enpòtan anpil pou kretyen an rive rekonèt emosyon yo, oubyen okontrè li pap kapab anpeche ke sa yo pouse li fè bagay ke li dwe repanti yo.

Se Bondye ki te bannou emosyon yo pou nou kapab devlope yon wòl esansyèl nan lavi nou. Yo se sentom ki fè nou konnen sa k ap pase anndan nou, sa vle di, nan nanm nou. Pa egzanp, nou menm nou genyen endikatè ki fè nou konnen sa k ap pase nan kò fizik nou: Lè nou santi yon gwo doule, nou kouri al kay doktè; lè nou santi nou fatige, nou fè ti repoze, lè nou santi nou swaf, nou bwè.

Emosyon yo jwe menm wòl men se pou fè nou konnen kijan santiman nou yo ye, kè nou. Konsa, lè nou santi lanmou, nou demontre li, nou bay akolad, nou di youn lòt bèl ti pawòl, nou youn gade lòt avèk afeksyon. Lè nou santi kè kontan, nou souri, nou chante, nou louwe; lè nou santi lapenn nou kriye, nou fè figi nou tris, fòs nou yo ale; lè nou fache nou fè gwo bri oubyen nou rete san pale, nou fèmen pòt la avèk vyolans oswa n al rete nan chanm nou poukont nou.

Emosyon nou yo se endikatè ki fè nou konnen kòman sante emosyonèl nou ye. Menm jan nou reponn ak siyal fizik yo, nou dwe aprann reponn siyal emosyonèl yo tou.

## 2. KI JAN NOU KAPAB FÈ FAS AK EMOSYON YO?

Gen twa fason yon moun kapab fè fas ak emosyon li yo: negasyon, ekspresyon dekontwole epi rekonèt santiman yo epi chèche èd. Ann wè yo tout youn apre lòt.

### Negasyon an konsyan de santiman yo



#### Mande pou de volontè li Sòm 32:3-6 ak Sòm 39:1-2.

Sòm yo se lapriyè ak kantik kote moun yo te konn ekspriye emosyon yo devan Bondye. Nan de Sòm sa yo otè yo pale sou eksperyans pèsònèl yo nan sa ki gen pou wè ak doule ki te fè yo eseye peze oswa kache emosyon yo.

Sipriye emosyon yo konplètman tèlman se yon move bagay, li menm fè moun yo vin malad. Se yon repons enkòrèk ki domaje moun nan, relasyon li ak Bondye e avèk lòt moun tou.

Emosyon yo kòmanse ap vire tounen epi moun nan vin tounen yon chodyè ki nan kouran k ap bouyi moute epi ki prèt pou li eklate nan enpòt moman. Li eklate anndan epi nan prive

oswa nan mitan foul moun. Nye emosyon yo avèk ekspresyon li a kapab bay maladi mantal, touye moun ak oto-sasinay.

## **Ekspresyon san kontwòl la**

### **[[[ Li Jak 1:19-20. ]]]**

Nan ka sa a, apot la avèti nou nan yon lòt kote, eseye jwenn trankilite epi ekspriye emosyon yo san diskriminasyon. Fason pou abòde emosyon yo konsa tèlman mòtèl menm jan ak sa avan. Ekspriye emosyon yo kapab sèvi yon mwayen pou doulv a manifeste, men fason ke li ekspriye a kapab deranje lòt moun tou. Apre eklatman, moun nan ap santi ke li genyen yon chay lou ki soti sou tèt li, men nan pwosesis la li te deranje timoun li yo, mari oswa madanm li, zanmi oswa frè li yo.

## **Fè fas ak emosyon yo nan yon fason ki reyalis**

Opsyon ki pi bon an se lè nou sensè ak tèt nou e avèk Bondye premyeman sou sa n ap santi yo. Poutèt sa nou dwe konnen ke se Bondye ki te bannou emosyon yo epi se yon pati nan imaj li ki nan nou. Genyen moun ki panse ke yo dwe lapriyè sèlman lè kè yo kontan ak rekonesan. Men se pa sa nou jwenn nan egzans ki nan Bib yo.

### **[[[ Li Sòm 109:1-13, 26, 30. ]]]**

Pi bon plas kote nou kapab bay ekspresyon pou emosyon nou yo se fas ak Kreyatè nou an, nan entimite kominyon nou avèk Li. Bondye renmen nou san kondisyon, fas avèk Li nou kapab prezante nou jan nou ye a epi kapab ekspriye sa nou panse. Pa gen anyen nan sa nou konfese yo ki kapab chanje lanmou li pou nou. Pa gen anyen nou di k ap siprann Bondye; okontrè Li renmen lè nou sensè epi transparan avèk Li.

Pwobableman n ap santi nesite retounen vin kote Bondye epi mande li padon pa mwayen lapriyè ke nou te fè lè nou te nan moman tristès ak depresyon an. Bondye renmen lè nou fè sa, paske li konnen ke se nan pwosesis sa pou nou ouvri kè nou epi ekspriye santiman nou yo ke Sentepri a kapab pwodwi gerizon nan nanm ak kè nou.

Si lè nou fache ak fistre nou lapriyè pandan nou fè tankou si pat gen anyen ki te pase, se manti n ap fè devan Bondye epi nou ipokrit. Se akizasyon sa ke Jezi te lage sou farizyen yo. Bondye pa koute lapriyè sa yo. Si w pa sensè devan Bondye, ou pa sen; Li vle pou nou pale laverite toutan.

Lè nou depoze chay nou yo devan Bondye epi pèmèt ke li geri emosyon nou yo, nou evite ke lòt moun afekte.

## **3. KI JAN NOU KAPAB ABÒDE CHAY EMOSYONÈL TAN PASE A?**

Kwasans nou nan sentete a depann, anplis de fè fas ak emosyon yo nan yon fason ki reyalis, sou kòman nou fè fas ak blesi emosyonèl yo tan pase a. Nou tout kreyati vivan yo, nou genyen istwa ki gen eksperyans ki fè mal anpil epi ki kite blesi ak maleng emosyonèl nan kè nou. Egzanp eksperyans ki fè souffri kapab se:

- Soufri vyolans fizik oswa emosyonèl pa yon manm nan fanmi an.
- Soufri trayizon yon zanmi.
- Soufri yon aksidan oswa maladi ki domaje w nan kèk fason.
- Soufri pou imilyasyon oswa pa resevwa lanmou ak afeksyon.
- Lanmò yon moun ki pwòch.
- Soufri akòz de yon divòs.
- Soufri paske w te pè anpil.

Sa a yo oswa lòt eksperyans kite yon “chay emosyonèl” nan moun nan, epi yo se blesi ke li pote anndan kè li.



○ **Mande elèv yo pou yo gade liy ki nan men yo a. Apre sa, eksplike: menm jan liy sa yo pa ka efase, blesi emosyonèl yo ap toujou rete anndan w, yo se mak ke lavi kite pou ou.**

Santiman sa yo aktive lè yon bagay pase nan tan prezan ke lespri nou asosye avèk yo. Pa egzanp: nan tan pase a ou te genyen yon chèf sevè epi mechan ki rele Pyè epi kounye a 20 lane apre, nan yon lòt travay, yo prezante w nouvo chèf la ki rele Pyè. Reyaksyon w gen pou li diferan pase si li ta rele Jozèf, pliske Jozèf se te pi bon zanmi anfans ou ke w genyen bèl souvni de li. Repons emosyonèl nou an, sa vle di, reyaksyon nou yo, baze sou biyografi ak santiman ke nou genyen anrejistre nan pase nou. Sa kapab rive ke emosyon sa yo pase inapèsi pou ou, men, yo aktive lè w tandè oswa wè yon bagay ki pote yon eksperyans dezagreyab nan lespri w.

Kisa nou dwe fè lè sa rive? Pou w evite pou tan pase a domine sou tan prezan, ou dwe aprann viv avèk santiman sa yo ki nan ou. Premye etap la se lè yo parèt oswa aktive santiman sa yo, se rejwenn ou nan prezan epi distenge ant santiman prezan ak move eksperyans tan pase yo. Yo rele emosyon nan tan pase yo emosyon primè. Konsa li enpòtan pou nou pase kèk tan ap reflechi ak evalye emosyon sa yo konfòm ak verite a. Nan fason sa a nou kapab pèmèt ke panse nou kontwole emosyon nou yo, olye pou emosyon primè sa yo detwi lavi nou. Lè emosyon primè sa yo kapab twouve yo anba dominasyon panse w, yo rele li emosyon segondè.



○ **Ann gade kèk egzanp nan aktivite 2. Li chak deklarasyon byen fò epi mande elèv yo pou yo bay lide sou kijan nou kapab evalye dosye a epi kijan emosyon segondè a ye. Genyen anpil konsèy ki soti nan fèy aktivite yo, men kite yo konplete lide sa yo.**

**||| Sa kapab rive ke kèk elèv vle rakonte yon eksperyans e sa ap ede anpil nan aprantisaj klas la. Ankouraje klas la sèvi ak emosyon tan pase a nan fason sa epi konsa kontinye grandi pipilis nan sentete kreyèn nan. |||**

#### **4. KI JAN NOU KAPAB ABÒDE EKSPERYANS TAN PASE YO?**

Nan pwèn anlè a nou te pale sou kijan nou kapab abòde chay emosyonèl la. Kounye a nou pral pale de yon lòt bagay ki plis difisil toujou ki se kijan pou nou fè fas ak souvni tristès nan istwa pèsonèl nou.

Nou tout gen bagay oswa moun ki te enfluyanse lavi nou negativman. Pa genyen okenn preskripsyon majik ki kapab efase epizòd soufrans sa nan memwa nou, men genyen yon bon nouvèl pou nou tout e se sa 2 Korentyen 5:17 di a: *“Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèt ki pran plas yo koulye a.”*

Sa apot Pòl di la a se ke nan Kris la nou libere anba pouvwa peche nan tan pase yo. Sa vle di ke Lespri Bondye a kapab geri w de tout blesi w yo si w remèt ou nan men Li. Sa pap pase menm kote a, menm jan ke blesi ki nan kòw yo bezwen tan pou yo geri ak fèmèn, se konsa emosyon w yo ap geri tikras pa tikras.

Sepandan pou sa avan an te rive ou te dwe fè yon bagay: Ou dwe padone. Se padon an sèlman ki kapab libere nou de pase nou e se kle pou w kapab kòmanse pwosesis gerizon an. Nou pral pale piplis sou tèm padon an nan pwochen leson an.



### Konplete aktivite 3.

**||| Mete fen ak klas la pandan w ap fè yon lapriyè pou w remèt tan pase yo nan men Bondye epi mande li gerizon pou blesi sa yo ki kite tras nan lavi. Mande Bondye sekou pou nou abòde chay emosyonèl nan tan pase yo avèk bon konprann pandan semèn sa. |||**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Emosyon:** Emosyon yo se yon gwo pouse moun nan santi nan limenm ki kapab agreyab oubyen dezagreyab. Pa egzanp, yon emosyon se sa nou santi lè nou pran yon prim devan yon gwo foul moun oswa bagay sa yo ki tèlman komen “papiyon” nan lestomak ke moun nan santi lè li fenk tonbe damou.
- **Kòlè, Fache:** Kòlè a se yon santiman ki eksprime yon gwo santiman mekontan fas ak yon bagay oswa yon moun.
- **Blese emosyonèl:** Yon blese emosyonèl se yon doulè ke yon move eksperyans nan tan pase a lakòz. Eksperyans sa kapab yon bagay ki te pase nan yon moman tankou (yon aksidan) oubyen yon eksperyans ki fè plizyè tan l ap repete (tankou move tretman). Blese emosyonèl yo kite gwo maleng pwofon nan emosyon yo epi afekte konpòtman yon moun.



## Rezime

Emosyon yo se pa bagay ki mal. Se Bondye ki te bannou yo epi atravè yo menm nou kapab konnen sa k ap pase anndan nou, sa vle di santiman ak kè nou. Li enpòtan pou aprann rekonèt emosyon nou yo epi fè fas ak yo avèk panse Kris la. Li pa bon pou moun nan ap peze emosyon yo, nonplis kite y ap degrenngole nenpòt jan. Kretyen ki gen matirite a aprann kontwòle emosyon li yo nan yon fason ki reyalis, lè li ouvè kè li bay Bondye li (pi bon zanmi li a) epi pèmèt pou chay emosyonèl li a koule. Se nan dyalòg entim sa a kote gerizon blese nan tan pase yo pwodwi, li menm ki pa fèt nan Jodi pou demen men se pito kòm yon rezilta pwosesis restorasyon. Yo dwe rekonèt move eksperyans nan tan pase yo e dwe geri tou pou ke yo pa fè efè negative nan relasyon n ap viv nan tan kounye a.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

#### Kòman w t ap santi w nan yon ka konsa...?

- W ap chanje kawoutchou nan machin ou an nan yon wout kote li te eklate epi se konsa zouti w plis bezwen an kase.
- W ap fè yon manje epi w bliye diminye dife a poutèt sa manje a kòmanse bay sant yon bagay k ap boule.
- W ap kondwi byen distrè epi w manke frape yon machin ki te devan w lan, epi w tou kouri frennen byen vit.
- Ou sot nan travay byen fatige epi w jwenn chen vwazen an twalèt nan wout kay ou pou yon senkyèm fwa pandan semèn nan, epi yo kite yon “ti kado” pou ou malgre w te deja mande vwazen w lan pou li netwaye malpwòpte chen li a nan plizyè okazyon.
- W ap kondwi e se lè sa machin ki deyè w la ap plede klaksonnen pou w ka kouri pi vit.
- Ou chita byen alèz ap gade pwogram ou plis renmen an nan televizyon an epi se lè sa manman w vin di w pou w al retire fatra mete deyò.
- Ou bare pitit ou a ki se yon adolesan ap gade pònografi sou entènèt.
- Ou bare pitit fi w la ap soti ansanm ak “vagabon” ki nan katye a, ki pa menm konn al legliz e w pa janm konnen li kòm yon moun ki itil.
- Chèf travay ou a ap egzòte w paske li pa jwenn bon rezilta li te bezwen nan men w nan travay la.
- Yon kamarad travay ou a akize w pou yon bagay ki te sou responsablite pa li epi li pat fè li.

### AKTIVITE 2

#### Kijan nou kapab mete emosyon nan tan pase yo anba kontwòl?

**Premye ka:** W ap fè yon manje epi w bliye diminye dife a poutèt sa manje a kòmanse bay sant yon bagay k ap boule.

- Bagay ki te pase: Manman w avèk papa w te di w konsa ke: ou se yon pa itil! Epi, ou pa bon pou w fè anyen! Lè w pa kapab fè yon bagay byen.
- Emosyon primè: Ranking, rayisman.
- Evalyasyon mantal: Deja mwen pa yon timoun. Si mwen komèt yon erè oubyen bliye, sa montre ke mwen se imen epi memwa mwen pa pafè. Manje sa kapab retounen fèt ankò oswa ranplase pa yon lòt.
- Emosyon segondè: Ogmante akseptasyon ak konpasyon li (oto-estim), epi kolè a bese.

**Dezyèm ka:** Ou bare pitit fi w la ap soti ansanm ak “vagabon” ki nan katye a, ki pa menm konn al legliz e w pa janm konnen li kòm yon moun ki itil.

- Bagay ki te pase: Ou te genyen yon mennaj ki monden limenm ki te twonpe w epi ki vrèman te limite avèk ou.
- Emosyon primè: prewokipasyon, dezespwa.

- Evalyasyon mantal: Pitit fi m nan se pou Seyè a, mwen te remèt li ba Li. Menm si l ap soti ansanm avèk ti monden an sa pa vle di ke li gen pou soufri menm jan sa te rive m nan.
- M ap kontinye rete zanmi pitit fi m nan, m ap kontinye ba li lanmou mwen, m ap lapriyé pou li ak jèn gason sa epi si Bondye pèmèt mwen m ap kapab chita pou m konseye li pou si l'ap genyen kèk bezwen nan lavni.
- Emosyon segondè: prewokipasyon san dezespwa epi lapè retounen nan kè a.

**Twazyèm ka:** Yon kamarad travay ou a akize w pou yon bagay ki te sou responsablite pa li epi li pat fè li.

- Bagay ki te pase: Papa w te toujou ap ba w presyon pou w defann ou kont atak konpayèl ou yo ki te konn ba w kou nan lakou lekòl la.
- Emosyon primè: Gwosan, vanjans.
- Evalyasyon mantal: Bondye konnen verite sitiyasyon sa. Mwen konfye m ke l ap fè verite dosye sa parèt aklè nan limyè. Kesyon vanje lènmi mwen yo se pa travay pa m li ye.
- Emosyon segondè: Gwosan diminye epi konfyans nan Bondye a ogmante.

### **AKTIVITE 3**

#### **Evalyasyon emosyon m yo**

a. Kisa ki plis enpòtan m te aprann pou lavi m nan leson sa?

---



---

b. Nan ki fason mwen bezwen sekou Bondye pou m abòde emosyon mwen yo nan semèn sa?

---



---

c. Ki reyaksyon ki toujou prezante ki fè mwen demoutre chay emosyonèl nan tan pase m nan?

---



---

d. Yon move eksperyans nan tan pase m mwen bezwen rezoud se...

---



---

#### **LEKTI KI REKOMANDE YO:**

- 1 Samuel 1:1-28
- Sòms 62
- Sòms 69
- Sòms 119:25-32
- Sòms 143







# Move Efè Ki Kontamine

## Mank De Padon An Fè

### Leson 7



#### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konprann ke ofans ki pa padone yo mennen nou viv yon lavi ki plen ak doulè.
- Pran konsyans de chèn peche afliksyon an rale dèyè li.
- Konfese si gen afliksyon nan lavi li.
- Lapriyè pou jwenn padon epi padone moun ki ofanse ak maltrete w.
- Pran detèminasyon pou pa rasanble plis resantiman ak afliksyon nan lavi li.



#### Materyèl

- Rekoupe nouvèl nan jounal ki se pwodwi mank de padon, tankou krim ki gen pou wè ak pasyon, vanjans, elatriye. Si w pa genyen ase pou tout elèv yo, ou kapab rasanble yo angwoup.

Ann kòmanse etid Biblik nou an pandan n ap reflechi sou yon sipèstisyon ki pa soti nan Bib la men k ap ede nou konprann pibyen pwoblèm rezistans pou padone a.



**Mande pou elèv yo konplete aktivite 1.**

**[[[[ Pandan elèv yo ap li sipèstisyon an, ekri yon lis move efè ki kontamine mank de padon an fè nan tablo a. ]]]]**

**Move efè ki kontamine mank de padon an fè**

1. Relasyon detwi
2. Moun ki gen rezon grav
3. Afliksyon
4. Efè sou lasante
5. Ògèy pou blesi
6. Lawont
7. Rayisman
8. Rebelyon
9. Depresyon
10. Engratitid
11. Manke anvi pou kontinye viv
12. Doulè

**[[[[ Lè yo fini fè lekti a, mande klas la: Ki efè kontaminan mank de padon an ki masyone nan lis sipèstisyon an? ]]]]**



**Distribye nouvèl jounal yo. Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.**

N ap viv nan yon sosyete kote moun pa pratike padon. Vanjans, rayisman, rankin ak afliksyon, fin anvayi kè moun yo e konsa se tankou yon maladi kontajye ki soti nan paran yo pou antre nan timoun yo, de grann ak gran papa pou rive nan dènye jenerasyon an epi kontinye ap detwi lavi moun yo.

Nan lesan sa ak lòt ki pi devan an, nou pral pale sou rezistans pou padone a lè n ap soufri oswa mande padon lè yo fè nou mal. Ann gade solisyon ke Pawòl la ofri nou pou fini ak pichon sa nan lavi nou.

## 1. PADONE A SE KALITE LAVI DISIP KRIS LA

### Li Matye 6:12 ak 13 ansanm avèk klas la.

Nan modèl lapriyè nou jwenn Seyè a te kite pou nou n ki genyen kondisyon pou Bondye padone nou se lè nou padone moun ki fè nou kichòy. Jezi te gentan konnen ke youn nan pigwo tantasyon kretyen an se t ap difikilte pou padone.

Nan lapriyè sa a nou wè ke padone a se pa yon opsyon, men se pito yon kondisyon pou moun nan rete fè pati fanmi Bondye a. Se pa yon bagay mwen kapab kite pou demen, semèn pwochèn, oswa lane k ap vini. Refize padone imedyatman se peche, se kite mal la domine nou, olye nou fè byen.

Moun ki kenbe rankin nan kè li kont pwochen li pa dign pou li vin disip Kris, se pa paske Bondye retire li, men se pito avèk aksyon li yo li gentan ap demoutre ke Jezi pa wa lavi li. Kote ki pa genyen padon, genyen rayisman, rankin, vanjans, resantiman ak plizyè lòt fwi egoyis. Men nan lòt sans lan, lè nou padone youn lòt, nou pèmèt ke pouvwa ak glwa Bondye koule nan lavi nou epi transfòme lavi lòt moun. Glwa Jezikris la te manifeste sou bwa Kalvè a, se pa paske Jezi te rele yon lame zanj epi li te vanje tèt li kont lènmi li yo, men se lè li te pwononse pawòl sa yo ki di: “Papa padone yo...” (Lik 23:34).

Ki kote afliksyon an soti? Afliksyon an pran nesans nan fè rezistans pou pa padone. Padone a se yon desizyon. Lè nou refize padone blesi emosyonèl la olye li geri, li vin tounen afliksyon.

Blesi emosyonèl la kapab pwodwi lè kèk moun fè nou kèk mal avèk pawòl oswa aksyon li yo, sa sèvi nou yon move eksperyans. Sa yo kapab se: move tretman vèbal, vyolans fizik, twonpe, vòl, tripotay, rebelyon, mank de atansyon, ak plizyè lòt ankò. Lè pa genyen padon, blesi sa pap geri epi moun nan ranpli ak afliksyon. Afliksyon an bay yon gwo doule. Menm jan lè gen yon blesi nan yon kò ki pa geri enfekte, yon blesi emosyonèl ki pa geri vin konvèti an afliksyon.

Nan lòt ka yo, ofans lan kapab soti nan yon bagay ke nou apèsi oswa sispèk ki se yon ofans, se konsa moun ki konsyan ap ye oubyen se pa paske nou santi nou fwase.



### ○ **Konplete aktivite 3**

Genyen kèk moun ki panse ke apre kèk tan y ap ka bliye ofans yo epi afliksyon yo prale. Okontrè, tout bagay ki pa padone imedyata, li grandi ak multipliyè tankou yon move semans, ki rive kontamine tout lavi jouskaske tout bon kwasans ki bon yo paralize. Tankou Winkie Pratney eksplike: “Lè genyen afliksyon, w ap konsantre w sou sa “moun mechan sa” te fè w la; yo kreye yon achiv, epi ou rele tit la: “Bagay ki mal ke moun sa te fè m yo”. Achiv sa gwo anpil, epi chak fwa moun sa fè w yon bagay ki nwi w oswa ki pa fè w plezi, ou mete li nan achiv la avèk rès blesi yo”. Achiv sa vin grandi pi gwo toujou, epi genyen moun ki konsève anpil achiv konsa nan memwa yo pou plizyè moun diferan.

Se poutèt sa ke otè lèt Ebre yo avèti nou sou danje ki genyen lè nou kite rasin aflikasyon an pran chè nan lavi nou.

### [[[ Li Ebre 12:12-15. ]]]

Aflikasyon an pa sèlman afekte moun ki pa padone a, men tou, li kontamine lavi tout lòt moun ki nan antouraj li. Aflikasyon an paralize kwasans nou nan lavi ki sen an, li fè nou ale lwen Bondye epi finalman l ap fè nou pèdi lavi ki pap janm fini an. Aflikasyon an ap detwi fwi Lespri ki nan lavi nou yo tikras pa tikras, li pote ale, kè kontan, kè poze, pasyans ak tout lòt yo, mennen kretyen yo nan yon eta ki pi mal pase jan yo te ye avan yo te vin aksepte Kris kòm Sovè.

## 2. AFLIKSYON AN TRENNEN NOU AL KOMÈT ANPIL PECHE

Moun ki kite aflikasyon an pran kontwòl lavi li, li kòmanse yon pwosesis pou li tonbe nan yon labim peche. Sa kòmanse avèk dezobeyisans pa padone a, ke jan nou te wè sa nan pwèn avan an, se peche, se dezobeyi yon kòmandman ke Jezi te bannou, epi peche a pa janm vini poukont li. Jeneralman pou kòmanse a se tankou motè yon tren ki chaje ak fwi epi pote ladan li plis peche ki ansanm. Ann wè kisa Pawòl la anseye sou siyal ak peche ki manifeste nan yon moun ki ranpli ak aflikasyon.

### Aflikasyon an separe nou avèk lòt moun

Moun ki malad avèk aflikasyon aji tankou ti animal ki blese epi tonbe ap niche blesi li yo. Panse negatif yo anvayi li, li ranpli ak oto-konpasyon, pandan l ap santi kè sansib pou pwòp tèt li.

Lè li wè moun li kache paske li pè pou yo pa blese li ankò. Kèk fwa fèmèn anndan chanm oubyen kay li, nan lòt okazyon se nan li menm. Genyen kèk k ap mache ak figi yo byen tris, gen lòt menm ki moutre yon souri ki pa reyèl vre epi yo di ke yo byen. Men anreyalite yo pè mete konfyans yo nan lòt moun, pou louvri kè yo ki blese yo a pou resevwa plis ofans.

Anreyalite, izòlman sa pa ede, paske li separe moun nan avèk lanmou e pawòl ankourajman epi konpreyansyon ke lòt moun kapab ba li. Sa ki verite a se ke moun sa yo ki tris, renmen plenyen, negatif oswa toujou nan lapenn yo toujou fè moun ki nan antouraj yo ale lwen yo. Se poutèt sa Pwovèb 18 :14 di konsa: *“Lè yon moun anvi viv, sa ede l’ anpil lè li malad. Men, si li dekouraje, ki moun ki ka remoute kouraj li?”*

### Aflikasyon an fè nou vin engra

Lè yon moun toujou Lè santi konpasyon pou pwòp tèt li oubyen konsantre sou pwòp tèt li, li rive kwè ke li se yon viktim epi genyen dwa pou li jwenn restorasyon. Nan lòt mo, li santi ke tout moun dwe mande li eskiz epi li menm li pa dwe pèsòn anyen.

2 Timote pale osijè de yon ka ki laj sou kondisyon sa. Yon oto-estim ki ka rive bezwen moun ki pou leve egoyis li a byen souvan, pou yo ba li glwa pou sa yon moun ye ak sa li fè.



### ◦ Mande pou yon elèv li 2 Timote 3:1-2.

Moun ki engra yo pa emab ak moun k ap ba yo sèvis, yo vin egzijan epi yo maltrete moun sa yo k ap viv nan antouraj yo. Yon fason pou yo bay tèt yo glwa, pandan y ap soulinye erè yo ak lòt bagay ki fè yo kwè ke yo siperyè de lòt moun. Yon moun konsa rive renmen pwòp tèt pa yo sèlman, yo vin konvèti kòm pwòp bondye yo.

### Afliksyon an fè nou jije avèk kè di



### ◦ Mande pou yon elèv li Matye 7:1-5.

Akoz de ofans moun ki genyen afliksyon an reseswa (oswa kwè ke li resevwa) santi li genyen dwa pou li jije tout moun. Li pa kapab sispann jije lòt moun epi li fè sa mal, paske lè l ap fè sa, sa l ap chèche a se siyale defo ak erè yo, olye pou li souliye bagay pozitif oswa bon bagay lòt yo.

Moun ki aflije a jije lòt moun pandan li pa menm baze li sou agiman oswa bagay ki klè, men se pito bagay ki fonde sou pozisyon li yo, nan sa li “santi” oswa “panse” ki se laverite, men li pa kapab demontre sa li di. Anreyalite, lè moun ki aflije a deklare yon pawòl kont yon moun, li déjà kondane li, jan nou te wè sa nan egzanp aktivite 2.

Nan pasaj Matye sa a, yo di nou ke nou dwe fè atansyon nan fè jijman kont pwochen nou yo. Nou menm lèzòm, nou pa genyen kapasite pou nou jije entansyon ki nan kè, se sèlman Bondye ki kapab fè sa. Sa vle di ke nou dwe kite sa nan men Bondye, olye pou nou chwazi pran wòl pou Bondye jwe. Apot Pòl avèti nou sou gravite ki genyen lè yon moun etabli tèt li kòm jij sou entansyon lòt moun.

### [[[ Li Women 2:1-2. ]]]

Se yon sèl bagay ke nou menm lèzòm nou genyen kapasite pou nou jije se bagay ki parèt klè devan zye nou. Pa egzanp nan Matye 7:20 Jezi te di konsa: “Se akòz de fwi yo bay, ou va rekonèt yo” epi nan Jan 7:24 yo di nou: “Pa jije sou laparans. Jije dapre sa ki dwat.”

Pwoblèm ki genyen nan afliksyon an se ke li bòykote balans jistis la epi li fè nou pèdi objektif aksyon ki klè devan zye nou. Mezi ke Bondye mezire nou an baze sou jistis ak verite, men tou avèk lanmou e mizèrikòd. Moun ki aflije a, kòm li avèg akòz de resantiman li, li pa kapab wè tout bagay yo. Verite ak jistis la ranplase pa pwòp opinyon li pou jan bagay yo ye. Lanmou ak mizèrikòd pa la nan jijman li yo, deja sa yo, pa kapab abite nan yon kè ki chaje avèk rayisman ak lanvi pou fè vanjans.

Moun ki aflije a pa sèlman jije san mizèrikòd, men tou li pwopaje jijman sa a yo sou fòm rimè ak kritik ki detwi pou sal repitasyon lòt moun yo.

### Afliksyon an pwodwi yon konpòtman rebèl ak pètinans

Moun ki aflije a konsève santiman kòlè anndan kè li ak fachman ki chèche eksprime li nan kèk fason. Kòlè sa chèche vanje li akòz de domaj li resevwa, sa vle di, remèt mal yo te fè li a, pandan l ap panse ke nan sans sa a doulè li a pral soulaje. Dezi sa pou fè “vanjans” lan montre yon atitud rebèl fas ak tout lòt moun ki genyen kèk fonksyon lidèchip, espesyalman moun sa yo ki okipe menm fonksyon avèk moun ki te ofanse li a.

Pa egzanzp, yon moun ki te sibi vyolans nan men papa li, li kapab demontre rebelyon fas ak tout lòt gason ki gen otorite ki prezante nan lavi li, tankou, pastè li, patwon li, mari li, ak anpil lòt ankò. Yon lòt kote, si li kontinye rete anba dominasyon yon moun ki te ofanse li (oswa kwè ke li te resevwa ofans) kapab montre rezistans pou li obeyi ak rebelyon.

Moun ki aflije a refize obeyi lòt moun oswa genyen pwoblèm pou soumèt li akòz de plizyè rezon:

- a. Li pa fye lanmou moun sa yo avèk bon entansyon yo anve yo.
- b. Nan kesyon rechèch pou li leve oto-estim li, li vin egoyis ak awogan sa ki kontrè ak atitud imilite ke sa mande pou soumèt li anba lidèchip lòt moun.
- c. Akòz de blesi li yo, li kwè ke avèk otorite oubyen avèk dwa li genyen pou jije ak kondane tout sa lidè a fè oswa di.
- d. Li kwè ke li genyen dwa pou yo toujou konsidere opinyon li yo kòm plis enpòtan pase pa lòt moun yo. Li move epi fèmen sou li pandan li konsantre sou pwòp panse li yo, pandan l ap minimize lòt opinyon yo.

Sa ki plis grav nan konpòtman rebelyon sa a se ke finalman l ap chite. Opinyon nou avèk volonte nou yo rive genyen plis valè pase Pawòl ak volonte Bondye. Gen rezistans pou obeyi Seyè a, sa ki kapab pouse nou chèche lòt chemen oswa lòt dye ki konfòm ak lanvi nou yo. Nan Bib la nou jwenn kote pèp Izrayèl la te konn tonbe nan idolatri byen souvan lè Bondye konn pa reponn oswa lè Li pat ba yo bagay yo kwè yo te merite.



.....o **Mande pou yon elèv li 1 Samyèl 15:23 epi mande klas la:  
Avèk ki peche pwofèt Samyèl asosye rebelyon ak kè pètinan?**

Si afliksyon an pa korije, menm si se bonè oubyen ta, l ap fè moun nan vin lènmi Bondye kanmèm jan Matthew Henry ekri: “Pa gen okenn lòt bagay ki plis pwovoke Bondye pase dezobeyisans, lè nou mete volonte nou kont pa l la. Se poutèt sa li rele rebelyon ak pètinans, li konsidere kòm maji ak idolatri. Viv nan dezobeyisans fas ak vrè Bondye a se menm bagay ak sèvi lòt dye yo.

Moun ki rebèl la bati desten li sou konesans li. Nan kè li l ap “devine” pwòp avni li ke déjà li gentan konnen ki kote li prale. Moun ki pètinan sèlman fè sa li vle fè epi pa pèmèt pèsòn gouvène lavi li. Sa se idolatri sa vle di l ap swiv pwòp volonte li limenm ki se pwòp dye pa li. Lè moun ki rebèl ak pètinan rive vin okipe yon pozisyon lidèchip nan fanmi li oswa legliz la, sa li pral fè se detounen moun yo pou yo antre nan rebelyon kont vrè Dye a, pou fè yo sèvi pwòp lanvi yo avèk pwòp volonte egoyis li. Nan kèk okazyon, moun sa yo ap bay yon fo aparans mizèrikòd epi vin tounen yon pwofesyonèl pou entèprete Pawòl Bondye a epi itilize li pou di ke yo vle epi pou moun idolat yo obeyi yo. Yo se lidè ki pa koute lòt opinyon, sèlman yo kapab travay avèk moun ki twouve yo pi ba nivo li e konsa yo vin tounen diktatè.

### **Moun ki aflije yo fè ti gwoup pa yo**

Nesesite pou resevwa konpasyon an pouse moun ki aflije a chèche remèd atravè kèk mwayen ki enkòrèk pandan l ape eseye fè moun wè kondisyon li. Yon fwa li fin kapte atansyon lòt moun, moun ki aflije a kontamine anpil lòt moun tout fason li kapab. Se pa yon bagay ki fèt entansyonèlman, men afliksyon an se tankou yon blesi enfekte oswa yon fwi ki pouri ki pa kapab evite kontamine oswa detwi lavi ki nan antouraj li.

Moun ki aflije a santi li pibyen lè li mache ansanm ak lòt moun ki nan menm kondisyon avèk li. Moun ki rebèl la santi li alèz lè li nan mitan moun ki rebèl menm jan avèk li yo. Moyiz te gen pou devwa fè rankont avèk yon gwoup moun ki te fòme yon ti gwoup ansanm avèk Kore pou fè rebèl.



### Mande pou yon elèv li Nonb 16:1-3.

Kore te enplante yon rebelyon kont Moyiz, lidè ke Bondye te rele pou gide pèp li a. Kore te rive fè 250 gason enpòtan mete tèt ansanm avèk li. Yo te fache kont Moyiz paske li te retire yo nan peyi Lejip, kote yo te genyen kèk byennèt ke yo te genyen akòz de esklavaj la. Yo te rann Moyiz koupab paske li pat ko fè yo antre nan tè Bondye te pwomèt yo a. Men lè yo te leve kont Moyiz avèk Arawon, se te kont Bondye tou yo t ap fè sa li menm ki te rele yo pou reyalize fonksyon lidèchip sa. Bondye te apiye lidè li a nan destriksyon fanmi mesye sa yo ki te simen afliksyon ak rebelyon nan mitan pèp la.

Pafwa, rebèl yo vwale rebelyon yo a avèk yon fo espiritualite epi rive twonpe anpil moun. Karakteristik moun sa yo se ke yo itilize metòd oubyen taktik monden pou yo reyalize rèv yo, tankou: simen tripotay, sal repitasyon lòt moun, defòme aksyon yo, minimize bon bagay lòt moun fè, fè plan ansekrè pou domaje lòt moun epi se yo, se pa yo (sa vle di, yo vowe wòch la epi yo kache men yo).

### Moun ki aflije a genyen yon atitud defansif

Tout moun ki viktim pa mwayen lòt moun genyen tandans pou li bay tèt li tò. Nan li menm li panse ke li ta kapab fè yon bagay pou anpeche move eksperyans sa pwodwi. Sa fè li vin santi li koupab; koupab paske li pat fè anyen pou anpeche sa fèt, oubyen koupab paske li te fè yon bagay ki lakoz sa rive. Li santi li koupab tou paske li pa padone epi paske li fè bagay pou li vanje tèt li kont moun ki te ofanse l la.

Kòm repons natirèl pou li soti anba kilpabilite sa, moun nan pwojekte li sou lòt moun. Nan kè li, li santi li satisfè pandan l ap fè lòt moun sanble pi koupab, chay kilpabilite li a ap vin pi lejè pou l pote. Se poutèt sa, moun ki aflije a vin tounen yon pwofesyonèl pou jistifye move santiman ak aksyon li yo, li kapab di pa egzanp: “mwen genyen yon bon rezon pou m aflije, monchè èske w konnen kisa yo te fè mwen?”, oubyen “èske se twonpe mwen ta twonpe tèt mwen, men lòt yo pimal pase m”. Si l’ap pale dwòl avèk yon moun pandan l’ap siyale erè ak defo li yo, lè l ap ofanse santiman moun nan, l’ap di konsa: “se konsa mwen ye, sa a se fason mwen” pandan l ap endike lòt moun pou di se pou moun aksepte yo jan yo ye a. Si lòt moun nan santi li blese, li pap admèt se akòz de li, men pito, akòz de gwò sansiblite li genyen!

Lè yo rive okipe yon pozisyon pou gouvènè, yo itilize kòm eskiz responsablite yo oswa pozisyon an pou maltrete moun epi rann yo koupab akòz de pwòp defo pa l yo.



### Mande pou elèv yo konplete aktivite 4 ak 5

## 3. KÒMAN NOU KAPAB LIBERE ANBA ESKLAVAJ AFLIKSYON AN?

Sèl fason nou kapab soti anba manti afliksyon an se lè nou kite Bondye geri blesi nou yo. Kòman nou kapab resevwa gerizon sa?

## **Sekrè a se padone moun ki ofanse nou an!**

Premye etap la se padone moun ki kreye ofans lan. Youn nan pibon egzanp ke Pawòl la ofri nou se konpòtman David la. David te genyen rezon ki klè pou li te fache kont Sayil, limenm ki te peye li mal nan plas byen. Sepandan, David pat janm remèt li mal tou malgre li te jwenn plizyè chans pou l te vanje tèt li, li pat fè sa. David te konnen ke Sayil te yon lidè ki te twonpe tèt li, men tou li te konnen ke se Bondye ki te chwazi li kòm wa peyi Izrayèl epi ki te leve men kont li, li te antre nan rebelyon kont volonte Bondye. David te konnen se pat responsablite pa l pou li te kondane wa a pou aksyon li yo.

Nan epòk sa a, pat konn genyen eleksyon jan nou genyen sa nan legliz nou yo nan tan jodi a, kote ke pèp la te kapab vote pou dezapwouve lidè li yo dapre fwi lidèchip yo. Se konsa yon wa te ye jouska lamò. David pat janm mande mal pou Sayil. Li te konnen ke yon jou Sayil ta genyen pou l ta nan prezans Bondye epi ta jije pou tout lenjistis li te komèt kont li ak lòt moun (1 Samyèl 16-31).

## **Kòman yon moun dwe padone?**

Sa fè plizyè lane pita, te genyen yon koutim pou fè timoun ki goumen yo yo rekonsilye. Yo te mete yo kanpe youn fas ak lòt epi sa ki te ofanse lòt la te dwe di konsa: “Padone m” epi sa ki te sibi ofans lan dwe reponn “Mwen padone w” epi apre sa yo bay akolad pou yo siyen kontra. Se pa paske sa ta yon bagay ki mal, men sa pat tèlman bay bon rezilta paske se pa timoun yo ki te deside fè sa men se pito granmoun yo epi sa ki te rezilta a se te yon fo alyans sou mande padon.

Pou padone yon moun ou dwe onèt, fè moun nan konnen ki kantite blesi li ouvri nan oumenm avèk pawòl e aksyon li yo. Fè sanble ke anreyalite lòt la pa ofanse nou oswa ke sa te déjà pase, lè se pa verite, li pap ede pou geri blesi yo.

Pou padone nonplis nou dwe jistifye oswa eskize lòt moun pou mal ke li te fè. Chak kretyen dwe aprann responsab pou sa yo di ak fè. Nan fason sa a n ap ede moun k ap ofanse a korije kondwit li, olye pou li kontinye ofanse lòt moun yo.

Padone a dwe yon bagay ki san kondisyon, sa vle di san gade sou sa yo te fè. Nou pa genyen opsyon pou nou chwazi ki kalite bagay nou pral padone e kisa non. Menm nan ka kote nou pa kapab fè fas ak moun k ap ofanse a, oswa ke moun k ap ofanse a pa admèt kilpabilite li, oswa ki te mouri déjà, nou dwe padone epi remèt moun sa bay Seyè.

Padone tout bon an vle di beni moun k ap ofanse a, sa vle di swete li bon bagay yo, remèt byen pou mal (Matye 5:44).

## **Kòman nou kapab konnen tout bon lè moun nan padone?**

Lè yon moun pran yon desizyon pou padone epi se pa sèlman pawòl sou lèw oswa sèlman yon bon entansyon, men pito nou detèmine pou nou “efase achiv” kote nou te anrejistre dèt ke moun sa te genyen avèk nou, se lè li padone reyèlman. Se sèlman Bondye avèk nou ki kapab konnen si nou padone vre. Nou dwe tann ke kòm rezilta padon an, menm kote a nou ranpli ak santiman lanmou anvè moun k ap ofansè a, sepandan gen kèk fwi oswa rezilta ki pral vini nan lavi nou pazapa lè nou padone. Sa yo se:



- Lapè retounen nan kè a.
- Nou vle sa ki bon pou moun ki ofanse moun nan
- Lè nou kanpe fas moun sa oswa raple li ke nou pa santi resantiman.
- Nou kapab lapriyè pou byennèt moun k ap ofanse a.

Yon fwa nou fin netwaye lespri nou de move achiv sa yo ke nou te konsève pandan plizyè jou, semèn, mwa oubyen menm ane, nou dwe anpeche yo retounen vin fè pil ankò, pandan n ap padone nenpòt ofans epi chèche gerizon Sentespri a nan nenpòt sikonstans ke nou santi nou fwase oswa sibi move tretman san koz.



○ **Fini leson sa avèk lapriyè jan yo mande sa nan aktivite 6.**

## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Oto-estim oubyen oto-apresyasyon:** Se opinyon emosyonèl pwofon ke moun yo genyen osijè de pwòp tèt yo.
- **Pètinans:** Rebèl, tèt di.
- **Afliksyon:** Santiman lawont oswa remò.
- **Rankin:** Santi opozisyon kont yon moun sowa yon gwoup moun ki te maltrete w. Kòlè ki pa rezoud sou yon bagay negatif ki te rive w. Move dezi li santi chak fwa l ap panse ak yon moun espesifik oswa evènman epi ki te fè w pèdi konfyans ak dout lè w ap pale osijè de yo. Se sentom ki klè ke pa genyen padon. Li kapab parèt kont ou menm lè w echwe nan kèk plan ke w te deja investi anpil tan avèk enèji. Li kapab nan kèk ka, yon soufrans dirab epi ansilans oubyen nan lòt pati a, pwodwi aksyon vyolans vèbal oswa fizik kont sa ki lakoz ofans yo.

## Rezime

Lè yon moun ofanse nou avèk pawòl oswa aksyon epi blese santiman nou yo, genyen yon blesi emosyonèl ki vin pwodwi nan nou si li pa jwenn gerizon touswit pa mwayen Sentespri a l ap pote non afliksyon. Afliksyon an se yon gwo doulè ki ranpli nou avèk rankin, ak panse negatif, li vòlò esperans nou, li fè nou wè sa ki negatif ak lèd nan tout bagay ak moun yo epi finalman li pouse nou konsantre nan noumenm avèk dezi e panse nou yo. Izòlman, rebelyon, engratitid, tèt di, yo se kèk nan manifestasyon peche ki pwodwi afliksyon an. Afliksyon an pa konfòme li avèk kesyon ofanse moun sèlman, men pito li kontamine tout moun ki nan antouraj li yo. Sèl fason pou nou libere anba afliksyon an se lè nou padone moun ki fè nou kichòy la epi sa ap rive posib sèlman pa mwayen pouvwa lanmou Bondye k ap manifeste nan nou.



### AKTIVITE 1

#### Nan liv ke otè Lewis Smedes te ekri ki pote deklare sipèstisyon sa ki adapte pou itilize kòm materyèl diskisyon.<sup>1</sup>

##### Ti sipèstisyon zye majik yo

Nan tribi Faken anndan nan peyi Woland te genyen yon boulanje wo epi awogan ki te rele Pouke. Li te genyen manton li byen long ak nen li pwenti. Fouke te yon nonm tèlman zevè ke li te sanble ke severite a te konn soti nan bouch li nan yon pwèn ke menm moun te prefere pa apwoche kote li.

Hilda madanm li se te yon dam byen gwo ki te genyen bra li yo byen plen ak yon kò byen fòmè. Hilda te diferan de mari li, moun te konn plis vin pale avèk li paske se te yon fanm janti ki te konn pataje ansanm ak lòt moun.

Hilda te respekte mari li epi li te renmen li rive nan dimansyon ke Fouke te pèmèt li. Men nan kè li, li te prefere yon bagay anplis ke severite li a. Kabann li te sèl temwen nesosite ki eksprime nan dlo nan zye li yo. Yon maten, apre li te fin travay pat pen li a pou mete nan fou yo, Fouke te retounen lakay li epi jwenn yon lòt moun sou kabann avèk madanm li.

Adiltè Hilda a te rive vin yon konvèsasyon nan tout mache piblik epi eskandal legliz Faken an. Tout moun te dakò pou Fouke te mete l deyò nan kay la, paske li te sevè anpil. Men li te siprann tout moun lè li te di ke Hilda ta kontinye rete kòm madanm li epi li te padone li jan Bib la mande sa.

Men, anndan kè li, sepandan, Fouke pat kapab padone Hilda pou pote wont lan pou kay la avèk non li. Lè li te panse ak madanm li, santiman li yo anvè li te ranpli ak kòlè e severite. Li te minimize li tankou yon pwostitye nan lari. Reyèlman li te rayi li paske li te trayi apre li te fin viv avèk li kòm yon tèlman bon mari pou li. Sèlman li te pran pretèks padone Hilda pou ke avèk mizèrikòd sevè li a ta kapab pini li.

Men nan syèl la yo te wè ipokrezi Fouke a. Chak fwa ke Fouke te santi rayisman sekre a kont Hilda, gen yon zanj ki desann soti nan syèl epi lage ti wòch li a nan kè misye. Chak fwa yon ti wòch te tonbe, Fouke te santi yon doulè nan kè li, kòm doulè li te santi lè li te wè Hilda nan bra lòt moun. Konsa li te vin pi rayi li, rayisman li a te pote plis doulè epi doulè a te pote plis rayisman. Tiwòch yo te vin miltipliye. Epi kè Fouke te vin byen lou jouskaske li te panche sou fas lè l ap mache akòz de pèz la. Fouke te santi li tèlman fatige, li te menm kòmanse ap mande lanmò.

Zanj ki te konn lage tiwòch yo nan kè l la te vin vizite li yon sware epi nonm nan te mande li kisa pou l fè pou li delivre anba doulè ak pèz la. Te genyen yon sèl medikaman pou geri kè blese a. Fouke ta bezwen mirak zye majik yo. Li te bezwen zyen ki ta kapab gade jan sa te ye avan doulè a te kòmanse, pou li sispann wè Hilda tankou fanm ki te trayi li, men pito tankou yon fanm ki fèb ki te bezwen li. Sèlman yon fason diferan pou wè bagay yo atravè zye majik yo, sa ta kapab geri blesi ak doulè yè a.

Fouke te pwoteste: “Hilda koupab, pa gen anyen ki kapab chanje sa ki pase a, menm yon zanj”. Zanj lan te di li “wi pòv gason k ap soufri, ou gen rezon, ou pa kapab chanje sa ki déjà pase a, ou sèlman kapab geri ki soti nan sa ki te pase a. Epi ou sèlman kapab geri li atravè vizyon avèk zye

<sup>1</sup> Lewis B. Smedes *Forgive and Forget: Healing the hurts we don't Deserve* (Padone ak bliye: Geri blese nou pa merite yo). USA: Pocket Books 1984.

majik yo”. Fouke te mande li: “e kijan mwen kapab jwenn zye majik sa yo?”, zanj lan te reponn li: “ou sèlman bezwen mande yo epi w ap resevwa yo. Epi chak fwa ou wè Hilda avèk nouvo zye w yo, gen yon tiwòch k ap soti kite kè w k ap souffri a”.

Fouke pat kapab rive mande li nan kòmansman paske li te gentan renmen rayisman li a. Men doulè nan kè li a finalman te motive li epi li te kòmanse mande je majik ke zanj lan te pwomèt la. Li te mande epi zanj lan te reponn. Hilda te kòmanse chanje devan je Fouke menm kote a, enkwayab e se yon mistè. Li te kòmanse wè li tankou yon fanm ki plen ak nesosite ki te renmen li olye de yon move fanm ki te twonpe li.

Zanj lan te akonpli pwomès li a: li te retire tiwòch yo nan kè Fouke youn apre lòt, menm si te gen yon bon kantite tan ki te pase avan ke tout te fin soti. Pazapa Foukè te santi kè li pi lejè, li te kòmanse mache dwat ankò, epi nen li avèk manton li te sanble mwens pwenti. Li te anvi Hilda vin antre nan kè li yon lòt fwa ankò epi li te vini, konsa yo te kòmanse yon chemen ranpli ak kè kontan avèk imilite ansanm.

## AKTIVITE 2

### Evalye nouvel nan journal yo epi reponn kesyon sa yo:

1. Ki koz ki kache dèyè nouvel sa yo?

---

---

---

2. Nan kisa sa k ap pase nan sosyete nou an sanble ak sa ki rakonte nan “Ti sispèstisyon je majik yo”?

---

---

---

## AKTIVITE 3

### Èske yon bagay konsa te rive w nan kèk okazyon?

- Yon zanmi m te achte menm sandal ke mwen te renmen yo epi mwen panse ke li te fè sa avèk move entansyon paske yon lòt zanmi m te konnen ke m te renmen li epi l ale di l sa.
- De zanmi chita y ap pale, yo gade mwen epi yo pete yon kout ri. Mwen santi mwen ofanse paske m panse se mwen menm yo t ap ri a.
- Mari m te bliye pote gato anivèsè pitit nou an epi kounye a yo gentan fèmen patisri a. Mwen santi m ofanse paske m panse ke li pa renmen fanmi li ase.
- Madanm mwen mete epis li konnen mwen pa renmen an nan manje a epi menm kote a mwen gentan panse ke li pa renmen menm jan ak lontan.
- Frè a pa salye m nan sèvis la jodi a epi li menm vire figi li gade lòt kote epi mwen panse ke li te fè sa avèk fèm konviksyon epi mwen santi m ofanse pou move konsiderasyon sa.
- Pastè a bliye site non mwen nan lis moun ki te travay nan pwojè a, mwen santi mwen ofanse paske m panse ke li pa bay travay mwen an valè epi li pa bezwen m nan ekip li a ankò.

Eksperyans ou: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

#### **AKTIVITE 4**

### **Reponn kesyon sa yo avèk Wi oubyen Non pou konnen si...èske mwen gen afliksyon nan lavi mwen?**

- \_\_\_ Èske gen kèk moun ki te fè m yon bagay ke mwen poko padone jouskaprezan?
- \_\_\_ Èske mwen rete byen move ansilans lè li la oubyen lè yo site non li/yo?
- \_\_\_ Mwen santi m pa alèz lè mizik la, yon fim, oswa yon pwogram televizyon fè m sonje diskisyon ke mwen te fè avèk li/yo.
- \_\_\_ Mwen pale de li/yo nan yon sans pou m bay fawouch?
- \_\_\_ Mwen genyen enkyetid oswa panse ki dezagreyab sou li/yo?
- \_\_\_ Mwen santi mwen bloke nan efò kwasans pèsònèl mwen yo san konnen rezon an?
- \_\_\_ Mwen santi m sovaj san konnen poukisa?
- \_\_\_ Èske mwen santi m deprime, dekouraje, epi mwen santi li difisil pou mwen soti nan sitiwayon negatif mwen santi m nan?
- \_\_\_ Èske mwen evite mansyone oswa diskite nenpòt tèm ki gen relasyon avèk dèdye fache oswa malèz osijè de moun sa a/yo?
- \_\_\_ Èske mwen sere dan epi souri lè reyèlman mwen anvè fè gwo bri lè m tandè moun sa a pale?
- \_\_\_ Èske mwen fòse rete bò kote moun sa a pandan ke reyèlman mwen pa vle konnen anyen de li/yo?

#### **AKTIVITE 5**

### **Fè yon lis ofans ke lòt moun te fè w sibi, idantifye avèk yon "R"yon menm ke lè w sonje yo ou reyaji avèk resantiman, rankin ak afliksyon epi yon "A" devan sa yo ou konne reyaji avèk lanmou e mizèrikòd.**

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## **AKTIVITE 6**

### **Gid pou lapriyè**

1. Mande Bondye padon paske w te konsève resantiman oswa aflikasyon nan lavi w epi paske w pat gentan padone moun nan depi avan.
2. Di Bondye desizyon ou genyen pou w padone moun ki te ofanse w la.
3. Mande Bondye pou l padone moun ki te fè w soufri yo.
4. Mande Bondye pou li chanje resantiman w lan pou lanmou pou moun sa, oubyen moun sa yo epi pou li ede w demoutre l li.
5. Mande Bondye pou li ede w pale avèk moun sa ke w padone a pou w rakonte kijan yo te ofanse w epi Bondye ede w padone yo avèk tout kè w. Si w te fè yon bagay vanjans kont li oswa yo tankou pale mal kont li/yo, rebelyon, elatriye...mande Bondye pou li ba w valè pou w konfese peche w epi mande yo/li padon.

### **LEKTI KI REKÒMANDE YO:**

- Jenèz 16, 21 y 27
- Jenèz 33, 37, 39, 42-47
- Matye 5:38-42
- Matye 5: 43-48
- Matye 18: 21-35
- Efezyen 4:26-32



# Restorasyon: Repantans Ki Mete Moun Annaksyon An

## Leson 8



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konnen ansèyman Pawòl la sou disiplin restorasyon an.
- Bay valè ak benefis ke restorasyon an pote nan lavi li ak kwasans li nan eksperyans sentete a.
- Konprann pwosesis pou repare domaj lòt yo te sibi.
- Fè yon plan pèsònèl pou restore moun sa yo ke w te ofanse oswa maltrete w nan tan pase a oswa kounye a.



### Materyèl

- Diksyonè, oswa moso papyè avèk definisyon mo “restorasyon”.
- Tablo oswa fèy papyè pou ekri.



## .....o **Kòmanse leson an pandan w ap mande elèv yo konplete aktivite 1.**

Èske yon fwa w te nan kèk sitiyasyon ki menm jan ak sa ki mansyone nan aktivite sa? Èske w te viktim nan oswa moun ki te ofanse lòt la? Kisa w fè pou sa ? èske w te fè eksperyans ak santiman tristès, remò, doulè, kilpabilite oswa endiferans?

Kisa yon kretyen dwe fè nan ka tankou sa yo? Bib la di ke nou dwe restore...

**||| Ekri mo RESTORE nan tablo a epi pèmèt elèv yo bay opinyon pèsònèl ak definisyon ki nan diksyonè yo. Apre sa ekri definisyon sa epi mande yo si yo dakò avèk li: "Restore se...repare ak korije mal ou te fè yo, mande padon pou yon bagay ou te mal fè devan je Bondye". Petèt ou kapab vle ajoute yon bagay anplis pou w ka jwenn yon definisyon klas la. |||**

## Etib Biblik

### **1. RESTORASYON POU DOMAJ BYEN LÒT MOUN TE SIBI.**

Anndan ansèyman ke Bondye te bay pèp Izrayèl la atravè Moyiz, genyen anpil ladan yo ki gen pou wè ak restorasyon. Egzòd 22 :1-8 prezante yon lis lwa pou repare domaj ke yon moun te fè kont lòt san entansyon oswa avèk entansyon. Kisa ki te òdonans restorasyon nan lalwa a pou pèp Bondye a nan Ansyen Testaman pou chak ofans ki mansyone la?



## .....o **Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.**

### **2. DOMAJ BYEN LÒT MOUN SIBI SE PECHE.**

Nan Levitik 6 :1-7 ak Nonb 5 :5-10 nou jwenn lòt lwa pou repare domaj ki rive byen lòt moun pa mwayen vòl oswa vyolans.



## .....o **Mande pou de elèv li pasaj sa yo.**

**||| Apre sa mande klas la: De ki kalite ofans kont pwochen an pasaj nan Levitik 6 la pale la? Kilès ankò moun sa ofanse apre pwochen li a? Ki kalite restorasyon ki aplike nan ka sa yo? Kimoun yo dwe bay rekonpans lan? |||**



Nan tèks orijinal pasaj sa yo ki nan lang ebre, “domaj” dekrive yon ofans ki merite yon remisyon. Rekonpans domaj sa dwe konplèt.

Nan ka Levitik la moun rive rekonèt peche a atravè konfesyon an. Nan kèk ka ki mansyone yo, si moun k ap ofanse a pa di anyen, li pwobab pou li pa menm rekonèt mal li te fè a. Konfese ofans lan bay frè m nan se deja yon pati nan pwosesis restorasyon an. Lè ofansè a admèt ke li te fè mal, sa ap pèmèt li repanti. Vrè repantans lan se lè moun nan santi doulè pou sa li te fè a (peche m yo). Moun ki viktim nan genyen opòtinite pou li eksprime soufrans li bay moun ki te fè l mal la epi apre sa pou li padone li.

Rekonpans ki te ajoute a –yon 20 pousan plis nan valè pou ta elimine restorasyon anse te yon siy repantans ak enterè sensè pou retabli relasyon ki te kraze a. Se pat yon bagay ki gen pou wè ak egzijans pou “achte” padon an, men se pito yon manifestasyon dezi ki genyen pou efase tristès li te mete nan kè frè l la avèk aksyon li yo.

Nan pasaj sa a nou wè kote peche a ofanse Bondye menm jan ak lòt moun. Fè peche kont yon lòt moun konsidere menm jan ak fè peche kont Bondye. Ofanse oswa domaje nenpòt objè vivan oubyen kreyasyon Bondye a se fè ofans kont Bondye menm. Toude peche sa yo fè nou pa gen kominyon ak Bondye epi yo pap jwenn padon si yo pa repanti ak tout kè yo.

Dapre pèp Izrayèl la relasyon ant relijyon avèk etik te dwe mache ansanm, sa vle di fason l ap viv te dwe reflekte Bondye ki se moun yo te kwè nan li a, li menm yo te konn adore ak sèvi.

### 3. RESTORASYON ANGWOU

Nan istwa kote Jezi te rankontre avèk Zache a, nou kapab obsève yon ka restorasyon angwoup. Zache se te chèf pibliken yo, li posib pou se nan tout lavil Jeriko a. Li te pwofite fè tèt li rich parapò ak pwofesyon li te genyen an. Kisa ki te pase lè nonm sa te rankontre avèk Jezi?



.....○ **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 3.**

### 4. RESTORASYON BLESY EMOSYONÈL YO

Nan pasaj Biblik ki etidye yo nou te wè divès sitiyasyon kote yon moun kapab twouve li nan ofanse lòt moun epi kòm pitit Bondye yo restore ofans yo nan obeyisans volonte Bondye. Restorasyon an—menm si se ofans volonte oswa envolontè- se kondisyon pou grandi nan lavi sentete ke Bondye ap tann nan men chak manm nan pèp li a.

Se konsa menm obsèvasyon an te fèt nan pifò nan ka Biblik sa yo, yo te konn fè restorasyon materyèl (espesyanlman posesyon yo). Sepandan, restorasyon an pa limite nan sa, men pito li anglobe blesi emosyonèl ke lòt moun yo pwovoke, limenm ki pi fasil pase restorasyon materyèl la. Nan dènye pozisyon an, nenpòt kalite restorasyon an ta ye, sa ap toujou montre kretyen an devlope disiplin imilite a. Pou nou admèt erè nou yo devan moun, sa mande kouraj, men sitou pou imilye nou epi pase moman lawont sa lè nou genyen pou mande padon an.

Restorasyon ofans ke nou fè lòt moun yo kapab prezante sou divès fòm: Move mo, simen tripotay, sal imaj lòt moun, fè manti, vòlò kredi pou yon lide oswa yon travay ke lòt la te fè, abi seksyèl, move tretman, inyore lòt moun, ak anpil lòt bagay ankò...

### **||| Mande klas la: èske w kwè ke li pi fasil pou yon moun remèt yon bagay li te vòlò oswa mande padon paske li te ofanse yon moun? |||**

Bondye pa mande nou fè restorasyon paske se yon bagay ki fasil. Kretyen ki vle viv nan obeyisans devan Kris la dwe devlope disiplin restorasyon sa nan lavi li, san li pa gade pri imilyasyon li dwe pase lè l ap fè li. Nou pa dwe nonplis panse ke nou se pibon kretyen pase lòt yo paske nou gen kapasite ki enb nan aspè sa. Se pou nou sonje ke pouvwa Bondye a k ap travay nan nou ki ede nou reyalize aksyon obeyisans epi kote imilite ak kouraj pou rekonèt fot nou yo soti nan Sentespri Bondye a k ap viv nan nou.

## **5. RESTORE A SE KALITE LAVI KRETYEN AN**

Koze restorasyon oswa remisyon ak repare domaj nou te fè a- se pa yon bagay ki fasil, ni popilè. Pou kretyen yo se yon kesyon de obeyisans, kote ke benefis la se libète santiman anba kilpabilite ki pran nesans anndan kè moun nan lè li fè yon bagay ki mal.

Lik mansyone pawòl apot Pòl yo nan Travay 24 :16 : “Se konsa m’ap fè posib mwen pou m’ toujou kenbe konsyans mwen san repwòch devan Bondye ak devan moun”. Santiman kilpabilite sa se yon wòch nan sapat kretyen an.

Lè kretyen an restore li resevwa benefis sa yo:

- a. Eksperimante kè kontan ak kè poze paske w fè sa ki kòrèk epi vin libere anba peche a. relasyon yo avèk pwochen yo te vin jwenn restorasyon epi vin genyen yon pigwo relasyon entim ki vin etabli ak Bondye. Akoz de libète pou peche sa w vin ap eksperimante, vin genyen yon pi gwo dispozisyon pou w sèvi Bondye san konsyans lan pa jwenn repwòch.
- b. Li ba l otorite pou anseye ak konseye lòt moun sou menm koze sa.
- c. Li ede l grandi nan imilite, ki se yon fwi Sentespri a ki dwe devlope nan lavi nou. Sa ki kontrè a ta dwe, demontre endiferans, déjà ke ògèy la pa ede eksperimante imilyasyon ak lawont.
- d. Li fè l plis pridan pou l pa retounen komèt menm erè yo. Souvni osijè de soufrans sou eksperyans pou restore a pral ede li evite komèt aksyon ki kapab deranje relasyon li yo ankò.
- e. Li bay temwayaj de ke eksperyans li di li se yon moun sove a se verite. Li devlope yon kalite lavi nan kwayan an ki enspire ak anseye lòt yo.
- f. Li moutre onètete ak obeyisans li devan Bondye.
- g. Ranfòse lavi esprityèl moun ki ladan l yo. Li evite pou gen santiman negatif ki kòmanse pwodwi ki se, rankin, kòlè, afliksyon ak rankin k ap anpeche kwasans esprityèl toude moun yo.
- h. Ranfòse relasyon ak zanmitay la.

## 6. KISA POU NOU FÈ POU NOU RESTORE KÒRÈKTEMAN?

Jan nou te wè sa nan pwen avan, restore a se pa yon opsyon pou kretyen an. Matye 5:23-24 di konsa “Konsa, si lè w’ap mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou la devan lotèl la, ou chonje frè ou gen kichòy kont ou, men sa pou ou fè: Kite ofrann lan la devan lotèl la, ale byen ak frè ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin bay Bondye ofrann ou an.”

**||| Mande klas la: Dapre ansèyman Jezi a... Kisa ki se metòd kòrèk ki dwe respekte pou sa ki gen pou wè ak adorasyon ak restorasyon entèpèsònèl? |||**

Ann gade kisa ki etap ki nesèsè yo pou fè restorasyon an:

### a. Fòk moun nan sansib lè li tande Sentespri a ap pale ak lespri li.

Yon fwa ke Sentespri a fin pale nan kè w, ou dwe aji menm touswit, paske lè nou pran anpil tan avan nou fè restorasyon, se dezobeyisans devan Bondye. Petèt ou kapab panse ke sa w te fè a pat tèlman grav menm pou w ta mande padon, men ou dwe sonje ke Sentespri a pa sèlman konnen kè w, men tou, li konnen kè lòt moun nan. Si Li enkyete w fè sa, pa kenbe tèt avèk li epi pa refize tande vwa li.

### b. Fè yon lis.

Apre w fin lapriyè, fè yon lis sou koze yo oswa ofans (pase oswa kounye a) ke Seyè a fè monte nan lespri w pou w kòmanse fè restorasyon an. Chwazi youn alafwa epi kòmanse fè plan avèk chak sitiyasyon oswa moun ke w genyen nan lis ou a.

### c. Prepare w pou rankont lan.

Idantifye rankont lan, kasyon w te fè yo, atitud oswa sitiyasyon kote w te afekte lòt moun (yo) epi panse byen ak ki pawòl ou pral di a. Prepare w pou w konfese ofans lan epi mande padon. Pa eseye pase men oswa bay eskiz pou sa w te fè a, oswa defann tèt ou. Pa di ke se pat entansyon w, ni ke w pat gen lòt opsyon oubyen ke sikonstans yo te oblije w. Pa eseye lage chay la sou do lòt moun. Pa mande eskiz, paske sa a se lè genyen yon ti move konpreyansyon.

Si lòt moun nan te aji mal, pa pale de sa, men pito konsantre w sou sa w te fè a. Sonje ke w ap mande padon pou pwòp aksyon w te komèt, pawòl oswa konpòtman, sa vle di, ke se pwòp responsablite w sèlman. Tout konfesyon dwe kòmanse avèk ... “mwen gen tò, oswa mwen te fè mal, oswa mwen te twonpe m oswa mwen te komèt erè sa” epi apre w fin konfese li, piga w di “mwen mande w padon pou sa mwen te fè a”, èske w padone mwen?

### d. Chèche pi bon moman.

Lè w fè restorasyon an pou yon koze ki pèsònèl, fè li ansekrè avèk moun ki te ofanse yo, nan yon orè ak kote ki bon pou sa. Restorasyon an dwe fèt youn apre lòt; se sèlman nan ka kote moun ki sibi ofans yo abite lwen oswa deyò peyi a, ou pral pale avèk yo nan telefòn pèsònèlman oubyen w ap ekri yo yon lèt konfesyon.

Petèt se pap yon bon okazyon pou w konfese w. Si se pou kèk bagay ki te pase avan w te kretyen, ou kapab mansyone ke kounye a ou se yon disip Jezi epi w vin konprann ke w dwe mande tout moun ou te ofanse yo padon nan kèk fason. Pa eseye konvenk moun nan de chanjman ke Bondye fè nan lavi w. Kite pou Sentespri a dyaloge ak moun sa epi li pwobab pou moun sa vin pale avèk ou byento epi ba w opòtinite pou w pataje temwayaj ou.

Li pwobab pou lòt moun nan anvi pale avèk ou sou santiman li yo. Sa a se yon bon bagay, li fè pati pwosesis sentete emosyonèl la. Kite li pale, pa dekoupe li. Si lòt moun nan di w finalman ke li padone w, di li mèsi. Si li di w ke li pa kapab padone w oubyen li toujou rete san di anyen, di li orevwa avèk anpil imilite epi di li mèsi paske li te rete tande w.

#### **e. Di Bondye mèsi paske li te ba w kouraj ak imilite pou mande padon.**

Aprè w fin fè restorasyon an, ou dwe souri epi kontan paske w vin grandi nan lavi esprityèl ou, paske w apwoche plis bò kote Bondye, ou vin pi sen epi dosye sa klè epi akonpli nan je Bondye. Chak fwa ke w sansib epi ranje nenpòt aksyon, dosye oswa sitiyoasyon entèpèsyonèl vit epi menm kote a, abitud sa pral fè pati kalite lavi kretyèn ou nan imaj Jezikris.

Lavi ki sen an konsève “estatistik” li yo chak jou, men li pi bon pou pa genyen “estatistik” pou aranje. Kretyen ki gen matirite yo pa genyen pou yo toujou ap fè restorasyon toutan, paske yo sispann domaje ak ofanse lòt moun. Ki kalite lavi lavi kretyèn nan ta ye ke Bondye bannou si nou pa kapab sispann fè lòt moun souffri? Volonte Bondye pou ou se menm ak pam nan pou nou kapab rive vin pafè nan motivasyon nou yo, nan pawòl ak aksyon nou yo ; epi pou sa nou genyen modèl lavi Jezi ak pa anpil lòt sèvitè Bondye nan tout epòk ak istwa.

Plan Bondye pou lavi nou se pou nou toujou grandi nan sentete. Kwasans lan dwe rive nan pwen kote pou pèsòn pa gen anyen pou nou reklame, ni pou nou pa genyen okenn pèz kilpabilite nan konsyans nou paske nou te aji mal kont yon lòt moun.

Sepandan, toutotan nou nan lavi sa, nou pap janm libere de yon bagay ki ofanse lòt moun, menm si nou rann nou kont oswa non. Nou pa kapab evite nonplis mal konprann oswa konfonn nou osijè de lòt moun yo.



○ **Fini leson an avèk aktivite 4. Kòmanse aktivite sa avèk yon temwayaj pèsyonèl oubyen pa youn nan elèv ou yo oswa avèk kèk envite ki pou rakonte eksperyans restorasyon ke li te ede li pou l te grandi nan lavi kretyèn li. Aprè sa kontinye avèk yon tan lapriyè ki byen kout jan nou te di sa nan kòmansman aktivite 4 la. Ankouraje elèv yo eseye mete dat ki pwòch pou fè restorasyon, pa egzant pou kòmansman avèk youn nan semèn k ap vini an.**

**||| Yon fwa ke elèv yo te gentan fini konplete lis sa a, kòmansman yon atmosfè pou poze kesyon. Aprè sa mete fen avèk lapriyè pandan w ap mande Bondye pou li dirije w nan restorasyon ke w pral fè nan semèn nan nan bagay sa yo. |||**

**||| Sonje kòmansman pwochen klas la pandan w ap mande temwayaj sou sa yo te mete anpratik yo. |||**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Restorasyon:** koreksyon kèk koken, fot oswa reparasyon yon posesyon ki domaje oubyen vòl. Se pa sèlman pou remèt ak rektifye mal ki te fèt oubyen pawòl, men tou li genyen ladan li mande padon pou ofans ki te koze a ak konfesyon.
- **Restorasyon:** Se koreksyon pou yon gwoup espesifik, jan Zache te fè sa nan Lik 19:1-10.



## Rezime

Restorasyon an se yon pratik ki anba lòd Bondye pou lavi kretyen an k ap ede li devlope karaktè sen Kris la nan lavi li. Restitasyon mande pou nou onèt ak enb pou rekonèt lè nou fè lòt moun sa ki mal. Restorasyon an ranfòse relasyon entèpèsònèl yo, epi sa ede nou vin sansib pou nou abòde lòt moun epi respekte posesyon lòt yo.

---

Bibliyografi Disiplin espirityèl pou tout kwayan pa Keith Drury. Indianápolis: Kay Piblikasyon Wesleyèn, 1996.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

**Èske nan kèk okazyon w te otè oubyen viktim de sitiyaasyon tankou sa yo oswa ki sanble? Idantifye ofansè oswa viktim nan nan lis sa pandan w ap make li avèk yon X nan kolòn ki kòresponn nan.**

	Sitiyaasyon	Ofansè	Viktim
1.	Yon papa oswa manman ki ofanse ak rele sou pitit li nan yon aksyon nan di li move mo ki blese li.		
2.	Li te renmen yon liv li te jwenn nan bibliyotèk la, men kòm li pa kapab achte li, li mande prete li epi pa janm remèt li ankò.		
3.	Yon pitit ki itilize konfyans paran li epi pran lajan san pèmisyon yo, san yo pa sispèk sa.		
4.	Yon moun ki ofanse yon lòt nan fè jalouzi.		
5.	Yon mesye/madanm ki peye pou yon liv diri nan yon mache epi moun ki sou kès la remèt li monnen anplis, li kouri sere li epi ale lakay li byen vit.		
6.	Yon vwazen/vwazin santi li ofanse akòz de yon bagay ke yon moun ki popilè fè li epi mem kote a genyen yon tripotay ki tonbe mache sou do li nan katye a.		
7.	Yon zanmi mande w prete yon machin, epi li remèt li ak yon kòlbòch ki tounèf san li pa di anyen.		
8.	Yon ti gason/tifi ki kraze jwèt tizanmi an akòz de mekanste.		
9.	Lòt:		

## AKTIVITE 2

### Dapre pasaj ki li nan Egzòd 22:1-8, Ki aksyon ke w dwe fè pou w repare mal ke w te fè a?

Aprè sa w ap jwenn de kolòn: nan premye a, w ap jwenn lis move aksyon ki mansyone nan pasaj la epi nan dezyèm nan w ap jwenn yon lis aksyon ki dwe fèt pou repare domaj nan chak ka. Ranje kolòn yo nan lòd pandan w ap mete lèt ki kòrespòn nan nan kolòn goch la, nan kolòn dwat la, dapre sa ki kòrespòn nan chak ka.

	Domaj ki te fèt		Reparasyon
A	Nan ka kote yon moun vòlò yon bèf oswa yon kabrit, epi li touye oswa van li...		...li dwe peye pri bagay li vòlò a, men si li pa genyen lajan, se li menm yo dwe van pou li peye sa li te vòlò a”.
B	Si yon moun mete dife epi dife a gaye epi boule jaden ble a		...li dwe peye defwa, menm si se te yon bèf, yon bourik oswa mouton.
C	Moun ki vòlò a...		..li dwe peye domaj la avèk pibon savann li genyen yo oswa pibon jaden rezen li a.
D	Si li jwenn animal yo te vòlò a nan men vòlè a epi avèk lavi...		...li dwe bay senk toro bèf pou lòt bèf la avèk kat mouton pou mouton an.
E	Si yon moun kite lajan oswa yon bagay ki gen valè sou kont yon lòt, epi moun sa vòlò yo nan menm kay li a,...		...vòlè a dwe peye doub, si yo kenbe li, men si yo pa jwenn li, konsa yap mennen mèt kay la devan Bondye pou wè si li pat gen men li tranpe nan sa yo te ba l veye a.
F	Si yon moun lage animal li yo pou yo manje nan yon savann li, epi animal yo al manje nan savann lòt moun, ...		...li dwe peye domaj ke dife a te fè yo.

## AKTIVITE 3

### Li pasaj ki nan Lik 19:1-10 epi reponn kesyon sa yo.

a) Ki kalite domaj Zache te fè moun bò lakay li yo?

---

b) Ki opinyon moun yo te genyen osijè de Zache?

---

c) Nan ki fason Zache te restore moun li te fè mal yo?

---

d) Kisa ki te obsèvasyon Jezi lè li te tande deklarasyon Zache yo?

---

e) Pou nou kontinye n ap jwenn yon lis ki genyen kèk aksyon pou restore domaj ke li te fè lòt moun yo. Make avèk yon X: Kisa ki te restorasyon general ke Zache te fè?

- \_\_\_ Restore sa ki pou yon moun, menm si se posesyon, respè oswa repitasyon.
- \_\_\_ Remèt yon bagay prete oswa pran sa fè lontan.
- \_\_\_ Achte yon bagay yo pran, vòlè osinon ki pa deklare devan otorite yo.
- \_\_\_ Ranbouse kèk lajan w te mal touche oswa yo ted we peye w.
- \_\_\_ Remèt lajan ki te mal touche oswa byen ki te mal reklame.
- \_\_\_ Konfese ak mande padon akòz de pawòl, kòmantè oswa aksyon ki te pwodwi doulè ak soufrans pou lòt moun.
- \_\_\_ Admèt fot tan pase yo nan relasyon entèpèsònèl yo.

#### AKTIVITE 4

**Lapriyè pou mande Sentespri a pou li montre w si genyen kèk bagay ke w bezwen restore nan lavi pase w oswa kounye a. Fè pwòp lis moun ke w dwe restore yo. Èske w genyen kèk ofans ke w dwe aranje? Èske w gen kèk restorasyon pou w fè?**

Moun/yo	Dosye mwen dwe restore	Dat mwen pral fè li a
_____	_____	_____/_____/_____
_____	_____	_____/_____/_____
_____	_____	_____/_____/_____
_____	_____	_____/_____/_____
_____	_____	_____/_____/_____
_____	_____	_____/_____/_____

#### LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Levitik 5: 14-19
- Sòm 82: 1-4
- Ezayi 1: 16-20
- Filemón 1: 8-20
- Jak 5: 1-20





# Chèn Envizib Yo: Adiksyon Yo

## Leson 9



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Rekonèt divès kalite adiksyon epi kòman li vin tounen vis.
- Evalye pwòp lavi li pou idantifye konpòtman oswa pati ki kapab andanje pou vin tounen adiksyon k ap nwi li pou li pa sèvi Bondye ak libète.
- Renonse tout sa ki kapab kontribye pou bay maladi mantal, fizik, emosyonèl ak espiryèl.



### Materyèl

- Imaj sou kèk adiksyon tankou sa ki mansyone yo nan aktivite 2, pou w montre pandan entwodiksyon leson an.

# Entwodiksyon

**||| Ekri nan tablo a: Kisa yon adiksyon ye? Pandan w ap kòmanse, poze gwoup la kesyon sa epi pèmèt yo eksprime yo san pwoblèm. Pandan w ap koute yo, make lide prensipal yo sou tablo a. |||**



.....○ **Mande elèv yo pou yo konpare lide yo a avèk definisyon ki nan aktivite 1 epi pataje definisyon pèsònèl yo avèk rès klas la.**

Konbyen bagay nou konnen sou adiksyon yo? Èske w te konnen ke soti nan 10 pou rive nan 15 pousan popilasyon mond lan nan adiksyon? Sa a se yon epidemi ki afekte 50 pousan nan fwaye yo akòz ke chak visye yo genyen manm nan fanmi yo ki soufri konsekans vis sa.

Nan leson sa a nou pral pale de adiksyon ak danje ki reprezante pou lavi tout moun sa yo, e menm kretyen yo tou.



.....○ **Konplete aktivite 2. W ap jwenn yon egzamen ladan li pou analize konesans yo sou adiksyon yo. Lè fini, verifye repons kòrèk yo ansanm avèk elèv yo ke w ap jwenn nan fen fèy aktivite yo.**

## Etib Biblik

### 1. VRÈ PITIT BONDYE YO PA PRATIKE ABITID K AP DETWI KÒ YO.

Kwayan nan legliz Korent yo te genyen yon gwo pwoblèm, yo te vle genyen lavi ki pap janm fini an atravè Jezikris, men yo te vle tou genyen libète pou kontinye avèk move abitid yo te genyen avan yo.

**||| Mande elèv yo: Kòman nou kapab fè diferans ant yon abitid ki bon ak youn ki pa bon? Mande pou yo mansyone kèk abitid ki bon, pa egzanz: fè yon rejim ki ekilibre, fè egzèsis, souri, dòmi, ijèn pèsònèl, al konsilte medsen, lapriyè, ak anpil lòt ankò. |||**

Vis yo oswa adiksyon yo fè pati move abitid yo. Nou fenk sot idantifye kèk nan yo nan aktivite 2 a ki byen koni nan tan jounen jodi a. Gen kèk nan yo ki gen relasyon avèk modèn la akòz de teknoloji a oswa bagay ki pat sou moun nan epòk gouvènman women an (1 syèk Ap.K.). Men tout sa Pòl te mete nan lis la rive ap pratike menm nan tan pa nou an.

Ki kantite adiksyon Pòl mansyone nan 1 Korentyen 6:9-10? Ann gade kisa pratik sa yo genyen ladan yo:

- Moun k ap viv nan dezòd yo: Se moun sa yo ki nan fè sèks san yo pa marye.
- Moun k ap sèvi zidòl yo: Se moun sa yo k ap ofri kilt oswa adorasyon bay nenpòt bagay ki pa Bondye.
- Moun k ap viv nan adiltè yo: Se moun ki marye k ap fè sèks ak lòt moun ki pa madanm oswa mari yo.
- Moun pèvèti yo: Li fè referans ak jèn moun ki te abiye tankou fanm avèk entansyon pou yo vann sèvis seksyèl bay lòt gason ki pigran pase yo.
- Gason ak Gason: Gason omoseksyèl ki antre nan relasyon seksyèl avèk lòt gason.
- Vòlè: Moun k ap vòlò, rete avèk sa k pa pou yo.
- Ava: Moun ki mete koze fè lajan ak sanble byen kòm priyorite yo ak pa lòt moun.
- Tafyatè: Visye ki toujou ap bwè pou yo sou yo.
- Medizan yo: Moun k ap modi epi ki itilize pawòl pou yo ofanse ak blese.
- Piyajè: Moun sa yo k ap twonpe moun epi fè contra anba tab lè y ap van lòt moun pou yo genyen plis pase sa yo dwe genyen.

Apot la rele moun sa yo k ap viv nan esklavaj pou plizyè vis diferan yo “mechan”. Yon moun ki mekan se moun sa a ki poko delivre anba peche li yo. Yon moun ki repanti anba peche li yo epi deside abandone yo te jwenn jistifikasyon nan men Bondye. Sa vle di ke Bondye padone peche li yo. Gen kèk kretyen nan lavil Korent ki te kwè nan Jezi, men yo pat abandone kondwit visye ki se peche yo devan je Bondye. Genyen yon gran diferans ant vin fanatik krisyanis la (yon moun ki pa chanje lavi li) ak vin yon kretyen, yon disip Jezi (yon k ap viv lavi lwen peche). Pòl anseye byen klè ke moun k ap pratike move abitud sa yo pa pre pou yo vin disip Jezi.

Anpil nan nou konnen ka Diego Maradona, yon gwo foutbolè Sidameriken ki te popilè anpil. Li te bay anpil satisfaksyon nan peyi li nan espò sa a. Li te genyen tout bagay pou li: Jenès, talan, fanatik, lajan, avni. Sepandan vis li se te dwòg, koze sèks ak koze alkòl la te mete li nan gwo pwoblèm epi nan kèk fason li te koupe yon karyè kote li te kapab bay pi bon rezilta.

Nan menm fason an, yon moun ki kretyen ki fè pati ekip pa Bondye a kapab pèdi privilèj li a si li kite li tonbe nan pyèj adiksyon an yo. Si nou vle nan estad tankou jwè “ofisyèl” nan ekip pa Bondye a, nou dwe renonse tout bagay ki kapab anpeche nou genyen kondisyon ki mande pou nou vin yon disip Jezikris.

## 2. KÒ NOU TE SANNTIFYE

Travay Sali a ke Bondye reyalize nan lavi nou an se yon bagay ki konplèt epi genyen twa dimansyon. Non sèlman nou jwenn padon ak restorasyon nan sans espiyityèl, men tou emosyon nou yo, rezon ak kò fizik nou vin anba dominasyon Jezikris. Disip Seyè a la pou mennen yon lavi nan obeyisans toupre volonte Li epi byen lwen peche. Sa genyen ladan li panse nou yo, afeksyon nou yo, volonte nou avèk aksyon nou yo.

Pou kretyen an, move abitud yo dwe rete nan tan pase; se poutèt sa Pòl ke kontinye pou

1 di nan 1 Korentyen 6:11: Anpil nan nou, se sa menm nou te ye. Men, koulye a Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi l'. Gremesi Jezikri, Seyè a, li mete nou apa pou li, li fè nou gras pa pouvwa Lespri Bondye nou an" epi apre sa li te kontinye raple yo travay ke Bondye te fè nan lavi yo a.

Nan premye pozisyon, li raple yo ke yo te jwenn "netwayaj", tout tach oswa siyal peche nan lavi yo te efase. Abitid peche a dwe soti nan lavi nou epi sa kapab rive fèt sèlman avèk pouvwa Bondye.

Nan dezyèm pozisyon, yo te sanntifye, sa vle di mete apa pou Bondye, apa pou mennen yon lavi ki sen epi byen lwen peche, pou sèvi Bondye avèk tout kè yo.

Nan twazyèm pozisyon, yo te jistifye, kounye a y ap viv nan jistis. Tout bagay ki te kwochi nan lavi nou jwenn redrèsman epi y ap kontinye transfòme nan imaj Kris la pa mwayen Sentespri a.

Konpòtman kretyen an dwe reflekte eksperyans Sali ke li te resevwa atravè gras Bondye a. Lè kretyen yo pa demontre transfòmasyon sentete sa nan lavi li, temwayaj legliz la pèdi fòs li.

### **3. YON VIZYON KI ENKÒRÈK SOU LAVI ESPIRITYÈL**

Pòl kontinye pou 1 di nan vèsè 12 la: *"Mwen gen dwa fè tout bagay. Wi, ou gen dwa fè tout bagay. Men, tout bagay pa bon pou fè. Mwen ka di mwen gen dwa fè tout bagay. Men, mwen p'ap kite anyen fè m' tounen esklav li, li te mèt sa l' te ye."*

Moun nan legliz Korent yo pat konprann kisa te vle di viv tankou moun ki pou Bondye. Bondye te rele fanmi Abraram nan Ansyen Testaman pou li te kapab vin pèp Li, pèp Bondye a, moun ki pou bay lavi li nan sèvis Bondye a konplètman. Lè Kris te vini, li te bay nouvo pèp li a responsablite sa, legliz la, epi li te voye Sentespri a pou li te kapab sanntifye ak gide li nan akonplisman volante Li nan mond sa.

Disip Jezi yo genyen opsyon pou yo retounen al fè peche ankò, yo kapab tounen al viv move abitid yo a, si yo vle li konsa...Pèsòn pa fòse yo swiv Kris la, yo swiv li paske yo renmen Li. Kretyen yo pa pratike peche, se pa paske yo pa kapab fè li, men se pito paske yo pa vle. Genyen yon desizyon ki chanje lavi yo. Desizyon sa se sa ki fè ke tout sa yo fè dwe soumèt anba volonte Bondye, devan nenpòt lòt moun, menm pwòp tèt yo tou. Yon fason ke kontinye lavi espiyèl la se yon desizyon chak moman.

Nou pa kapab antre ak soti nan lavi kretyèn nan lè nou vle. Nou pa kapab obeyi Bondye nan kèk bagay epi nan lòt bagay non, epi kontinye viv tankou kretyen nan je Bondye. Genyen anpil moun ki mete sèvis kretyen an nan lavi yo tankou yon okipasyon anplis de anpil lòt ke yo genyen déjà. Si nou konpare lavi sa avèk yon kay, nou kapab di ke moun sa yo ajoute yon chanm nan kay la. Yo mete mèb ladan li, yo pentire li epi mande Jezikris pou vin chita ladan li byen alèz. Detanzantan yo ale vizite li, pale avèk Li, epi apre sa yo retounen nan aktivite yo. Men, menm jan ak moun Korent yo, nou bliye ke se pa konsa lavi kretyèn nan fonksyone. Kris la vle pou li vin Mèt ak Seyè lavi nou, e se pa sèlman yon pati! Si Li pa Seyè tout, ebyen Li pa Seyè a, se sèlman yon envite!

Si nou se kretyen lejitim, sa k ap bon pou nou an, se pral menm bagay la k ap nan volonte Bondye. Jezikris pap yon pati nan lavi nou déjà, men pito se pral tout ak premye

nan egzistans nou. Nan kalite lavi sa pap gen plas pou move abitud paske yo tout ranpli ak bon zèv kote lanmou Bondye a koule pou anvayi tout lavi nou.

#### **4. KÒ NOU SE POU BONDYE JOUSKALAFEN**

Lòt konsèp ki enkorèk ke moun Korent yo te genyen pou sa ki gen pou wè avèk bagay sakre ak etènèl nan kò imen an. Yo te kwè ke kò chè nou, zo, san sa vle di kò fizik nou pa genyen okenn valè paske finalman kò fizik la genyen pou li detwi epi sa ki genyen pou li kontinye viv apre lanmò a se lespri a. Si lespri a pa genyen yon valè ki etènèl y ap santi yo avèk libète pou yo jwi plezi kòporèl yo tout tan yo te kapab.

Gen kretyen ki renmen viv toupre limit. Jouskaprezan yo panse ke yo kapab fè yon ti peche de tanzantan epi apre sa mande Bondye padon. Moun sa yo panse yo gen ase kontwòl sou panse yo, lespri ak kò yo tankou pou pa kite yo ale pilwen kote yo konnen ki danjere. Sa a se manti visye a bay pwòp tèt li: “mwen kapab sispann fè sa...lè mwen vle a”. Men, sa ki verite a seke yo vin depann de kondwit oswa sibstans sa. Visye a pa konnen kòman pou li viv san vis li a. Negasyon deke genyen yon pwoblèm nan se pati ki danjere nan adiksyon an. Genyen anpil kretyen k ap viv nan pyèj negasyon an tou, nan panse ke sa pap janm rive yo, yo pap janm tonbe ladan li. Men sa ki vre a seke adiksyon an antre nan lavi kretyen an lè nou eseye ranplase nesosite Bondye a avèk nenpòt bagay ki pa Bondye menm.

Pòl te montre moun Korent yo erè yo a nan vèsè 13 ak 14, lè li demontre yo kè kò a gen pou li detwi. Rezirèksyon Kris la se yon echantiyon de sa Bondye pral fè avèk nou nan lavni. Menm si kò nou tounen pousyè nan yon fason nou pa kapab konprann, li gen pou li leve vivan ankò pou lavi ki pap janm fini an. Lè nou sove a nou resevwa yon lavi ki tounèf, si nou se pitit Bondye ki fidèl jouskalamò, kò nou menm jan ak lespri nou ak nanm nou pral antre nan lavi ki pap janm fini an.

#### **5. GENYEN INYON ESPIRITYÈL ANT KRIS AVÈK NOU KI REYALIZE NAN KÒ NOU**

Nan vèsè 15 -18 Pòl eseye eksplike gwo tèt ansanm ki egziste ant Kris la avèk kretyen an. Pou li fè sa, li konpare li ak inyon matrimonyal la. Pou Bondye, relasyon matrimonyal ant yon gason ak yon fi se yon bagay ki sakre. Li pa sèlman gen pou wè avèk kontak fizik nan relasyon seksyèl yo, se yon inyon ki transande fizik la epi atache li byen solid avèk emosyonèl ak espirityèl la. Yon fason ke lè Bib la di ke gason an avèk fi a se “yon sèl chè” li fè referans ak plis pase yon inyon fiziko-seksyèl. Nan lavil Korent se te yon bagay nòmal pou moun te pratike relasyon seksyèl avèk fanm oswa gason pwostitye epi pat gen kondannasyon pou yo nan rejyon kote yo t ap fonksyone a.

Bondye nou an te kreye nou pou nou rete nan kominyon avèk Li. Se sa ki relasyon ki pi enpòtan nan lavi kretyen an. Dezyèm relasyon ki pi enpòtan se fanmi an. Atachman entim de moun nan yon relasyon matrimonyal se li ki plis sanble ak relasyon nou avèk Bondye nan mond sa. Apre sa nou kapab jwenn tout lòt relasyon ki genyen nan mond sa. Pa genyen okenn nan relasyon sa yo, menm si yo enpòtan epi bon, kapab ranpli nesosite kò fizik nou, ki abite nan panse rasyonèl, emosyon ak lespri nou.

Moun Korent yo te bezwen konnen ke move abitud ak vis yo te reprezante peche epi

genyen konsekans fizik, mantal, emosyonèl ak espiyèl. Tout sa ke nou fè avèk kò nou, lespri ak emosyon nou fè enfluyans pozitif oswa negativman nan lavi espiyèl nou. Pou montre ke lè nou etabli yon relasyon avèk nenpòt sibstans, moun oswa konpòtman andeyò volonte Bondye, separe nou de relasyon ke Bondye vle devlope avèk pitit li yo.

Pa egzanp, pou anpil moun, krisyanis la vin tounen yon adiksyon, yo pratike li paske yo santi ke se “devwa yo” devan Bondye, epi yo rive nan yon pwen kote yo menm neglije fanmi yo e menm relasyon pèsònèl yo avèk Bondye, paske yo tèlman atache ak fè “travay” nan legliz la. Moun sa yo vin santi ke lavi kretyèn nan se yon fado, yon bagay ke yo pa kapab sispann fè, yo santi ke se kòm si travay Bondye a depann de yo epi yo vin santi yo tounen esklav. Manm sa yo konfonn nan sa ki gen pou wè ak kalite lavi Bondye ap tann pou yo devlope a. Lè yon moun santi ke se yon obligasyon, pa gen kè kontan. Volonte Bondye a se pou nou libere de tout sa ki anpeche nou genyen yon kominyon avèk Li.

Gen yon moun ki te di konsa: Si yon kretyen twò okipe pou l lapriyè, li plis okipe pou sa Bondye vle. Bondye pa vle pou pitit li yo tounen esklav. Yon esklav se yon moun ki pa chwazi sa pou l fè, men Jezikris vle pou nou swiv li avèk desizyon pèsònèl nou, pou nou sèvi li avèk kè kontan, pou nou viv yon lavi ki bay viktwa sou nenpòt kalite adiksyon.

## 6. BONDYE VLE GLORIFYE ATRAVÈ KÒ NOU



### ◦ Mande elèv yo yo pou yo konplete aktivite 3.

Pou kretyen yo, anpeche kò a pran otorite sou volonte a se yon batay chak jou.

Pa genyen okenn kretyen, malgre kantite tan li ap milite nan lafwa, malgre gwo plas li genyen nan ministè nan legliz la, lib de posiblite tonbe nan pyèj ak domine pa apeti kò li. Apot Pòl menm te pataje eksperyans li avèk nou lè li di nan 1 Korentyen 9:27 “*Mwen aji di ak kò m’, mwen kenbe l’ kout, pou mwen menm yo pa voye m’ jete apre mwen fin moutre lòt yo sa pou yo fè.*” Responsablite pou nou soumèt kò nou anba pafèt volonte Bondye a depann de nou pèsònèlman. Pa genyen okenn moun ki kapab fè sa pou nou.

Jounen jodi a, kretyen ki nan mond oksidantal yo, nou souke kò nou, nou santi li, nou pèmèt li rete yon titan nan kabann nan, nou evite mete li alèz. Nou di ke nou pa genyen tan pou nou kolabore avèk pastè nou, lidè yo nan fen semèn nan, men wi nou genyen tan pou nou chita ap gade TV, pran plezi nan yon fim oswa espò ke nou renmen anpil la. Nan lavi modèn nou an nou mal konprann ke pran swen kò nou an se abandone devwa ak responsablite nou yo. Byen souvan nou bliye si genyen yon jou nan semèn nan pou nou repoze nou de travay n ap fè chak jou yo epi mete nou disponib pou adorasyon e anplis de sa pou rebran enèji yo, men lòt jou yo fèt pou nou travay!

Pòl fè nou sonje kèk prensip enpòtan pou nou konsève kò nou san peche nan 1 Korentyen 6:18-20:

- a. Se Bondye ki abite nan kò kretyen an atravè Sentespri a. Sentete lanmou Bondye a ranpli nou lè nou mande Jezikris pou li vin Seyè ak mèl lavi nou.
- b. Pri a te peye pou nou. Pri sa a se sakrifis Kris la te fè anfavè nou. Li pat fasil pou Seyè a te bay maltrete tèt li pou nou e menm mouri, se menm fason an tou li pa fasil pou nou bay kò nou nan sakrifis. Men Bondye pa mande nou fè anyen pou lòt moun ke li sa li te déjà fè pou nou avan.

c. Lè nou fè kò nou obeyi Bondye sanpousan, nou genyen pou nou swe, mal alèz, e menm doulè kòporèl ke fatig kapab bay. Pou kretyen k ap viv nan peyi kote y ap pèsekite yo pou lafwa yo, doulè sa a se kapab prizon, move tretman e menm lanmò. Men pou nou menm, se kapab pa manje yon manje pou nou peye ofrann; oubyen achte yon machin ki pa twò chè, epi ki genyen plis plas pou pote timoun yo al legliz; leve nan kabann nan inè davans pou lapriyè pou nouvo konvèti yo; al dòmi pita akòz de leson lekòl dominikal la n ap prepare; sakrifye final foutbòl la, pou nou kapab al vizite frè nou ki sou kabann lopital; pote viktwa sou krentif pou salte a, pou bay moun k ap viv nan lari yo manje pou yo manje; ede fanmi nou nan travay domestik nan kay la olye pou nou chita ap tann pou yo vin sèvi nou; refize achte yon rad ki chè pou n pa mete yon chay lou sou do paran nou yo; sispann fè yon bagay ke nou renmen fè nan legliz la, pou nou kapab kite moun ki nouvo yo fè eksperyans tou; renonse bagay sa ke nou tèlman renmen, pou nou bay yon moun ki bezwen li...

Pou nou konnen si avèk yon bagay nou fè se glwa n ap bay Bondye avèk kò nou, nou dwe mande tèt nou: èske aktivite sa ap ede m sèvi Seyè a pi byen? Èske l ap fè m gen plis sante ak fòs pou m sèvi Li? Èske si yon moun wè m ap fè sa...l ap konsidere m kòm yon bon kretyen?

Ann gade yon egzanzp: Ou prale nan jimnazyòm nan oubyen nan klas aryobik ou a. kòman w ap konnen si aktivite sa bon oswa vin tounen yon vis?



Endike klas la pou li konplete aktivite 4 ak 5 lan.

**||| Pou w fini, ankouraje elèv yo fè yon alyans avèk Bondye pou yo abandone tout bagay k ap anpeche devlopman espartyèl, emosyonèl ak fizik yo, atravè yon moman lapriyè. |||**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Kleptomani:** Yon kleptomàn se yon moun ki gen vis pou vòlò.
- **Piwomani:** Yon piwomà se yon visye ki la pou pwovoke dife, pandan l ap mete lavi lòt moun andanje ak detwi byen materyèl moun pou gremesi.
- **Sentom abstinans:** Yo se sentom fizik ak mantal ke yon moun eksperimente kote ke li konstate li pa genyen sibstans oswa konpòtman visye yo. Sa kapab fè li nève epi ap tranble e menm rive pèdi bon sans li (vizyon, konfizyon, ak anpil lòt ankò).



## Rezime

Lavi sentete a genyen ladan li kontwòl sou kò fizik la avèk apeti yo. Pou ke kretyen an kapab viv nan sentete, li dwe rekonèt ke kò li se tanp Sentespri a, epi li dwe glorifye Bondye atravè limenm. Nan pwochen lesan nou pral pale plis sou adiksyon sou pònografi ak sèks ki se kèk nan vis ki plis komen nan tan kounye a.





## AKTIVITE 1

### Li definisyon sa yo sou “vis” ak “adiksyon” epi ekri definisyon yo ak pwòp mo pa w yo.

“Yon adiksyon se yon depandans vè yon sibstans, aktivite oswa relasyon ki fè moun nan vin tounen visye lwen de tout lòt bagay oswa lòt moun ki nan antouraj li.”<sup>1</sup>

“Vis: “Vokabilè sa aplike pou aksyon imoral oswa move bagay ki kontamine moun yo ak sosyete a. Vis la se kontrè ak bondye, menm jan mal la se kontrè ak byennèt, ak fènwa, de limyè.”<sup>2</sup>

“Nan kòmansman, visye a se te yon moun ki te konn swiv lidè a san kontrent, san kritike li ni di anyen (nan lang laten an a-dikt: non diksyon). Apre li te vin rele addictus pou yon esklav pa mwayen dout.”<sup>3</sup>

Definisyon pèsònèl mwen sou vis oswa adiksyon se:

---

---

## AKTIVITE 2

### Kisa w konnen sou adiksyon yo? Evalyasyon sa ap ede w mezire ki valè verite ou konnen sou adiksyon yo. Siyale avèk yon wonn, lèt repons ou konsidere ki bon pou chak kesyon:

1. Omoseksyalite a te klase kòm konpòtman vis nan lane 1987 pa Asosyasyon Ameriken Sikatri akòz de ...(chwazi youn).

- Yon gwo aktè popilè Hollywood te etène nan yon klinik pou li rekipere li de vis li te genyen pou sèks.
- Se te 20tyèm anivèsè magazin Playboy.
- Sikològ Werner Gross te pran yon pri Nobèl nan medsin.

2. Jodi a konpòtman adiksyon yo vin divize fè de gwo kalite, moun sa yo ki gen relasyon ak sibstans chimik ak sa yo ki nan pati konpòtman yo. Sinyale nan lis sa, tout kondwit ke lasyans déjà rekonèt kòm konpòtman visye.

- |               |                 |
|---------------|-----------------|
| a. Alkolis    | f. Dwòg yo      |
| b. Dwòg       | g. Sèks la      |
| c. Kleptomani | h. Jwèt defi yo |
| d. Piwomani   | i. Benyen       |
| e. Dòmi       | j. Manje        |

<sup>1</sup> www.psicocentro.com Atik : “konprann vis la” pa Phil Rich.

<sup>2</sup> Richard S. Taylor: Diksyonè Teyolojik Beacom “Vis”. E.I.A.: K.P.N., 1995

<sup>3</sup> “Vis” nan: <http://es.wikipedia.org>

- |               |              |                   |
|---------------|--------------|-------------------|
| k. Travay la  | p. Ale achte | u. Rezo sosyal yo |
| l. Konpitè yo | q. Entènèt   | v. Kafeyin        |
| m. Li         | r. Pònografi | w. Tripotay       |
| n. Etidye     | s. TV        | x. Chokola        |
| o. Sigarèt    | t. Mizik     | y. Bonbon         |

3. Konbyen tan ou pase ap fè jwèt videyo ? Dapre sa syantifik yo di, plis pase \_\_\_ zè pa semèn se adiksyon. (chwazi youn).

- a. 20 tè
- b. 8 tè edmi
- c. 10 zè

4. Pami afimasyon sa yo, siyale sa yo ki vrèman gen pou wè ak jwèt videyo ak pònografi.

- a. Pa genyen okenn fason pou timoun ak adolesan yo rive dekouvri pònografi pa aza.
- b. Jwèt videyo yo bon anpil pou devlopman entèlektyèl emosyonèl la.
- c. Jwèt videyo yo se pòt antre nan pònografi pou adolesan yo.
- d. Jwèt videyo yo ankouraje anvi, epi timoun yo vin pran sa pou yon vis.
- e. Gen kèk timoun ki rive dekouvri pònografi paske zanmi yo fè presyon sou yo.
- f. Pònografi a se yon bon bagay pou timoun ak adolesan yo kapab aprann osijè de sèks.
- g. Pònografi a se sèlman pou granmoun, yo konnen fason pou yo sèvi avèk sa ki ladan li.
- h. Pònografi a se yon biznis k ap eseye atire kliyan pandan l ap fè yo kado kèk dòz gratis.

5. Ki pousantaj nan popilasyon nenpòt sosyete nan mond lan ki gen vis?

- a. 5%
- b. 30%
- c. 15%

### AKTIVITE 3

#### Li paragraf sa ki seleksyone a epi reponn kesyon ki anba.

“Si kò nou fè tout desizyon ak tout lòd, e si nou obeyi; pati fizik la kapab detwi tout lòt dimansyon pèsonalite. Lavi emosyonèl nou t ap konsidere kòm yon bagay ki san valè epi lavi espityèl nou t ap siprime ak fini paske li vin tounen yon bagay san sans”. Sa fè 200 lane de pi Susana Wesley te ekri: “Tout sa ki ogmante fòs ak otorite kò nou piwo pase lespri nou, sa se peche li ye pou nou.”<sup>4</sup>

Nan fason ke m ap viv jodi a...èske se kò m avèk dezi mwen yo oubyen apeti yo k ap kontwole lavi mwen, oswa mwen pran desizyon kote kò mwen soumèt anba volonte mwen, nan menm jan ke volonte mwen soumèt anba Kris la?

---



---



---

<sup>4</sup> Michael Quoist nan Repons Kreyen. Site pa Jerry Bridges. Nan chèche sentete. Miami : Unilit, 1995. pp. 120.

## AKTIVITE 4

**Kòman mwen kapab konnen si aktivite sa ke mwen tèlman renmen reyalize a vin tounen yon vis? Genyen sis endikatè ki klè sou yon adiksyon:**

- Lè sibstans oswa aktivite sa vin konvèti kòm yon bagay ke w plis anvi pase tout lòt bagay, tankou rete bò kote fanmi w oswa ale legliz, ak anpil lòt ankò.
- Lè dezi sa toujou la nan chak moman anndan panse w yo, “objè sa” ki kenbe dezi w la enkyete w toutan, sa vle di li vin tounen yon obsesyon.
- Lè dezi sa mete w nan pozisyon ke se lè w satisfè de li w ap santi w gen kè poze, menm lè w ta fè manti epi kite lòt responsablite w yo de kote. Yo rele sa egzijans.
- Lè kondwit sa pifò pase desizyon pou abandone li. Panse w yo avèk lide oubyen panse w yo pa anba kontwòl.
- Lèw fè tèt ou vin depann de sibstans oswa aktivite sa epi w pa kapab sispann fè li.
- Lè abitud sa atire konsekans negatif sou lavi w ak lavi moun ki pwòch ou yo.

## AKTIVITE 5

**Kòman nou kapab rekonèt yon adiksyon? Sikològ Wrener Gross te etabli kat siy debaz pou rekonèt nanpòt adiksyon. Si nou jwenn toulekat siy sa yo konnen moun nan tonbe nan pyèj adiksyon an. Evalye si genyen siy tankou sa yo ki prezan nan lavi w aktyèlman:**

- Moun dekontwole lè l ap reyalize yon aktivite ki “kapte” lespri li.
- Moun nan soufri sendwom abstinans si li pa pratike aktivite sa.
- Depandans aktivite sa vin pifò chak jou pi plis nan lavi li.
- Moun nan pèdi enterè pou lòt moun, li sèlman konsantre li sou objè oswa aktivite sa.

## REPONS KI KÒRÈK POU VERIFIKASYON AKTIVITE 2

- 1= a  
2= a,b,c,d,f,g,h,j,k,l,o,p,q,r.  
3= b  
4= c, d, e, h  
5= c

## LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Pwovèb 21
- Pwovèb 23
- Lik 21:34
- 1 Korentyen 6:9
- Efezyen 5:15





# Pote Viktwa Sou Move Lide Yo

## Leson 10



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konprann kijan pwosesis tantasyon an prezante.
- Aprann konnen kilè tantasyon an vin tounen yon peche.
- Evalye lavi li pou li kapab idantifye tantasyon yo.
- Pran desizyon pou viv nan libète ke Jezikris bannou sou peche a.



### Materyèl

- Bib nan divès vèsyon yo.
- Tablo oswa fèy papyè pou ekri.

Nan leson ki pase a nou te pale sou adiksyon yo avèk danje ke yo reprezante. Sepandan nou te deside kite adiksyon an pi laj nan mond pa nou an pou nou te abòde li nan leson sa: Sèks.

Genyen yon ankèt ki fenk fèt ki devwale ke 62 pousan gason kretyen ap goumen kont tantasyon ak peche seksyèl. Kòm nou konnen ke sa se pa yon pwoblèm pou gason sèlman. Se tris pou nou wè jounen jodi a kijan ni fanm tankou gason-menm nan legliz kretyèn yo-tonbe nan peche seksyèl!

N ap viv nan yon sosyete avèg epi domine atravè lavi seksyèl. Paj entènèt ki resevwa plis vizit yo se pa ni pa biznis, ni nouvèl yo, men se pito pa pònografi a. malerezman sa se yon biznis ki fè brase plizyè milyon dola chak ane nan tout mond lan epi prensipal kliyan yo se timoun oswa adolesan soti nan laj 12 a 17 lane. Plizyè milyon moun nourri tèt yo chak jou avèk dòz tankou sèks vyolan, sovaj, vyolasyon, sèks avèk animal, sèks avèk timoun, sèks omoseksyèl, sèks avèk objè, ak anpil lòt ankò. Pou yo rive genyen li yo sèlman bezwen fè yon “klik” nan òdinatè a.

Pònografi a pa sèlman degrade fanmi an, men tou li detwi moun nan.

Nan pònografi a fanm nan sispann sèvi tankou “èd konplè”, li sispann viv tankou yon moun, pou li vin objè pou pran plezi epi li vin sijè ak agresyon seksyèl. Pònografi a fè jèn yo kwè ke fi a “satisfè” se lè li toutouni, maltrete e menm vyole. Pònografi a prezante relasyon seksyèl andeyò maryaj la tankou yon eksperyans enteresan ak eksitan. Sèks nan pònografi se yon eksperyans egoyis, li totalman kontrè ak relasyon ke Bondye te kreye gason ak fi fè a. Akòz de, chak jou piplis nou jwenn gen plis divòs, epi l ap kontamine jèn yo ki ta vle kreye yon relasyon fiansay sensè.

Déjà nou wè ke diksyon pònografi a mennen moun nan abominasyon seksyèl epi rive poze aksyon kriminel, li ankouraje postitasyon enfantil, vyolasyon sou adolesan nan chak fanmi ak touris seksyèl. Èske w te konnen ke genyen 300.000 timoun esklav seksyèl nan mond lan? Èske w konnen tou ke se paran timoun sa yo ki te vann yo oubyen yo te kidnape epi yo nan prizon pou yo vin tounen postitye? Gen anpil nan yo ki deja nan peyi nou yo ap bay sèvis seksyèl san limit...èske li posib pou kretyen an konsève panse li pwòp?

Nou pral sèvi ak leson sa pou nou kapab konprann pwosesis ki fè nou tante avèk sekre ke Bib la bannou pou nou pote viktwa sou li.

## 1. ANN PRAN RESPONSABLITE PECHE NOU AN



### Mande elèv yo konplete aktivite 1

Nan Jak 1 :12-18 apot Jak anba direksyon Bondye te bay sèt etap pwosesis tout tantasyon ke n ap fè fas yo.

Vèsè 13 la di konsa: *“Lè eprèw tonbe sou yon moun, lè l’ anba tantasyon, moun sa a pa dwe di se Bondye k’ap tante li. Paske, menm jan Bondye pa janm anba tantasyon pou fè sa ki mal, konsa tou Bondye pa ka tante pesonn pou fè l’ fè sa ki mal.”* Lè moun yo tonbe nan tantasyon epi sa atire move konsekans sou fwaye li, premye bagay yo fè se lage chay la sou lòt moun. Lè yon mari twonpe madanm nan, eskiz la se paske madanm nan pa fè sèvis li byen; lè pitit la tonbe nan pran dwòg, tò a se pou paran li yo ki pat rale zòrèy li ase ; lè yon nonm vyole yon demwazèl, li di ke se paske demwazèl la te abiye yon fason pou atire moun. Sa vle di, li tou jou chèche yon moun pou li bay tò a, e kèk fwa li konn menm bay Bondye tò. Gen kèk nan yo ki di konsa: Bondye pat fè anyen pou anpeche mwen ; Bondye te mennen mwen la oswa kondwi ale nan sitiyasyon sa”.

Se menm bagay la ki te pase ak premye zansèt nou yo, Adan avèk Èv. Adan te akize madanm ke Bondye te ba li a, Èv te akize Sèpan ki te tante li pou li te ka manje (Jenèz 3 :12-13). Li enteresan pou nou remake ke Adan di ke se mandanm ke Bondye te ba li a ki fè li peche. Nan yon lòt sans nou wè ke Adan te bay Bondye responsab dezobeyisans li a, olye pou li te pran responsablite li. Lè nou peche ak akize lòt moun pou feblès nou, nou pa fè plis ke fè bagay yo vin pi mal.

Jak fè nou konprann aspè sa ki tèlman enpòtan, si nou di ke se Bondye ki lakoz nou peche oswa nou vle rann lòt moun responsab, se kache n ap kache verite a. Pran responsablite pou aksyon nou yo, menm si yo bon oswa pa bon, se yon siy de matirite.

## 2. SÈT ETAP TOUT TANTASYON AN

Nan Jak 1:12-18 apot la pale de 7 etap tantasyon an. Pou nou konprann yo pibyen, ann gade yo nan yon egzanp istorik: David ak Batcheba.



### Mande elèv yo louvri Bib yo nan 2 Samyèl 11 ak 12.

Nou tout nou konnen istwa wa David. Youn nan ewo nasyon jwif la. Bib la pa kache tonbe David la nan peche. Grasadye, Bib la montre nou sèvitè Bondye yo nan goumen ak tantasyon yo epi nou kapab aprann sou egzanp sa yo. Ann gade kijan istwa sa te kòmanse:

Vèsè 1 di ke se te nan epòk kote wa yo te konn soti ale nan lagè epi David te rete nan lavil Jerizalèm. Tout sèvitè li yo te soti, tout gason ki te nan laj pou yo te vin sòlda yo te soti ale nan lagè, men David te rete li menm. Petèt li te byen fatige apre li te fin fè kèk travay oubyen li te yon tijan twouble.

Vèsè 2 di ke yon jou pandan li te fenk pral fè apremidi, li te leve nan kabann li, 1 al fè yon ti apiye sou balkon palè a pou gade kisa vwazinay li yo t ap fè. David te santi li dekouraje, li te pase tout apremidi a ap dòmi! Lespri fatigue li a avèk dekourajman li a bay tantasyon an opòtinite. David te mal administre kò li, li te kraze li nan travay di. Yon kò, lespri oswa emosyon fèb fè nou febli pou nou reziste fas ak tantasyon yo. Se lè sa a li te wè yon bèl dam ki t ap benyen.

### **Premye etap: “Fè yon ti koudèy”.**

Jak di konsa: *“Men, lè yon moun anba tantasyon, se pwòp move dezi moun lan k’ap rale l’, k’ap pouse li”* (vèsè 14 a). Eksitasyon an se yon anvi dekontwole pou yon bagay.

Nenpòt bagay ki okipe lavi nou kapab ouvri pòt pou tantasyon: yon lèt, yon paj entènèt ki ouvri, machin tounèf vwazen an, mennaj yon zanmi w ki fre anpil, kèsye a ki remèt monnen anplis, yon moun ki joure nou nan lari, yon travay tounèf ki fè nou elwaye kay nou, ak anpil lòt ankò.

Nan etap sa jouskaprezan pa genyen peche, men lè w santi ke panse w mennen w nan yon zòn danjere oswa ki gen relasyon ak yon pati nan lavi w ou konnen ki fèb, kouri dèyè panse sa. David pat fè sa, epi tantasyon an te pase nan etap sa.



### **Mande pou elèv yo konplete aktivite 2**

#### **Dezyèm etap: Anvi a aktive...**

Jak di konsa: *“Men, lè yon moun anba tantasyon, se pwòp move dezi moun lan k’ap rale l’, k’ap pouse li”* (vèsè 14 b).

Nan epòk mwayennaj la mè avèk pè yo te fèmen kò yo anndan monastè yo, gen moun ki te panse ke lè yo elwaye yo de objè oswa sitiyoasyon ki te kapab prezante tantasyon, lavi lib de peche a ta posib. Apre yon sèten tan yo te rive dekouvri ke menm si sous tantasyon yo te disparèt, dezi fè peche yo te rete la nan lavi yo.

Li enpòtan pou nou kapab dekouvri kisa ki sous oswa dezi ki kache dèyè tantasyon nou yo, paske tantasyon yo sedwi nou atravè anvi entim ki la nan panse ak kè nou.

Sa Jak vle anseye nou an se pa bèl jèn fi sa, men se pito kè chanèl la; se paske lajan fasil pou moun vòlò, men se pito kè ki anbisye a, se pa bote machin vwazinay mwen an, men se pito kè mwen ki renmen vanite.

Se dezi yo ki fè yon tantasyon tèlman atire nou. Èske tout dezi yo se bagay ki mal yo ye? Non. Se Bondye ki te bannou dezi yo. Bondye te fè nou avèk kapasite pou nou grangou, men lè grangou a depase limit li, li vin tounen goumandiz, se peche. Bondye te kreye nou avèk kapasite pou nou pataje lanmou nan entimite seksyèl avèk patnè nou, men lè li pèdi kontwòl epi gen rechèch satisfaksyon andeyò relasyon sa, li vin tounen peche.

Nan 2 Samyèl 11 :2-3 nou wè ke olye pou David te retire je li epi kòmanse fè yon lòt bagay pou li inyore imaj tantasyon sa nan lespri li, li te rete ap panse avèk li. Dezi seksyèl David la te soti anba kontwòl epi li te anvi kouche ak yon fanm ke li pat menm rekonèt.

Nan dezyèm etap la, tout tantasyon envite nou satisfè anvi nou yo pandan 1 ap fè nou travèse limit ke Bondye te etabli yo.



## Twazyèm etap: Peche a egzès vis sou nou.

Pwòp dezi chanèl David yo pou fanm sa te tann yon pyèj pou li, yon mòso chè pou l mòde epi tou atrape nan pèlen an. Jak di ke nou atire ak sedi atravè pwòp dezi nou yo. Sedwi a vle di atire ak tout fòs nou epi reveye anvi oswa esperans pou yon bagay. David te desann ti kò li pou li te kite li sedwi, pou sa te fèt, li te voye al chèche kilès dam nan te ye.

Nan etap sediksyon sa a, peche a te nan teren tantasyon an toujou. Anmezi ke anvi a t ap ogmante nan David, se konsa objè li te anvi a te vin pi gwo priyorite lavi li, ak tout lòt yo, e menm fanmi li, repitasyon ak Bondye menm, li pase nan dezyèm plan. Tout enèji ak panse yo santre sou sa ke David te vle a.

Nan Pwovèb 7:21-23 nou genyen yon bon egzanzp sou kijan tantasyon an grandi nan etap sediksyon sa: *“Se konsa, fanm lan fin pran tèt ti jennonm lan. Ak bèl pawòl dous li yo, li fè l’ asepte. Jennonm lan pran swiv li, tankou bèf y’ap mennen labatwa, tankou kabrit yo pran nan pèlen k’ap tann yo vin koupe tèt li, tankou zwazo k’ap mache sou pèlen san li pa konnen lavi l’ an danje.”*

Twa premye etap tantasyon sa yo travay pandan y ap pwovoke dezi nou yo. Satan konnen byen ke li gen plis opòtinite pou li jete nou lè li atake zòn ki plis fèb yo nan nou; se ladan yo nou te konn tonbe oparavan. Nan sa ke nou pat janm ko tonbe, l ap pran plis tan, sepandan ekspeze anba sediksyon souvan, kapab ogmante anvi epi pati sa ki te solid nan kòmansman, kapab vin fèb.

Nan twazyèm etap la, tantasyon an chèche ogmante dezi pou ke anvi sa gouvène sou panse nou epi pouse nou pran desizyon pou satisfè li. Jouk nan pwen sa a oumenm avèk mwen nou kapab frennen tantasyon an. Si li deyò, kouri lwen li. Si li anndan, sispann fè dyalòg avèk li. Etèn vwa sa nan lespri w! Avèk pouvwa Sentespri a k ap viv nan ou a, kontwole dezi w la! Pran otorite sou dezi sa epi pa kite li gouvène panse w yo ak lavi w!

## Katriyèm etap: Tantasyon an anpeche nou

Jak di konsa: *“Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l’ fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò. Frè mwen renmen anpil yo, pa twonpe tèt nou sou bagay sa a.”* (vèsè 15). Etap sediksyon an kòmansè lè anvi a vin reveye epi fini nan katriyèm etap la, lè moun nan kòmansè reflechi sou responsablite pou peche. Nan etap sa l ap di si li dwe peche oswa non.

Petèt, David te genyen espwa ke dam nan te selibatè, li te voye y al mande li kilès li te ye. Si li te sa, li te kapab pran li kòm youn nan madanm li yo. Men si li te marye, dezi sa te kapab pouse li vyole dènye nan dis kòmandman yo ki di konsa: *“Piga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou: ni sou kay frè parèy nou, ni sou madanm li, ni sou moun k’ap sèvi lakay li, ni sou bèf li, ni sou bourik li, ni sou ankenn lòt bagay ki pou frè parèy nou”* (Egzòd 20:17). Moun ki t ap bay enfòmasyon yo di ke li rele Batcheba, madanm Iri Hete. Nan istwa, 2 Samyèl 11:3 fini avèk yon pwen, genyen yon poz ki fèt. Se asire ke David tankou nenpòt nan nou te panse pou yon tan sou kisa li ta fè.

Panse yo nan etap sa konsantre sou jistifikasyon oswa reyalizasyon peche a. Nou kòmansè bay agiman anfavè epi nou di tèt nou, pou kisa non? Èske mwen pa lib pou m fè sa m vle? Èske mwen pa genyen dwa pou m satisfè dezi sa? N ap eseye bay tèt nou pèmision pou nou komèt peche, men pou sa, nou dwe minimize rezon pou nou pa fè li anpremye.

Pa egzanzp: Yon jèn ki genyen mennaj li epi tante fè sèks avèk lòt demwazèl la avan maryaj. Rezon ki negatif la se ke limenm avèk mennaj li a yo te fè ve devan Bondye pou yo te

rive nan maryaj la vyèj. Men, jèn gason an kòmanse ap chèche jistifikasyon pou li pa akonpli pwomès sa. Sonje ke nan kèk okazyon li te imilye jennonm nan epi maltrete li. Apre sa li fini pou l di: “Apre tout bagay, li pa merite pou m rete fidèl avèk li”. Tantasyon an reyalize objektif li a, li transfòme rezon negatif la pou pozitif. Kounye a li santi l lib avèk dezi pou li komèt peche. Kounye a sa ki manke a se fè plan pou li poze aksyon an.

Ann wè pwogresyon an jouk nan pwen sa: li santi li atire, panse ak planifye, tout sa pase anndan nou. Jouskela, nou kontinye ap pale ak konsyans nou sou lide peche a, nou nan teren tantasyon an. Èske nou kapab tounen dèyè? Wi, epi si nou fè li, se pap yon peche.

Si nou travèse liy sa, n ap antre nan yon zòn ki danje. Twa etap sa yo se peche ak plis peche.

### **Senkyèm etap: Li pran desizyon pou komèt peche a**

Kilè tantasyon David la te vin tounen peche?, lè David pran desizyon pou l fè peche a: Jak di konsa ke si gwosès sa rive nan bout li “*Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l’ fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò.*” (vèsè 15).

Nan 2 Samyèl 11 :4, li di ke David te voye plizyè mesajè al chèche li, li mennen li nan chanm li epi kouche avèk li apre sa li voye dam nan retounen lakay li. Sa a se bagay ki pase nan senkyèm etap la: aksyon an soti nan panse a. Yon fwa ke li fin pran desizyon an, peche a jeneralman fè aksyon an pase byen vit. David te gentan fè peche a depi menm kote li te voye al chèche Batcheba avèk entansyon pou li te komèt adiltè avèk li a, paske li te déjà refize koute kòmandman Bondye a epi satisfè dezi egoyis li yo.

Nan kèk okazyon genyen yon tan pou reflechi menm apre desizyon an fin pran. Nan ka pitit fi ak pitit gason Bondye yo, Sentespri a pale anndan kè nou avèk lespri nou epi eseye konvenk nou pou nou pa komèt erè nou vle komèt la. Lè moun nan deside fè peche a epi etèn vwa Lespri sa nan kè yo, pa gen retou ankò. Men okontrè, si nou pèmèt Sentespri a evalye peche sa, nou kapab konvenki pou nou frennen plan an avan li vin twò ta.

Se poutèt sa Jezi di nan Matye 5 :28, ke nenpòt moun ki gade yon fi (oswa gason) pou anvi li, li déjà komèt peche a nan kè li. Se pou rezon sa tou nou wè ke pònografi a se yon danje li ye sou nenpòt fòm nan: jounal, entènèt, fim pou lwe, televizyon, klèb nan nwit, elatriye. Pònografi a ofri nou opòtinite pou nou pratike relasyon seksyèl san kontwòl la sèlman pandan n ap itilize lespri nou, sans ak emosyon nou. Sepandan, sa pa satisfè dezi a. Dezi a ap chèche ekspresyon, l ap chèche mennen panse a fè aksyon.

Si nou te komèt peche sa oswa nenpòt lòt, li pibon pou nou repanti epi abandone li avan li pase nan nivo sa.

### **Sizyèm etap: Peche a reyalize:**

Jak di nan chapit 1 :15 ke peche a fèt epi apre sa li “*aplike...*”.

Kisa ki te pase ak peche David la? Èske li te fini la? Non, li te transfòme kòm yon chèn peche ki te vin miltipliye chak fwa pi plis toujou.



**Mande elèv yo konplete aktivite 3.**

**[[[ Mande elèv yo, kijan chapit sa te fini nan 2 Samyèl 11 :27? Repons lan se pral : “Men, sa David te fè a pa t’ fè Seyè a plezi menm”. ]]]**

David te tante kache peche l la avan, men li pat rive fè li, apre sa li te eseye aranje sa, men tout sa li te eseye fè ak envansyon li kòm lòm te fè bagay yo vin pi grav. Li te panse ke li te genyen tout bagay anba kontwòl, men anreyalite se limenm ki te anba kontwòl peche a.

**Setyèm etap: Peche a fè nou tounen esklav**

Jak di ke peche a “*Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l’ fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò*” (vèsè 15). Yon fwa ke peche a kòmanse li pap janm fini. Peche a pran nesans epi grandi, li repete ankò epi ankò. Li vin pi laj ak pi pwofon. Peche a pap janm fin satisfè toutan li pa fin pran tout nou menm. Peche a se yon pi ki fon anpil, objektif li se fè nou rive jouk nan wòch ki anba nèt yo.

Si li renmen lajan, lajan pap janm ase pou li ; si se kòlè ki peche a, sa pa t ap janm sispann toutotan li pa ta fin kontamine tout nanm li avèk tout moun ki pwòch li yo; si se move lanvi ki peche a, li pap janm kapab satisfè ak sa li genyen ; si se fè sèks, ou pap janm santi w rasazyè.

Bib la bannou avètisman sou danje koze tonbe nan peche a genyen ladan li, men pou kretyen yo, anba dominasyon peche. Nan ka David la, adiltè a fè li bay manti, twonpe, touye moun, epi fè pitit li a mouri limenm ki te inosan... men grasadye istwa a pa fini la.

**3. JEZIKRIS LIBERE NOU ANBA POUVWA PECHE A**

2 Samyèl 12 di ke pwofèt Natan t al vizite David epi apre li te fin tande pawòl Bondye a, David te repanti. Bondye restore David, li pat janm retounen komèt peche sa ankò. Li parèt nan Ebre 11 :32 kòm egzanp moun ki gen lafwa epi nan Matye 1 :6 kòm zansèt Jezi.

David te konprann ke se pou gremesi li t ap eseye kache peche li devan Bondye. Li te konprann ke li pa tap kapab soti anba dominasyon peche a ak pwòp fòs pa li. Kijan lavi w ye jodi a?



**Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4.**



**Ankouraje elèv yo konplete aktivite 5 lan lakay yo avèk lekti ki rekòmande yo pou semèn nan.**

**[[[ Mete fen avèk yon lapriyè pandan w ap prezante bezwen elèv yo devan Seyè a. ]]]**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Move dezi:** Anbisyon oswa move lanvi ki egzajere pou byen materyèl oswa plezi seksyèl.
- **Dekontwòl:** Apeti seksyèl san limit. Lè dezi seksyèl la ale nan sans ki kontrè ak volonte Bondye a.
- **Sediksyon:** sedwi oubyen atire avèk riz, pwovoke mal la ansilans.



## Rezime

Dezi yo sèvi pou satisfè nesosite nou yo e se Bondye ki te bannou yo: manje, fè zanmi, demontre lanmou seksyèl fas ak parèy nou, gou pou bote, ak anpil lòt ankò ki se dezi lejitim ke nou tout genyen. Lè nou anba tantasyon, dezi sa yo eklate, apre sa nou sedwi pou nou satisfè yo nan depase limit ke Bondye te etabli yo. Si nou pèmèt ke panse sa yo rive pouse nou pran desizyon kont volonte Seyè a epi mete li anpratik, menm si se nan panse nou, nan pale oswa avèk aksyon nou yo, n ap nan dezobeyisans devan Bondye. Peche a pa janm rive satisfè anvi sa yo konplètman epi chèche fè nou tounen esklav epi pote lanmò pou viktim li a.

Jezikris te triyonfe sou bwa Kalvè a sou peche ak lanmò. Gras avèk li nou kapab pote viktwa sou tantasyon epi vin libere konplètman anba esklavaj peche a.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

**Fè plizyè gwoup pa de oubyen patwa pou li pasaj ki nan Jak 1 :12-18 nan divès vèsyon diferan.**

Pou nou kontinye, n ap jwenn nan vèsyon Jerizalèm nan. Korije pa Sosyete Biblik, 1999.

<sup>12</sup> Benediksyon pou moun ki sipòte eprèv li ak pasyans. Lè la fin pase anba eprèv yo, la resevwa pou rekonpans lavi Bondye te pwomèt tout moun ki renmen li yo.

<sup>13</sup> Lè eprèv tonbe sou yon moun, lè l' anba tantasyon, moun sa a pa dwe di se Bondye k'ap tante li. Paske, menm jan Bondye pa janm anba tantasyon pou fè sa ki mal, konsa tou Bondye pa ka tante pesonn pou fè l' fè sa ki mal.

<sup>14</sup> Men, lè yon moun anba tantasyon, se pwòp move dezi moun lan k'ap rale l', k'ap pouse li.

<sup>15</sup> Konsa, move dezi a travay nan kè li, li fè l' fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò.

<sup>16</sup> Frè mwen renmen anpil yo, pa twonpe tèt nou sou bagay sa a.

<sup>17</sup> Tout pi bèl favè, tout pi bon kado nou resevwa, se anwo nan syèl la yo soti, nan men Bondye ki kreye tout limyè. Bondye pa janm chanje, ni li pa gen anyen ki ta ka sanble yon chanjman nan li.

<sup>18</sup> Gremesi pawòl verite a, li ban nou lavi jan l' te vle l' la, pou nou kapab gen premye plas nan tou sa li kreye.

### AKTIVITE 2

**Nan gwoup ki genyen 3 jiska 4 moun mande yo pou yo fè dyalòg sou sijè sa a...**

Kisa yon kretyen ki selibatè dwe fè, si yon moman konsa genyen yon paj pònografi ki ouvri nan òdinatè li a oswa yon kanal televizyon kote y ap bay fim ki genyen son ki atire moun vè sèks ? Kijan li kapab kouri devan tantasyon an?

---

---

---

### AKTIVITE 3

**Li istwa David ak Batcheba ki nan 2 Samyèl 11:5-27 epi fè yon lis tout sa David te fè pou eseye "kache ak regle" peche li a.**

<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>
<hr/>	<hr/>

### AKTIVITE 4

**Èske w andanje pou w tonbe nan tantasyon aktyèlman? Analize lavi w pandan w ap reponn kesyon sa yo.**

- a. Èske genyen pou kounye a kèk peche ki reveye dezi nan mwen? \_\_\_\_\_  
(Si repons ou a se wi, ou rive nan etap 1).
- b. Nan nivo 1 a 10, èske dezi sa fò anpil nan mwen? \_\_\_\_\_  
(Si repons ou a se 5 a 10, ou nan etap 2).
- c. Konbyen tan sa fè depi m ap panse ak sa? \_\_\_\_\_  
(Si w pase kèk tan ap panse, ou déjà rive nan etap 3).
- d. Nan nivo 1 a 10, èske mwen konsidere peche sa kòm bagay ki pa bon? 1 se yon peche ki pa twò mal epi twò mal. \_\_\_\_\_  
(Nenpòt sa ki ta repons ou, ou nan etap 4, men si li pifò pase 8, ou genyen pye w sou teren danjere a).
- e. Èske eseye jwenn rezon pou m jistifye sa mwen vle a? \_\_\_\_\_  
(Si repons ou a se wi, ou déjà rive nan nivo 4).
- f. Èske m panse ak yon plan pou m fè sa mwen vle a? èske mwen imajine m oswa trase yon sèn mantal sou kòman sa ap ye lè m ap reyalize li? \_\_\_\_\_  
(Si repons ou a se wi, ou déjà nan etap 5).
- g. Èske mwen te rive poze aksyon sa yon fwa sèlman? \_\_\_\_\_  
(Si w reponn wi, ou nan nivo 5).
- h. Èske sa fè lontan depi mwen nan peche sa? \_\_\_\_\_  
(Si repons ou a se wi, ou nan etap 6).

Dapre repons ou yo, siyale nan ki etap ou rejwenn ou nan tablo sa kounye a.

1.	2.	3.	4.	5.	6.	7.
Rega	Dezi	Fèt	Obstak	Nesans	Konsomasyon	Lanmò
“...se pwòp move dezi moun lan k’ap rale l’, k’ap pouse li...”	...pwòp move dezi moun lan k’ap rale...	...lè yon moun anba tantasyon, se pwòp move dezi moun lan k’ap rale l’, k’ap pouse li...	...l li bay lanmò. Frè mwen renmen anpil yo...	...Lè peche a fin fèt, li bay lanmò...	...apre peche a fin fèt, li antre nan aplikasyon...	...move dezi a travay nan kè li, li fè l’ fè peche. Lè peche a fin fèt, li bay lanmò...
<b>DEZI</b>			<b>PANSE</b>	<b>AKSYON</b>		
<b>Pa Peche</b>			<b>Desizyon pou fè Peche</b>	<b>Peche</b>	<b>Plis Peche</b>	<b>Pigwo Peche</b>

## AKTIVITE 5

**Fè yon lis kalite fason moun panse ki fè Seyè a plezi, dapre Filipyen 4:8 epi aprann memorize vèsè a pandan semèn pwochèn.**

---



---



---



---



---



---

## LEKTI KI REKÒMANDE YO

Fè fas ak tantasyon an dapre verite ki devwale nan pawòl Bondye a. W ap jwenn pi ba a yon lis pasaj Biblik ki ta kapab ede w ranpli panse w avèk verite Bondye a pandan semèn sa epi lapriyè pou w vin libere anba move lide yo.

- **Levitik 18.** Analize lavi w pou w gade si gen kèk move lide ki gen relasyon ak peche sa yo epi konfese yo devan Bondye atravè lapriyè. Si w gen konsyans ke lide sa yo vin tounen peche nan kè w, rekonèt ke rete ap pratike yo ap fè w mal, l ap fè fanmi w mal, legliz ou avèk moun sa yo ki te touche atravè temwayaj ak sèvis ou kòm kretyen. Mande Bondye padon epi abandone peche a.
- **Women 6:10-14.** Lapriyè: Mwen renonse tantasyon sa epi mwen soumèt tout lavi mwen pou m sèvi Bondye nan jistis ak sentete. Di Bondye mèsì pou lanmò Jezikris la ki fè w libere anba peche.
- **2 Korentyen 5:14 a 7:1.** Lapriyè: Mwen rekonèt ke m gen dezi nan mwen ki fè tantasyon sa sedwi mwen. Seyè banm otorite pou m kontwole dezi sa yo avèk pouvwa Sentespri a ki abite nan mwen. Sanntifye dezi sa yo Seyè. Se pou dezi sa yo satisfè nan obeyisans volonte w.
- **Efezyen 4 :22-32.** Lapriyè: Mwen konsyan ke Sentespri a abite nan lavi mwen epi mwen pa vle ofanse li oswa fè li atriste nan komèt nenpòt kalite peche. Seyè libere m pou m pa komèt peche avèk panse mwen, avèk bouch mwen oswa avèk aksyon mwen yo.
- **1 Korentyen 10 :12-13.** Konfese avèk bouch ou: Mwen kwè ke Sovè m nan pap kite m tante plis pase sa mwen pa kapab sipòte. Di Seyè a mèsì pou gras li.
- **1 Korentyen 3:16-17.** Lapriyè: Seyè, mwen te pwomèt pou m te sèvi w nan tout fason m ap viv. Ede m akonpli pwomès sa. Seyè, mwen soumèt mwen anba volonte w ak otorite w nan tout bagay nan lavi mwen. Bay volonte m fòs pou m kapab rete fidèl avèk ou.







# Verite A Kòm Règ Lavi

## Leson 11



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Rekonmèt ke Bondye, se yon Bondye de verite, jis, dwat, ki rayi manti ak tout kalite sa ki mal.
- Konprann tankou pitit Bondye, nou dwe dakò viv nan verite a ak tout franchiz
- Pran konsyans de tout mal ki genyen nan zèv lachè fè nan vi kretyen an.
- Egzamine lavi nou pou'n idantifye nenpòt kalite zèv lachè yo.
- Chwazi yon lavi san mansonj, pale mal, fèzè ak tout lòt mwayen pou plenyen.



### Materyèl

- Yon moun ki dakò pou degize'l epi reyaji. Moun nan ap rete kache jiskaske nou rive nan pwen 5 lan. Lide santral la se pou elèv yo konprann sak aparans lan oubyen ipokrizi a ki se yon kalite manti. Pou nou ka kache vrè pèsonalite moun nan nou ka chwazi pwen sa yo:
- Yon mas ak diferan rad yon bagay ke moun nan renmen,
- Si nou ka jwenn yon moun ki konn makiye, mande pou makiye yon frè ak yon sè nan legliz le li dwe yon bagay vrè pou aparans moun nan pa janm parèt (itilize pa egzanp fo cheve, bab, sousi, rad etc)
- Yon makiyaj konsa ka kache vrè moun nan epi itilize pou piblisite epi kache moun nan byen. Kapab youn sou papa nwèl pa egzanp oubyen youn tankou yon dra pou kapab yon fantom oubyen batmann.
- Yon lòt opsyon se itilize yon pwogram nan laptop la epi fè yon transfòmasyon ladanl de yon foto yon moun ki nan legliz la.

N'ap viv nan yon mond kote di sa ki verite a se pa yon bagay ki komen. Pifò perimèt nan lavi a se manti, vòlè, twonpe se yon pen chak jou. Politisyen yo pa egzanp, bay manti nan fè pwomès bagay yo p'ap janm reyalize; mwayen piblisite yo pa janm bay tout verite sou pwodwi y'ap ofri yo pou ka gen plis garanti. Yo ofri yon banm pwodwi ki pa bon tankou sigarèt bwason alkolik ak lòt, fè nou kwè si nou pran yo n'ap vin pi byen ak pi kontan.

N'ap viv nan yon mond plen ak manti, fo, vòlè, twonpè, aparans ak tout kategori de mal, pwoblèm sa yo menm rive nan legliz ak fwaye yo.

Nan yon okazyon yo poze yon frè yon kesyon paske li te rive anreta oubyen paske li pa't fè travay li te genyen pou'l fè. Repons ke nou jwenn nan plizyè ka konsa se manti oubyen yon bagay nou rele eskiz. Nou konn jwenn tou anpil kretyen ki bay yon ti kras nan dim yo de sa yo ta dwe bay. Nou preche sou verite a ; papa k'ap tronpe pitit yo « ak manti » oubyen mande pitit yo , pou bay manti pou yo « di manmi pa la » lè moun k'ap touche a vin frape nan pòt la. Manti vin fè mond lan konwonpi, sosyete nou, gouvènman nou enstitisyon ak fanmi yo.

Men pawòl Bondye di verite nan pwoblèm sa e manti se nan kè moun li rete. Se la ke nou jwenn pwen santral manti a, tripotay, twonpè, ipokrizi ak aparans. Se pou tèt sa nan leson sa nou pral pale sou manti dapre sa Bondye di.



### Koumanse seksyon sa ak aktivite 1.

## 1. POUKISA AK POUKI MOUN BAY MANTI?

**[[[ Mande klas la: Pou ki rezon moun yo bay manti? Ekri kesyon an epi fè yon rezime de tout lide klas la bay yo sou tablo a. ]]]**

Nou pral wè kèk rezon ke nou jwenn nan Bib la poukisa moun yo manti:

### a. Manti pou laperèz pou pa wont

Evite soufrans sou nenpòt tip pou yon bagay ki gen rapò ak ensten nou, pou tout sa tout moun eseye evite doulè. Nan liv Genèz 12:10-20 pale de istwa Abraam li menm kite bay manti sou relasyon kite genyen ant li menm ak mandanm li sara, te

di se te sè '1 (Gn 12 :13) nan bon reyalite sara se te mwatye sè'l li te ye, pitit fi Tare, men ak yon lòt madanm ( Gn 20 :12), men tou se te madanm li, se pa't yon move bagay paske nan epòk sa se te yon bagay komen moun te ka marye ak manm nan menm fanmi an. Sara se te yon bèl fanm, tankou yon nèg ki gen anpil pouvwa pa egzanp farawon de egip pa ta gen pwoblèm pou ta fè tiye maril epi pran'l tankou madanm. Sa te yon motiv pou Abraam te ka bay manti pou te pwoteje pwòp vi'l fizik li.



o **Mande ak yon elèv li Genèz 12:18-20 epi mande elèv yo kisa kite pase lè yo te vin dekouvri manti Abram te bay la?**

An reyalite manti a te pouse Abram nan yon danje lè yo te vin dekouvri sa.

b. Manti pou echape de responsablite'l

Lè nou evite yon ekskiz se jis pou evite responsablite ke nou genyen. Manti pa elimine lè responsablite nou kòrèk.



o **Mande elèv yo pou bay kèk egzanp pou mete moun yo nan pa pran responsablite yo.**

c. Nou bay manti lè nou panse Bondye pap ban nou sa nou bezwen

Nan Jenèz 27 yo rakonte nou istwa Jakòb lè'l te pran dwa de nès frèl la Ezawou, bay manti pou'l te ka jwen benediksyon papa'l la, kote li pran dwa pou'l te ka yon lidè esprityèl ak materyèl nan fanmi an. Jakòb te eseye rezoud pwoblèm yo nan fason pa'l, itilize trik sa ak twop sa. Manke fwa nou nan Bondye sa fè nou doute ke'l ka aji pou nou, ka fè nou pran tout bagay yo ak dezi pa nou menm jan ak Jakòb vin sibi gwo konsekans.

d. Manti pou'n ka satisfè dezi pa nou

Anganyan nan yon pèz oubyen yon pri de yon pwodwi, bay manti sou lòt moun pou'n ka desann repitasyon'l, bay manti sou yon kamarad travay nou pou ka ban nou yon grad, ban nou yon bagay ke nou pa genyen kapasite pou'n fè, pale byen de nou menm pou'n genyen respè pou yon lòt, eksetera. Nan Bib la nou jwenn yon istwa nan ka Ananyas ak safira (Travay 5 :1-10) yo te vle pran konfyans legliz la, bay manti sou ofrann yo te konn bay pou te ka genyen renome pa yo. Men yo pa't ka bay Bondye manti li menm te chatye yo epi menm rive mouri nan menm moman.

e. Nou bay manti lè nou pa sensè ak Bondye

Nou ta dwe natirèl tout moun ka'p vin kote Bondye, apre tou, nou pa ka twonpe Bondye? Men an bon reyalite moun pa renmen sensè ak bondye. Anpil se konsa yo ye nan chache Bondye nan bay manti. Genyen k'ap chache Bondye pou perèz pou pa al nan lanfè, lòt pou mirak, pou ka gen anpil richès ekonomik, pou yon travay, sak bezwen yon mennaj chèche Bondye pa mwayen sa se yon bagay ilegal epi danje.



o **Mande pou yon elèv li Jeremi 29:12 ak 13.**

Nan vèsè sa yo nou jwenn de fraz ki bon pou nou analize. “Chèche” vle di “yon rechèch ak anpil fòs, yon rechèch ki ale pi lwen pase yon lapriyè ki nòmal epi kouran. Pwisan kontrè ak endiferan.

“Ak tout kè nou” sa vle di chache l jiskaske nou jwenn li. Sa Bondye te di pwofèt la, sa li mande se pou pèp li chache ‘l ak tout konfyans yo ak yon enterè ki sensè. Kontrè ak sa ki sanse se ipokrizi. Moun ki ipokrit la fè tout vi’l ap bay manti, viv ak aparans, eseye pou toujou ap twonpe tout moun, jezikri manifeste li menm tout jan Bondye ap repouse tout sa yo ki ipokrit, sitou sa yo ki montre ke yo obeyi Bondye an bon piblik men an reyalite ap pwofite de lòt pou ka jwi benefis tèt yo (Matye 23:13-15).

Tout manti soti dirèkteman anndan kè egoyis ak laperèz pou pa pèdi sa yo genyen.

## 2. BONDYE SE YON BONDYE VERITE

Papa nou genyen karakteristik ak kalite ki pwòp se sa ki fèl inik. Youn nan yo se di laverite, fran ak onèt youn nan pasaj ki pale de sa se Detewonòm 32 : 4 Se Seyè a k’ap pwoteje nou. Tou sa li fè bon nèt. Li pa nan patipri nan anyen l’ap fè. Bondye nou an ap toujou kenbe pawòl li Li pa nan bay manti. Li fè sa ki dwat, li pa fè ankenn lenjistis.

Sovè nou ak seyè nou Jezikri kòm Dye li fran, tout sa li fè ak di se verite “ Mwen se chemen an, verite a ak lavi a ; pa gen moun k ap rive jwenn Papa a, si li pa pase pa mwen menm”, sa a se verite. Moun ki genyen Jezi nan lavi yo kòm Sovè ak Seyè li gen lavi ki pap janm fini an” (1 Jan 5 :11-12). Pa gen lòt chimen, pa gen lòt moun ki kapab sove nou, Li se lavi.



.....o **Mande pou twa elèv li 1 Pyè 2 : 21-22, Ezayi 53:9, Revelasyon 3 :14, apre sa mande elèv sa yo kisa vèsè sa yo di de Seyè avèk Sovè nou Jezikris?**

Si nou konnen byen seyè nou Jezi kri se yon nonm ki sensè, onèt. Li pa konn bay manti, epi twonpe moun.

Lespri Sen an nou rele li tou lespri verite a se youn nan ministè li pou kondwi nou nan tout verite (Jan 16:13).

Nou kapab fini pou ‘n di, se yon Bondye verite, nan tout chemen li, nan tout lide yo, plan yo, tout zèv yo , yo tout se bagay serye. Pa bay manti pou jwenn yon bagay de nou. Li pa di yon bagay epi fè yon lòt.

## 3. TOUT PITIT BONDYE YO DWE FÈ TANKOU PAPA YO.

Bondye ap ret tann ke tout pitit li yo fè menm jan ak li. Jezi te bann egzanp sa, li te di “*Li pa t’ janm fè ankenn peche. Ankenn manti pa t’ janm soti nan bouch li.*” (1 Pyè 2:22)



.....o **Mande timoun yo pou yo konplete aktivite 2.**

Tout pitit Bondye yo fèt ak verite a. N’ap swiv yon Bondye ki se yon Bondye de verite nou dwe viv yon vi ki lib de manti nan tout bagay nan vi nou. Bondye vle pou nou kite bay manti, menm kan sa di, pratik sa yo se bagay kite nan ansyen jan nou te konn viv yo, lè nou pot ko pitit Bondye.

**||| Si sa yo k'ap bay manti poko rekonèt yo tankou pitit Bondye, poukisa ....  
Pitit kiyès nou ye? Mande elèv yo pou chèche jwenn repons lan nan Jan 8:44. |||**

Lavi yon moun ki toujou ap bay manti, fè li sanble ak papa li ki se satan ledyab. Tout pitit Bondye yo di verite a menm jan ak papa yo. Tout sa k'ap bay manti ap viv nan peche epi peche separe nou de Bondye epi mennen nou nan lanmò. Pou rezon sa Bondye fè nou sonje nan pawòl li se pou'n pridan pou'n pa esklav manti.

#### **4. KI REZILTA YON VI KI CHITA SOU VERITE A?**

Nou kapab bay senk nan yo:

##### **a. Verite a fè nou lib nou ka itilize yon kat oubyen yon rantre.**

Nan kèk peyi gen kèk lwa ki pwoteje ansyen kay yo, pa egzanp nan lavil Baselòn, Lespay, nou kapab jwenn avèk yon kay ansyen kote yo koute yo epi separe'l de kay original la ke yo kraze 'l deyèl, de yon mèt, de kay nèf la. Nan rantre ansyen an nou kite pòt la louvri pou moun ka rantre nan nouvo a. Moun k'ap travay nan kay sa yo pa gen yon lòt mwayen se pouw viv nan rantre a pa di anyen sou kimoun nou ye. Nou oblije bay yon bagay ke nou pa ye. Men yon kretyen pa ka nan sa pou viv fason sa. Anyen pa mande nou fè sa. Nou pa ka bay yon aparans nou pa ye.

Viv yon vi chaje ak verite se viv yon vi an piblik tankou prive. Onètete mande pou'n bay yon imaj deyò de tout sa ki andann nou.

##### **b. Verite a libere nou de tout wont ke manti ta fè nou pran lè yo dekouvri yo.**

Dezyèm benefis ki genyen lè nou viv nan onètete li fè nou lib de santiman kilpabilite oswa krent pou manti a pa soti nan lari.

##### **c. Verite a libere nou de tout sa kita ka twonpe nou menm menm.**

Bib la fè nou konnen kimoun nou ye epi kijan nou dwe viv (Lik 6:45). Men si nou kwè nan bagay ki pa verite, nou mare epi limite. Anpil fwa nou bati lavi nou sou manti. N'ap viv nan yon mond kote se manti ki pi fasil pou moun kwè nan li paske tout moun ap fè sa. Konsa tou gen manti nou ka evite. Anpil moun twonpe tèt yo kote yo menm vin kwè nan tèt yo. Aprè anpil tan nou vin pa'p ka idantifye sa ki manti ak sa ki verite nan yo.

##### **d. Verite a libere nou anba chay yo.**

Lè yon pitit Bondye bay manti li santi l mal anpil, santi l tris. Bagay sa se gras ak Sentespri a nan lavi nou. Si nou kontinye nan bay manti epi nou pa fè anyen pou'n chanje sa, n'ap vin pèdi relasyon nou ak Bondye (Sòm 32:3-4; Women 6:23; Jan 9:31). Men lè nou bay verite; nou libere nou de chay yo (Sòm 32:5; 1 Jan 1:9).

##### **e. Verite ini nou plis avèk Bondye.**



..... o **Mande pou de elèv li Sòm 15:2; ak Pwovèb 12:22 epi mande yo.  
Ak ki moun Bondye renmen rete?**

Lè nou pale de verite a n'ap mache ak Bondye epi li menm tou ap mache ak nou. Nou montre limaj li nan nou lè nou viv nan tout verite a. Sèlman nou ka sèvi Bondye epi sèvi frè nou yo lè nou viv nan verite a.

## 5. SENTESPRI PIRIFYE KÈ NOU AK BOUCH K'AP PALE MANTI YO

Konsa nou ka santi yon batay anndan kè nou se yon pwoblèm ki koumanse depi byen lontan. Si ou se youn nan moun sa yo k'ap chache chanje kite bay manti, ou santiw pa kapab, sa ka fèt paske genyen bagay ki mal nan vi'w.

**||| Nan moman sa rantre moun ou te makiye a. Mande yo, kiyès moun sa ye? Aprè yo fin ri ak fè kòmantè, mande klas la, kisa ki anpeche nou wè moun sa yo? (Se pou yo byen makiye yo pou klas la pa rekonèt kiyès yo ye reyèlman, se pou chanje vwa ak kanpe diferan). Mande aktè a. Kijan w rele? Kisa w fè? Se pou'w reponn ak yon manti? |||**

Mo kle pou'n ka libere nou de bagay sa yo n'ap jwenn yo nan Efezyen 4:22-25.

**||| Apre yo fin li vèsè sa yo ki bay yon bann enperativ (ki se yon devwa pou nou) nan pasaj sa yo ekri sou tablo a, kite yo, renouvle, abiye'w, pale. Apre sa mande klas la. Kiyès ki dwe fè bagay sa yo nou menm oubyen Bondye? Repons lan se nou menm. |||**

Anpil kretyen tonbe nan lit y'ap mennen yo paske yo kwè se Bondye k'ap fè tout bagay pou yo. Anyen p'ap janm fèt si nou ta panse se Bondye k'ap fèl, se vre ke Bondye ap pirifye nou, men se nou menm ki pou viv apa. Se vre se Bondye k'ap padone nou men se nou menm ki pou sispann viv nan peche pase nan vi nou, olye pou'n viv ak yo nan vi kretyèn nou.

Kat vèb sa yo montre nou chimen pou nou lib de manti nan vi nou nou pral wè yo you'n aprè lòt.

### Debarase nou

Gen kèk fanmi ki genyen yon bann foumi nan kay yo. Yo t'ap goumen ak foumi sa yo ak yon [pwodwi aewosol, pase klowòks avèk lay e menm ak kout sapat, men yo pa ka rive pou fè foumi yo ale. An fen yon oblije rele yon moun pou vin fè yon bagay. Chèf kay la mande ki tip pwodwi yo te konn itilize pou foumi an , nèg foumi an reponn.” Sa vle di konbyen tan ou vle pou foumi yo elwaye kay la. Si ou vle pwoblèm la rezoud nèt ou dwe itilize yon pwodwi ki pi fò., pase'l nan tout mi andan kou deyò kay la, se pou'w koupe tout branch bwa ki kole ak kay la epi aprè de tan zan tan pouw ap revize sa.

Kretyen yo anpil fwa nou eseye kouri dèyè peche pou yon ti tan, men chanje vi sa pa koute anyen. Fè'l nan nan jan nou konnen, se pou' w retire'l nan vi nou menm jan nou retire fatra nan vi nou pou'l pa pouri anndan kay la epi koumanse bay move sant. Nan vi kretyèn nan san nou pa bay vag, si nou pa peye pri a nou pa'p janm gen batay la.

**||| Mande aktè w la: kijan'l santi l ak tout rad sa yo ki sou li pou makijaj la? Ou vle retire yo pou ka kiyès ou ye? (Repons lan se pou'l reponn mal, fatigue ak doule fatig, e aprè si ou vle soti de sa) Mande'l pou'l al chanje'l epi retire tout makijaj la epi aprè retounen. (Gade wè si li ka fè sa devan tout klas la avèk yon bagay ki pou ede li). |||**

## Renouvle epi abiye nou

Se konsa nou dwe renouvle nou epi abiye ak nouvo non an ki se Jezikris. Jezi se yon rad nèf, se rad nèf ke Bondye ban nou. Kisa nou fè lè nou pral mete yon rad nèf? Nou retire premye a apre sa nou mete sa ki nèf la se pa vre? Poukisa nou fè sa? Pou plizyè rezon. Youn nan yo se paske rad nèf la pa'p byen sou ansyen rad la, lòt se paske nou pa vle sal nèf la. Sa ki konn pase tou ansanm ak vi nou kris la. Se konsa vi a pa bon nan yon moun ki genyen peche nan li e sa ki konn pi tris se lè moun kip a konvèti yo genyen yon imaj de Jezikris, lè pitit li yo pote non kretyen kote se pa vre.

Sèl fason pou nou abiye nou avèk kris la se lè nou santi nou bezwen vin yon lòt moun ak pouvwa Sentespri a k'ap travay nan nou chak jou. Men si mwen kontinye panse ke lavi mwen byen jan li ye a, anyen p'ap fèt epi m'ap kontinye mare ak manti yo. Abiye nou avèk kris la se yon bagay ki p'ap janm fini, nou genyen anpil pou'n aprann de li, ak anpil pou'n korije nan lavi nou, anpil pou nou aparann imite! Abiye nou ak Kris se yon bagay pou nou fè chak jou, menm jan lè nou abiye nou lè nou leve nan maten.

**||| Nan moman sa montre aktè a san makijaj, epi mande klas la. Èske nou ka konnen l kounya? Kiyès li ye? Apre yo fin di non'l byen kounya kontinye ak lòt pwèn an. Menm kan aktv a pa dwe kounya mandel kijan li te santil ak tout bagay sa yo li ka reponn ak yon siy o ak siyal oubyen fè yon ti vole de kè kontan. |||**

## Pale

Men se pou nou kite peche, renouvle nou epi abiye nou ak kris la menm kan sa pa sifi. Sèlman nou ka jwenn kèk chanjman. Sèl mwayen nou ka reyalize yon pi bon chanjman se lè nou te ranplase'l pa youn ki pi bon. Solisyon nou pou n sispann bay manti se pa sispann pale se men se poun pale sa ki verite. Kle pou nou sispann bay manti se poun renmen. Lè nou ranpli ak Lespri lanmou an, nou resevwa kapasite pou nou kòmanse renmen menm jan ak Bondye. Si mwen renmen frèm nan menm jan mwen renmen Bondye se pa ba'l manti, m pap pale sou do l, mwen pap fè manti sou li.

**||| Kounye mande aktè a: Kisa ou ka fè kounye a pou'w ka pale verite a ak moun sa yo epi mande yo padon pou manti w te ba yo? Lide a se pou aktè a kanpe nan tout klas la koumanse mache epi mande padon ak frè l yo paske yo te konn ba yo manti, kounye a se pou l bay frè l yo vrè non li. |||**

Bondye gen pouvwa pou'l chanje yon lavi k'ap bay manti nan yon vi k'ap bay verite, men desizyon se nan men nou. Men genyen yonnsèl chimen viv nan manti oubyen viv nan kris la kise kise verite. Si nou kontinye nan manti nou p'ap ka viv pre Bondye epi sèvil jan'l vle a, kisaw ap chwazi ou menm?



○ **Fini ak klas nan envite gwoup la pou fini ak aktivite 3 epi fè yon lapriyè jan nou te fini ak aktivite 4 la. Ankouraje timoun yo pou bay verite a nan tout senmenn sa ak nan tout lavi yo, nenpòt jan sa ye.**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Manti:** Di oubyen fè yon bagay ki kontrè ak verite a. Fè yon moun kwè ke se verite.
- **Ipokrizi:** Bay yon santiman. Twonpe yon moun de moun nou ye a
- **Sensè:** Ki toujou pale laverite
- **Onèt:** Desan, onèt.



## Rezime

Manti, twopè, ipokrizi ak lòt ankò dwe mouri nan lavi nou tamkou kretyen. Jezi te montre nou si n'ap kontinye nan bay manti nou pa nan fanmi Bondye a, sèl mwayen pou'n kite vye bagay nou yo se pran desizyon pou n chanje. Jezi te anseye nou kijan nou ka viv yon vi de verite pou'n ka swiv egzanp li. Sispann bay manti, abiye nou ak kris la ak pale verite a youn ak lòt kise sèl mwayen pou'n chanje ansyen koutim nou yo, nan fanmi nou, legliz ak sosyete nou.





## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

#### Evalye pwòp tèt ou atravè egzamen sa: Èske w tèlman sensè ?

Men kijan: reponn chak fraz yo pandan n'ap itilize:

- V = VERITE (Si sa aplike nan viw)  
F = FO (Non, pa fè sa nan lavi m)  
? = M pa konnen (Mwen pa si si'm konn fè l nan lavi m)

- \_\_\_ Mwen konn di pafwa: “Mwen ta renmen ale, men mpa kapab, kotem konnen m ka ale”.
- \_\_\_ Pafwa mwen konn di mte (oubyen mwen di) malad menm lè mpa konsa.
- \_\_\_ Anpil fwa mwen pa bay tout ofrann mwen ak Bondye.
- \_\_\_ Lè yon moun mandem “Eske Jan renmen ak fi sa a?” Ou konn reponn “wi” menm kan ou pa konnen.
- \_\_\_ Ou konn kache pafwa verite a sou laj ou oubyen sou pwa w lè w ap pale ak yon moun.
- \_\_\_ Mwen pa fè sa m ta dwe fè lè pou m peye taks.
- \_\_\_ Kèk fwa nou konn di, “Mwen pral voye imel la”, epi mwen pa fèl.
- \_\_\_ Lè yon moun mande ‘m eske’m li liv sa kote mwen te bliye se lè li di’m sa msonje’l.
- \_\_\_ Mwen di pafwa : “Wi, mwen sonje sa”, lè mwen te fin bliye konplètman jouskaske li vin pale de sa.
- \_\_\_ Mwen konn di pafwa, “eskize’m paske’m rive an reta”, ou envante nenpòt ekskiz.
- \_\_\_ Mwen chanje nimewo nan zafè lajan ak rapò.
- \_\_\_ Mwen konn chanje vèsè nan Bib la pou’m montre sa m’ap di a.
- \_\_\_ Anpil fwa mwen konn di, “mwen pral priye pou ou oubyen map priye”, lè ‘w konnen se pa vre , paske ‘w te bliye.
- \_\_\_ Ou konn ajoute kèk bagay nan Bib la ki pa vre.
- \_\_\_ Anpil fwa mwen konn fè bagay pou tèt mwen parèt.
- \_\_\_ Pafwa mwen pa di anyen lè’m tande yon manti sou yon moun, sa fèm patisipe tou nan manti a.
- \_\_\_ Pafwa mwen konn plis okipe janm ta dwe ye.
- \_\_\_ Mwen konn bay manti nan dokimanm poum ka jwenn yon travay.
- \_\_\_ Pafwa mwen bay manti lè’m pa vle lòt moun paapresye’m jan’m ye a.

## AKTIVITE 2

**Èske li akseptab oubyen ka gen eskiz pou genyen manti pami kretyen yo? Li pasaj sa yo epi konple fraz la. Efezyen 4:25, Kolosyen 3:9, 1 Jan 3:5-8.**

“Tankou pitit Bondye nou soti nan wayòm \_\_\_\_\_ al nan wayòm \_\_\_\_\_  
kounye a nou gen pouvwa Bondye toupre nou pou yo soti nan lavi nou \_\_\_\_\_.”

## AKTIVITE 3

**Fè yon bann lis de yon moun kote ou p'at janm sensè ak yo nan dènnye semèn pase yo avèk mwa, kote ou dwe mande yo padon.**

---

---

---

---

---

---

---

---

## AKTIVITE 4

**Si nan leson sa nou dekouvri ke se pa yon verite, ki onèt epi louwe Bondye, ak moun oubyen ak tèt ou, nou bezwen repanti. Paske bouch k'ap bay manti se yon abominasyon pou Bondye (Pwovèb 12 :22 a). Se pou nou abandone vye kalite abitud sa yo, voye'l jete, sa vle di renonse ak tout lavi ki mande pou bay manti nan li. Si ou pran desizyon pou chanje se pou'w fè sa:**

- Mete tout la fwa w nan Bondye li vle ede'w viv yon lavi plen ak verite
- Mande Bondye padon nan lapriyè, mande 1 pou 1 netwaye'w de tout sa ki pa bon paske'w vle vini pitit Bondye
- Di Bondye ou vle pou lavi'w chanje pou'w ka fè sa ki bon devan li
- Siyen yon kontra avèk Bondye pou kite tout sa ki pase yo, tout pawòl oswa konpòtm bay manti a epi mande Bondye kouraj ak pèsèverans pou abiye' w ak verite kris la chak jou.

## LEKTI KI REKOMANDE YO

- Sòm 62
- Pwovèb 14
- Women 1:18-32
- 1 Jan 2:18-29
- Revelasyon 14:1-5



# Ann Itilize Langaj La Pou Beni

## Leson 12



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konprann ke vin yon benediksyon pou lòt moun ta dwe yon bagay natirèl nan lavi tout kretyen yo.
- Konnen gwo zouti ke li kapab itilize pou anonse lòt yo.
- Pran responsablite pou vin yon benediksyon pou fanmi, legliz ak tout moun ke li fè zanmi nan lavi li chak jou.



### Materyèl

- Prepare yon makè ak yon gwo fèy papye avèk lis mo sa yo: Mwen fè w konpliman –Ala w maladwat! Ala bon travay sa! –Ala de w sòt! Ki rad ou te mete sou ou? Kout koupe cheve sa fè w lèd anpil! Èske w wè jan w anfle ak grès...? Sa a se zanmi w? Fè atansyon... –Se pa ti bèl patisipasyon w lan te bèl! –Mwen renmen w –Mèsi –Si w fè sa, w ap echwe! –padon –Kite m akonpanye w nan doulè sa! (Li kapab ajoute plis move pawòl si moun itilize yo chak jou nan kontèks li tankou: entatad, enbesil, oubyen lòt...oswa ranplase kèk lòt pou w kapab rann gwoup ou a konprann pi fasil).
- Soulinye senk eleman benediksyon yo. Ou kapab fè li avèk yon fèy koulè, oubyen itilize tablo oswa si w vle ou kapab eksplike avèk foto oubyen desen.
- Si w te yon moun ke yo te nye oswa bay benediksyon lakay ou, ou kapab itilize pwòp temwayaj ou.

**[[[ Ekri nan tablo a: “Bondye beni w”, “anviktwa, n ap pwospere ak beni” (ou kapab ajoute oubyen ranplase pa lòt fraz ki itilize nan kontèks li ki genyen ladan li pawòl tankou “benediksyon” oubyen vèb “beni an”). ]]]**

**[[[ Ankouraje patisipasyon elèv yo avèk kesyon tankou: Kisa moun nan tan sa n ap viv yo kapab konprann lè nou itilize fraz tankou sa yo? Kòman nou sèvi ak fraz sa a yo nan legliz la? Yo pral mansyone pa egzanp: tankou salye, nou beni timoun yo nan sèvis dedikasyon an, pastè yo beni nouvo relasyon matrimonyal yo, kay tounèf, legliz ki tounèf. ]]]**

Menm si nou itilize byen souvan pawòl tankou sa a yo...èske reyèlman nou konprann siyifikasyon beni? Èske li enpòtan pou nou pratike benediksyon sa nan lavi nou jodi a? Èske nou tèlman bezwen benediksyon? Nou pral reponn kesyon sa a yo nan dewoulman leson sa.

Vèb “beni” nan lang ebre a vle di literalman “mete ajenou”. Nan tan lontan yo te konn sèvi ak mo sa pou eksprime respè ak reverans vè yon moun yo te konsidere enpòtan. Benediksyon an genyen ladan li pawòl ki fè reflète valè yon moun olye pou fè lwanj pou sa li fè sèlman.



## • Mande klas la pou li konplete aktivite 1

Nan leson sa a nou pral etidye kisa eleman ki konpoze benediksyon an ye ak kòman mwen kapab vin yon moun ki pote benediksyon nan fanmi ak legliz mwen.

### 1. BENEDIKSYON NAN ANSYEN TESTAMAN

Nan tan lontan, benediksyon pat konn pwononse nan yon sèvis legliz la, men pito depi nan fwaye fanmi an. Li te la nan moman enpòtan nan lavi yo tankou: nesans (Rit 4:13), maryaj (Jenèz 24:60) ak antèman (Jenèz 48 ak 49:1-28). Papa nan fanmi yo te konn bay benediksyon pou chak pitit gason yo te genyen ki te pran nesans epi prensipalman pigran pitit yo, premye pitit, li menm ki te dwe eritye doub nan posesyon materyèl yo pase rès frè li yo. Men sa ki te plis enpòtan se ke pigran pitit la te pran responsablite pou vin lidè espirityèl fanmi an (Jenèz 27:1, 48:1).

Benediksyon nan Ansyen Testaman te genyen karakteristik diferan. Premye a, se ke Bondye te itilize konsèp benediksyon sa pou idantifye liy limit desandan Abraam yo atravè li menm Sovè nou an Jezikris ta soti. Alyans benediksyon ki soti nan Bondye a te fèt nan

kòmansman avèk yon fanmi epi te pase nan tout desandans li, pèp Izrayèl la. Dezyèm nan, se paske Bondye te chwazi moun sa a yo ki tapral eritye benediksyon sa, yo menm ki pat nan kèk ka ni pigran pitit, tankou nan ka Jakòb ak Ezawou (Jenèz 48:14) oswa Efrayim ak Manase (Women 9:11-13). Dènye aspè patikilye benediksyon nan tan lontan an se te karaktè pwofetik li a. Pawòl ki te pwononse yo te konn anonse davans aksyon sinatirèl Bondye nan lavi moun nan epi li te definitiv. Benediksyon an te bay yon fwa pou tout, sa vle di ke tout ras la epi li pat kapab sanble oswa bloke (Jenèz 27:33, 2 Samuel 7:29).

Twa aspè benediksyon ki mansyone yo se te pou pèp Izrayèl la yo te ye, avèk vini Kris la sou latè benediksyon sa vin pase pou tout fanmi ki sou latè yo, yo menm ki fè li vin pou yo lè y aksepte Jezi kòm Sovè ak Seyè yo. Sepandan nou dwe fè reflekte gwo eleman ki te prezan nan benediksyon famiyal Ansyen Testaman sa e ke nou kapab elaji pou nou beni lòt moun jodi a.

## 2. SENK ELEMEN DEBAZ BENEDIKSYON FAMILYAL YO

Genyen senk eleman ki toujou la nan tout benediksyon ki te konn bay fanmi nan peyi Izrayèl yo nan tan lontan e menm jouskaprezan koutim jwif sa a kontinye. Yo tout la nan benediksyon Izaak pou pitit li yo, yo menm nou pral itilize nan etid sa.

### 1. Kontak fizik espesifik



#### Mande pou yon elèv li Jenèz 27:26.

Lè yon papa te konn pwononse benediksyon sou pitit li yo se li te akonpanye avèk kontak fizik tankou plizyè beze, akolad oubyen enpozisyon men e sa a se te yon aspè enpòtan nan benediksyon an. Jodi a nou konnen plis bagay sou enpòtans kontak fizik la pou devlopman emosyonèl pou moun ki nan tout kalite laj. “Touche” a se yon pati ki enpòtan pou demonstrasyon afeksyon ak akseptasyon prèske nan tout kilti, menm si koutim yo diferan.

**||| Mande klas la: Kisa ki kalite kontak fizik papa ak manman yo demontre lanmou ak akseptasyon pou pitit yo nan kilti nou an? Nou kapab mansyone egzanp ki gen fòm diferan pou manifeste afeksyon ant moun ki marye yo, zanmi, oubyen pou pitit yo ke moun nan lòt kilti yo itilize? |||**

Nan tan n ap viv la, lasyans demontre nou ke sans touche a pa sèlman nan men yo, men tou nan tout po ki kouvri kò nou an. Anba po a genyen limit nève ki pote nan sèvo nou sansasyon doulè, plezi, fòterès, chalè, fredè, ak lòt ankò. Bondye te kreye nou tout ak nesesitye pou santi moun renmen nou e avèk nesesitye pou nou santi afeksyon sa atravè po nou. Moun ki pa jwenn kalite afeksyon yo kapab rive malad emosyonèlman, sikolojikman e menm fizikman. Depi nan bay lanmen, bat zèpòl, yon akolad e menm bizou, dapre sa gwoup sosyal la aksepte a, yo se ti jès kote nou kapab pataje lasante total pou lavi moun ki nan antouraj nou yo.

**||| Mande klas la: Kisa ki ta fòm ki kòrèk oswa enkòrèk pou nou demontre afeksyon ak akseptasyon nan mitan manm ki nan legliz la, dapre kilti nou an? Si w gen elèv nan klas ou a ki nan koze renmen, mande: Ki fòm ki kòrèk pou moun ki renmen yo bay afeksyon fizik? |||**

## 2. Ekspresyon vèbal la

Mo lanmou ak akseptasyon yo se dezyèm bagay ki prezan nan benediksyon an. Nan tan n ap viv la mo lanmou ak akseptasyon an manke nan anpil fwaye. Gen kèk fanmi k ap viv nan menm kay men pa genyen yon bon komunikasyon ant manm li yo. Anpil paran twonpe tèt yo lè yo kwè ke pitit yo dwe konprann ke yo renmen yo anpil paske yo toujou chèche satisfè bezwen yo epi toujou la nan fwaye a, menm si yo pa janm di yo sa avèk pawòl yo. Sa ki sèten an seke timoun sa a yo ap grandi nan dout epi y ap konsidere tèt yo tankou moun ki san valè. Timoun yo entèprete silans paran yo kòm abandon. Se timoun sa a yo ki konn fè konseye, sikològ ak sikyat pase anpil mizè.

Nan fanmi ki nan Bib la, benediksyon an konn transmèt atravè pale, Bondye te pale avèk pèp Li a epi lè Jezi vin fèt, nou jwenn ke Bondye te beni limanite lè li bannou “Pawòl” la, Pitit Li a, Pawòl li tounen lachè, pandan li t ap devwale nou gwo lanmou san fen li genyen anvè nou. Nan tout istwa a Bondye te toujou yon Bondye ki pale epi ki fè konnen lanmou li.

## 3. Eksprime yon gran enpòtans

Twazyèm eleman nan benediksyon an se kontni oswa mesaj pawòl ki pwononse yo transmèt. Pawòl sa yo te transmèt yon gran enpòtans.



### ○ Mande pou yon elèv li Jenèz 27 :27-29 kote n ap jwenn pawòl benediksyon Izaak yo sou pitit li a.

Pawòl sa a yo dekrive yon moun ki gen valè, yon moun ki pral genyen nasyon yo bese tèt devan li! Nou dwe fè parèt gwo lizay metafò nan benediksyon an pandan l ap konpare pitit li a avèk bon bagay ki gen sipò Bondye.

### [[[Mande klas la: Kòman nou kapab itilize metafò pou nou kominike benediksyon?]]]

Pou sa ki gen pou wè ak kontni an, benediksyon Izaak la pou pitit li a te bay fòs, sante ak pwosperite, dènye sa fè referans ak benediksyon pou moun multipliye nan fanmi an (Jenèz 24:34-36) avèk gadinay ki te yon soutyen pou fanmi an (Jenèz 30:25-27). Nan direksyon vètikal benediksyon an fikse vè pwosperite pou tout rès jenerasyon fanmi an ki gen pou vini. Plan orizontal la pwodwi kè poze ak tranqilite, sekirite fas ak lènmi yo, kè kontan ak lasante nan fanmi an.

Si benediksyon an se pawòl ki gen enpòtans...Ki kalite pawòl oswa fraz nan lis sa nou kapab konsidere kòm madichon nan tan n ap viv la? Montre fèy li ki genyen lis pawòl ke w te prepare yo epi mande pou yon volontè pase devan pou vin soulinye pawòl yo. Apre sa, mande klas la si yo dakò oubyen si yo kwè ke gen yon bagay yo dwe korije.

Pou nou kapab sèvi yon benediksyon pou pitit nou yo, madanm, mari, zanmi, nou dwe pale pawòl ki gen afeksyon, valè ak respè.

## 4. Deskripsyon yon avni espesyal



### ○ Mande pou yon elèv li Jenèz 27:28,29.

Katriyèm eleman nou jwenn nan benediksyon an se deskripsyon yon avni espesyal pou moun ki te resevwa l la. Sa yo se pawòl ve ki eksprime rèv yon papa oswa manman genyen pou pitit yo. Nan tan ansyen yo pawòl sa a yo se te pwofesi ke Bondye te pran responsablite pou li te mete annaplikasyon. Men nan tan n ap viv la li diferan.

Menm si jodi a nou pa kapab “devine” avni pitit nou yo, men wi nou kapab ede li bay kapasite Bondye ba yo a enpòtans epi ankouraje yo pou yo kapab fikse bon objektif nan lavi yo. Nou tout santi nou asire lè n ap mache nan chemen k ap mennen nou vin ye sa Bondye te prepare pou nou ye a. Anpil jèn ak granmoun pa konnen kisa pou yo fè ak lavi yo jounen jodi a, anpil nan yo santi ke yo pa gen anyen ki gen valè pou yo bay lòt moun.

Nou menm paran kretyen yo, nou genyen kòm responsablite pou nou transmèt nan pitit nou yo yon santiman konfyans nan yo menm pou yo kapab genyen valè pou fè tout efò ki posib pou rive vin moun ke Bondye vle yo ye a.

Nou dwe poze tèt nou kesyon sa a yo: Ki rèv Bondye genyen pou avni mwen? Ki rèv Bondye genyen pou mari oswa madanm mwen? Ki rèv Bondye genyen pou timoun mwen yo? Repons kesyon sa yo pral konekte avèk kapasite espesyal ak entèlijans ke Bondye bay yo chak pou yo devlope.

## 5. Angajman dinamik

Senkyèm eleman benediksyon nan fè referans ak responsablite moun ki pwononse li a genyen pou fè li aplike. Pi bon egzanp nou genyen sou yo se nan relasyon Bondye avèk pèp Izrayèl.



### ○ Mande pou yon elèv li Jenèz 12:3.

Benediksyon Seyè a pou Abraram se pat sèlman bon pawòl ve Bondye te pwononse. Bondye menm te antre nan lavi sèvitè li yon fason pou avni sa te kapab reyalize, menm apre lanmò Bondye toujou rete fidèl epi li te rete bò kote jenerasyon li yo pandan ke benediksyon an t ap kontinye fè efè nan istwa limanite.

## 3. FWAYE KI MANKE BENEDIKSYON

Jan nou te déjà wè a, lè fanmi nou preokipe pou sa epi pataje benediksyon bannou, sa kite yon mak pozitif nan nou. Men gen kèk moun k ap viv nan fwaye kote yo pa janm ba yo benediksyon. Sa konn rive jeneralman nan fwaye kote paran yo pa gen anpil konesans oubyen kapasite pou transmèt li. Pafwa benediksyon an transmèt de jenerasyon an jenerasyon.



### ○ Mande pou yon elèv li Egzòd 20:5 epi mande, nan ki nivo domaj oubyen malediksyon fwaye kote moun pa ni bay ni resevwa benediksyon an rive?



### ○ Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 2 kote ki dekrive fwaye kote yo pa ofri benediksyon yo. Apre sa mande elèv yo si gen kèk nan yo ki vle pataje repons li a oswa eksperyans li.

Moun ki soti nan yon fwaye tankou sa yo konsève kolè oubyen remò nan kè li jouskaske li padone paran li yo oswa fanmi ki te fè l abi yo, li pap janm rive libere pou li viv kounye a

epi bay ak resevwa benediksyon nan relasyon li yo. Nou menm kretyen yo nou fèt pou nou gen konpasyon pou paran nou yo olye pou n ap kritike yo. Pifò nan paran yo se moun ki yo renmen pitit yo e menm si yo pa konnen kijan pou yo demoutre sa, yo te fè tout sa yo te kapab. Menm nan ka kote se pat konsa, nou gen responsablite pou nou sèvi avèk yo avèk lanmou, ba yo valè epi padone yo manm jan Bondye te fè pou nou nan. Premye etap la se aksepte ke nou te manke benediksyon an nan fwaye nou, pou nou kapab pran desizyon nou pou chanje istwa pou nou menm ak fanmi nou, olye pou nou repete menm soufrans tan pase a.

#### 4. MODÈL BENEDIKSYON NAN JEZIKRIS LA

Konpreyansyon benediksyon nan Nouvo Testaman jwenn oryantasyon li nan Ansyen an. Modèl benediksyon Nouvo Testaman se Jezikris menm e nan menm tan an li se akonplisman pwomès benediksyon pou tout fanmi sou latè a, ke Bondye te fè Abraram sèvitè li (Galat 3:8-14). Benediksyon Bondye a te vin tounen yon reyalyte nan Kris la nan istwa limanite lè li mete fen ak tout peche. Moun k ap viv anba kontwòl Sentespri a, li anba benediksyon Bondye epi kòmanse jwi lavi byennere konplèt ak etènèl sa ke Bondye genyen tou prepare pou kreyasyon li lè Jezi va vini pou dezyèm fwa a, pou vin etabli wayòm li an ki pap janm fini. N ap kapab eksperimente anfen benediksyon konplèt sa nan nouvo syèl ak nouvo tè sa, tout bagay se pral benediksyon, epi tout bagay ki pote tribilasyon ak malediksyon yo pap kapab rive frape nou ankò (Revelasyon 22:14).

Nan Nouvo Testaman, ni nan lavi Kris la e ni nan legliz Primitiv la nou jwenn ke benediksyon an pat eksprime nan okazyon espesyal yo, men pito nan sitiyasyon k ap rive chak jou e menm sou chans nan lavi. Nou jwenn pa egzanp nan Levanjil yo kote Jezi te beni timoun yo.



##### • Mande elèv yo li Mak 10:13-15.

Disip yo te sezi wè kijan Jezi te pran tan li pou beni timoun piti yo avèk manman yo. Sa ki te yon tan pèdi pou yo, pou Jezi se te yon envestisman lavi li nan lòt moun ki gen enpòtans. Jezi devwale nou ke levanjil la se yon bon nouvèl pou moun ki gen tout laj. Pou Jezi, timoun yo se yon gwoup ki nan nesite pou koute pawòl afeksyon, valè, karès, zanmitay, ak tout sa ke nou kapab fè pou nou beni yo se sekre pou kwasans yo pou yon karaktè kretyen ki solid.

Jezi te anseye disip li yo ke yo te dwe moun ki la pou bay benediksyon.



##### • Mande pou yon elèv li Matye 10:1-16.

Nan pasaj sa Jezi te voye yo ale preche levanjil nan tout zòn ki te genyen jwif ap viv. Nan vèsè 12 la li ba yo responsablite pou bay yon salitasyon benediksyon lè y ap antre nan kay kote yo ba yo fè desant la. Mo ebre yo te konn itilize pou mande lapè Bondye a sou kay sa se te “Shalom” ki se fason jwif yo te konn salye moun, e sa toujou rete jouska jounen jodi a. Se enteresan lè nou wè fason Jezi di ke yo se pòtè benediksyon epi yo dwe pote li nenpòt kote yo prale, menm si yo ta nan yon atmosfè ki kontrè.

Nan pasaj sa nou kapab wè ke benediksyon an pa nan koze kondisyon ak moun ki kapab peye l la, oubyen remèt yon bagay pou li. Nou genyen anba responsablite nou pou nou pote MESAJ delivrans lan, pawòl benediksyon ke mond nou an bezwen. Mesaj benediksyon sa se Jezikris.





### ○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 3.

Misyon disip yo avèk pa Jezi a, se te pwoklame Wayòm Bondye a epi mete yo solidè avèk soufrans limanite. Objektif li se te pote sa nan lavi moun yo. Nan di orevwa avèk kominote disip Jezi yo, te genyen eleman benediksyon yo (Lik 24:5-53) ak Matye 28:16-20). La Seyè a ba yo sans objektif la pou lavi yo epi pwomès pou pwomès li a kapab rive abouti avèk siksè.

## 5. LEGLIZ LA KÒM YON AJAN BENEDIKSYON



### ○ Mande pou de elèv li Jenèz 12:2-3 ak Travay 3:25-26.

Depi nan tan lontan Bondye te rele Abraram pou bay nesans ak yon pèp ki ta vin yon benediksyon pou tout lòt pèp ki sou latè. Nan Nouvo Testaman benediksyon sa te vin yon reyalite atravè Jezikris Pitit Bondye a. Legliz la ki se kò Kris la k ap manifeste nan mond sa. Tout sa nou fè nou menm ki kretyen, menm lè n ap devlope ministè nou nan lavi sa a se bagay ki dwe pote benediksyon pou lòt moun.

Nan legliz ki nan liv Travay yo, nou wè ke benediksyon an pat konn vini sèlman atravè pawòl, men tou nan ede moun nan reyalize sa li gen pou fè avèk satisfaksyon (nou kapab apresye egzanp sa ke nou jwenn nan Travay 3 lè Pyè priye pou gerizon kokobe a). Moun ki andeyò legliz la sèlman kapab wè benediksyon Bondye a lè yo wè kretyen yo renmen youn lòt e renmen moun ki pa konvèti yo tou.

Se Bondye ki te etabli legliz la pou vin fanmi Li, sa vle di, yon kominote ki enkyete li pou lòt yo. Menm si nou pat resevwa ase benediksyon nan fwaye nou yo, nan legliz la nou dwe aprann viv tankou frè ak zanmi ki gen valè epi beni youn lòt. Nan legliz la nou rejwi ansanm epi nou kriye ansanm tou (1 Korentyen 12:26) epi sa a gen pou li vin posib sèlman lè akonpayman avèk lanmou nou se bagay ki vrè. Legliz la kapab bay moun ki gen pwoblèm benediksyon yo pibon satisfaksyon pase nenpòt lòt asosyasyon. Lè manm legliz yo aprann pataje senk eleman benediksyon an nan ministè legliz la epi lavi manm li yo ap chanje konplètman.

Senk eleman benediksyon sa a yo kapab sèvi kòm zouti evanjelizasyon pandan l ap ede legliz la akonpli Gran Komisyon an (Matye 28:19), fè disip ap beni yon mond ki nan nesosite avèk lanmou gratis Bondye a ki abite nan kè nou atravè prezans Sentespri a.



### ○ Mande pou gwoup la konplete aktivite 4.

Mete fen avèk yon lapriyè pou mande Bondye sekou pou nesosite espesifik ke elèv ou yo demontre.



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Malediksyon:** Se tout pawòl ki pwononse avèk entansyon pou fè mal oubyen ofanse lòt moun (Jòb 31 :30 ; Jenèz 12 :3). Se kontrè avèk benediksyon. Moun ki viv nan obeyisans devan Bondye genyen benediksyon li epi dezobeyisan men moun k ap viv nan peche atire malediksyon sou lavi li, se pa paske Bondye vle fè l mal, se paske se menm li menm ki pran desizyon li epi refize chemen lavi ak Sali a ke Bondye te bay atravè Kris la (Detewonòm 28 :2, 15). Jezikris te chaje peche nou yo mete sou do li lè li te ouvri pòt gwo benediksyon gratis Bondye Papa a anfavè nou.



## Rezime

Nan tan kounye a nou itilize mo “beni ak benediksyon” san konprann vrè siyifikasyon li. Benediksyon nan Ansyen Testaman se te yon zouti pwisan ki te la pou distribye sekirite ak lanmou pou timoun yo. Jodi a nou kapab sèvi ak zouti sa a yo pou nou konstwi lavi moun ki pwòch nou yo. Nan Nouvo Testaman ak legliz Primitiv, yo ofri nou kèk modèl sou kijan kretyen an kapab vin yon benediksyon nan lavi lòt yo. Pawòl nou pale yo ranpli ak pwisans pou chanje lavi lòt moun lè yo gen aksyon lanmou nou k ap sipòte yo. Si nou rejte sa a yo, pawòl ki pale yo se pral sèlman yon son, ki gen yon siyifikasyon ki avid (1 Korentyen 13). Pwisans pawòl nou yo, menm jan ak Pawòl Bondye, li bon se lè li gen aksyon yo ki akonpanye yo.



## Fèy Aktivite yo

### AKTIVITE 1

#### Li 1 Jan 1:1-4 epi reponn:

a. Nan ki fason oswa pa ki mwayen apòt yo te resevwa benediksyon lè yo te rekonèt Pawòl lavi a depi nan kòmansman?

---

b. Kòman yo te transmèt konesans sa bay lòt, sa vle di benediksyon yo te resevwa a?

---

c. Kisa Jan t ap tann ki pou pase kòm rezilta lè yon moun pwononse benediksyon sou yon lòt?

---

### AKTIVITE 2

#### Èske w te viv oswa ap viv nan yon fwaye kote sanble yo nye benediksyon an?

**Fwaye 1:** Lè yon pitit jwenn benediksyon epi lòt la non. Li Jenèz 37:3-4.

Jakòb te moutre anpil afeksyon ak karès pou pitit li a Jozèf epi avèk yon mezi ki te mwens pou rès frè li yo. Diferans sa yo simen yon emosyon ki genyen kolè, remò, dekourajman, depresyon ak ensekirite nan kè lòt frè yo ki pat genyen anpil favè e konsa rayisman te simen nan mitan frè yo. Pitit ki te jwenn favè li a te vin soufri tou, li te santi li koupab epi aji pou li te defann frè li yo. Sa toujou pase sitou pami timoun ki genyen kapasite pou fè espò oswa akademik yo epi ki plis avanse pase rès frè li yo, yo menm ki akòz favè paran yo anvè yo, yo santi yo lwen akonpayman frè yo epi yo santi yo poukont yo. Pou evite pwoblèm sa a, paran dwe fè atansyon pou bay tout moun nan fanmi an menm kantite ak kalite benediksyon, pou menm mari oswa madanm.

**Fwaye 2:** Lè benediksyon a pa pase.

Jozèf se te yon enjenyè epi yon entèlijan nan espesyalite li a, li te egzije tèt li twòp bagay epi fanmi li t ap rete tann menm bagay la nan men li. Pitit li a Kalòs te rive akonpli ak demann pou touche menm nivo papa l te genyen an, men li pat janm fin bon ase pou li te resevwa bèl pawòl konpliman ak rekonesans bò kote papa li. Lè Kalòs te pote nòt li yo vini, kòm youn nan pi bon mwayèn nan lekòl la, sèl kòmantè li te resevwa nan men papa li se te “ou pat rive pran 100 nan tout matyè yo”. Move apresyasyon sa te fè Kalòs pran desizyon pou fini ak lavi li lè pou yon premye fwa li te pran 80 pwen pou yon matyè nan Inivèsite a (sa ke li te konsidere l kòm ba oswa pa ase). Pou Kalòs benediksyon papa l la, malgre li te fè anpil efò, li pat kapab rive nan nivo a.

**Fwaye 3:** Lè gen yon pri byen chè ki peye pou benediksyon an.

Gen kèk paran ki ofri pitit yo benediksyon ak yon pri terib. Paran ki sèvi ak pitit li tankou mouchwa dlo nan je, oswa pou fè vanjans kont mari oswa madanm, paran k ap fè pitit yo abi epi menase yo avèk abandon oswa montre ke l ap sispann pran swen yo pou fè yo responsab aksyon yo komèt yo. Timoun sa yo grandi avèk krent e yon santiman de kilpabilite. Yo vin rive kwè ke felisite moun ki pwòch yo depann de yo. Manipile timoun yo pou ba yo benediksyon oswa kite yo manipile nou pou nou resevwa benediksyon se pa yon benediksyon ki gen enpòtans, paske li pa reyèl. Benediksyon Bondye a se atravè lagras, se yon kado, yon favè ke yo bay yon moun ki jwenn anpil enpòtans.

**Fwaye 4:** Lè benediksyon an baze sou kondisyon dapre tradisyon yo.

Gen kèk paran ki refize bay pitit yo benediksyon lè yo pa vle swiv règ jwèt la. Paran sa yo gen tandans planifye avni pitit yo konfòm ak “koutim fanmi an” tankou: sa ki dwe pwofesyon li, avèk moun li dwe marye, kote li dwe viv, jan maryaj li dwe ye, kote li pral pase fèt yo, elatriye. Lè pitit fi oswa pitit gason yo pa antre nan lojik sa yo, paran sa yo refize bay afeksyon, yo elwanye yo de lavi yo oswa yo fè yo santi yo koupab toutan nan lavi yo paske yo refize fè sa yo te vle a.

**Fwaye 5:** Lè benediksyon an pa acheve

Gen dives kalite fwaye ki kite pitit yo avèk yon benediksyon ki pa fin acheve oswa enkonplèt. Sitiyasyon ki plis komen yo se lè paran yo divòse epi youn nan paran yo kite timoun yo, lè youn nan paran yo ale epi abandone fanmi an epi lè se lòt moun ki adopte ti moun yo.

### **AKTIVITE 3**

**Pou travay pade. Li Lik 6:27, Women 12:14, I Korentyen 4:12, I Pyè 3:9, Galat 3:13 epi reponn...**

1. Kòman nou menm disip Kris yo nou dwe ajì lè nou jwenn pèsekisyon, jouman oswa refi?

---

---

2. Èske nan kèk okazyon li bon pou kretyen an itilize lalwa talyon an oswa “je pou je”?

---

---

3. Ki ta dwe fason ajì “natirèl” kretyen an fas ak lènmi li yo?

---

---

4. Èske li se yon bon bagay pou kretyen yo madichonnen oswa pwononse madichon kont kèk moun?

---

---

5. Mansyone kèk egzanp fason pou beni timoun nan kongregasyon an oswa nan kominote a ki pa konte sou benediksyon paran yo.

---

---

6. Si misyon legliz la se beni...Kòman nou kapab sèvi yon benediksyon pou vwazen ak zanmi ki pa kretyen? Mansyone de oswa twa opinyon.

---

---

---

## AKTIVITE 4

**Kòman pou m transmèt benediksyon bay moun mwen renmen yo? Fèmen anndan yon wonn nimewo ki gen repons kòrèk la.**

		Prèske Jamè	Byen Souvan
1.	Èske m gen kontak fizik ki enpòtan avèk yo?	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10	
2.	Èske mwen pwononse pawòl benediksyon sou yo?	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10	
3.	Èske mwen ba yo valè?	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10	
4.	Èske mwen dekrive yon avni espesyal pou lavi yo?	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10	
5.	Jeneralman...kòman nivo angajman mwen ye pou m ede yo reyalize avni espesyal sa?	1 2 3 4 5 6 7 8 9 10	

Si repons ou yo plis baze sou prèske jamè pase byen souvan, kòmanse fè plan pou w rezoud sitiyouyasyon Jodi a menm. Dapre eksperyans ou, eseye fè bagay tankou sa yo:

1. Mande Bondye ak pitit ou yo padon paske w pat ba yo benediksyon an.
2. Padone paran w yo oubyen moun ki te ofanse w yo epi panse pou w beni yo.
3. Rejte tout pawòl oswa konpòtman pase ki kapab blese fanmi ou.
4. Chwazi pawòl ki pozitif epi kòrèk pou w di pitit ou yo oswa mari/madanm. Panse yon fason pou w fè yo santi yo se moun ki gen valè. Kòmantè pozitif nou yo kapab ede yo pote viktwa sou ensekirite yo te santi.

## LEKTI KI REKÒMANDE YO

- Jenèz 48 ak 49
- Matye 15:1-20
- Lik 6:27-42
- Efezyen 1:1-14
- Revelasyon 21:9 a 22:27





# Mezire Pwogrè W Epi Kontinye Vè Objektif La

## Leson 13



### Objektif leson an

*Se pou elèv la...*

- Konnen twa etap pwosesis kote panse Kris la fòmen nan lavi kretyen an.
- Idantifye douz pwen ki anprizonnen panse kretyen an.
- Evalue valè li avèk objektif li yo konfòm ak valè e objektif Kris la.
- Mezire pwogrè w epi etabli objektif ki tounèf pou l grandi nan lavi espartyèl li.



### Materyèl

- Prepare yon fèy oswa tablo avèk yon lis pwen ki anprizonnen panse yo.
- Ou kapab distribye kat ki genyen vèsè Bibliik ki pral etidye nan leson an. Chwazi elèv ki gen vwa wo ak bon diksyon.


# Entwodiksyon

Leson avan yo nan sesyon sa a ede nou konprann ki gwo diferans ki genyen nan lavi moun ki reflechi tankou mond lan oswa ki viv lavi li konsantre sou dezi egoyis li yo, de lavi yon kretyen ki panse tankou Kris. Poutèt sa nou idantifye kèk nan move fwi ki pwodwi nan nou move fason ke mond lan panse epi nou pran desizyon ki apwoche nou piplis vè lavi san peche ke Jezi vle pou nou an.

Nan dènye leson sa, kòm konklizyon tèm nan, ann etidye kòman pwosesis Sentespri a itilize pou fòme mantalite Kris la nan nou an ye epi finalman nou pral wè: ki kote nou ye nan pwosesis la, idantifye zòn ki fèb yo epi trase nouvo plan pou kwasans espiyèl nou.

## Etib Biblik

Vin konfòme avèk imaj Kris la se yon pwosesis k ap dire pou tout lavi. Li kòmanse avèk nouèl nesans lan men li kontinye ap devlope. Nan pwosesis sa nou kapab idantifye twa etap:



### 1. REMÈT VOLONTE A OSWA METE LESPRI A SOU BAGAY KI NAN SYÈL YO



.....○ **Mande pou elèv yo li Kolosyen 3:2.**

Nou te wè nan leson avan yo ke zòn ki pi pwofon nan lavi nou ke nou dwe remèt Kris la se volonte nou. Volonte a se li menm ki la pou pran desizyon yo, sa k ap gide panse nou yo, sa k ap gouvène santiman yo, sa k ap dirije aksyon nou yo. Nou menm lòm nou genyen ensten tou, men, ki diferan de bèt yo, volonte nou kapab domine sou ensten sa yo. Se volonte a ki pèmèt nou fè yon bagay oswa sispann fè li olye nou kite santiman ak move anvi yo trennen nou.



Yon sèl fason nou kapab konsantre nou nan sa ke Kris vle pou nou an se lè nou remèt volonte nou bay Bondye. Jezi te bannou egzanp nan sa. Li te toujou konsyan ke li te vini nan mond lan pou vin fè volonte Bondye. Jezi te kapab rive akonpli plan Bondye a pou lavi li paske depi nan kòmansman li te pran desizyon pou remèt volonte li bay Bondye. Kòm rezilta, nou kapab wè nan lavi li yon lespri ki konsantre nan “bagay nan syèl yo”.

## 2. REMÈT PANSE NOU OSWA “RENOUVLE” PANSE NOU



### ○ Mande pou yon elèv li Women 12:2.

Pòl di nou ke transfòmasyon lide a se yon pwosesis ki fè pati kwasans espiyityèl nou. Transfòmasyon sa kapab pase sèlman ak moun ki remèt volonte li bay Kris la.



### ○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 1.

Kòmansman kwasans nan lavi fizik ak nan lavi kreyen nan se transfòmasyon. Lè Kris la antre nan lavi nou, li vle fè tout bagay vin tounèf: nouvo panse, nouvo santiman, valè ki tounèf, anvi tounèf, lide tounèf, nouvo enèji espiyityèl, nouvo konpreyansyon Pawòl la, apresyasyon tounèf pou lòt moun ak pwòp tèt nou tou ak fòs tounèf pou nou reziste ak tantasyon an. Tout bagay sa yo ap posib gras ak renouvèlman panse nou an.

## 3. REMÈT KÒ NOU OSWA PRÈ POU ANTRE ANNAKSYON



### ○ Mande pou yon elèv li 1 Pyè 1:13.

Kòm rezilta pwosesis transfòmasyon panse sa pwodwi nan kreyen an yon nouvo dispozisyon pou mete lavi li pou fè sèvis Bondye. Pyè pwojte lide sa pandan l ap konpare li avèk koutim moun nan epòk li a yo menm ki te konn sèvi avèk rad long. Rad sa yo te konn fè yo santi yo mal alèz lè yo te genyen pou reyalize kèk bagay oubyen pratike espò epi poutèt sa yo te dwe leve li epi mare li avèk sentiwon pou ke yo pat nwi yo nan pye yo lè yo te vle mache dousman oswa kouri. Lè moun nan te dispoze antre annaksyon, li te dwe mare rad la epi sa a te yon siyal ki montre ke li te prè, prepare.

Nan lavi kreyen nan nou dwe prepare mantalite nou pou antre annaksyon. Nou wè ke Jezi te prepare pou li te reponn tout kalite kesyon yo te poze li, menm fas ak moun ki te vini kote li avèk move entansyon.



### ○ Mande pou yon elèv li Lik 20:20-40.

Jezi te toujou prè, vijilan ak prepare mantalman. Mantalite li te byen prepare pou ministè ke li te dwe reyalize a.

**||| Mande klas la: Ki ansèyman nou jwenn nan sa ki gen pou wè ak enpòtans preparasyon an pou sèvis kreyen an? |||**

## 4. TRANSFÒME PA POUVWA BONDYE

Aprè eksperyans konvèsyon an, yon pati nan pwosesis kwasans kretyen an se batay kont abitud ki etabli yo. Non sèlman nou dwe panse tankou Kris, men tou, swiv egzanp lavi li. Èske l ap posib pou ou menm avèk mwen rive vin kòm Kris? Bagay sa sanble yon enposib pou reyalize.



### .....◦ **Mande pou yon elèv li Ebre 12:2.**

Nan pasaj sa genyen yon gwo nouvèl: Moun ki pran pi gwo responsablite pou fè nou sanble ak Kris la se Bondye! Pwosesis sa pa depann de nou sèlman.



### .....◦ **Mande pou yon elèv li Filipenses 2:13 ak 1:6.**

Pòl di nan pasaj sa a ke Bondye fè de bagay pou nou. Premye a se kreye nan nou anvi ak kapasite pou nou genyen panse Kris la epi dezyèm nan se ke Bondye pwomèt ke l ap fini travay li kòmmanse nan lavi nou an. Li menm Bondye ki te rele nou nan fanmi li a, li menm ki fè nou kòmmanse lavi tounèf sa, Li pwomèt pou li fin konplete travay li nan lavi nou tou!

Pwosesis sa pap fasil, pral genyen moman sakrifis, moman dekourajman, men nou pa dwe abandone batay la ak “likide sèvyèt la”, pliske nou pa genyen sa nan fòs nou pou nou fini misyon sa. Responsablite nou se fikse je nou sou Jezi, se pa nan nou menm, nonplis nan sikonstans ki antoure nou yo. Si nou soumèt nou devan Li epi pèmèt pou li travay nan lavi nou, n ap temwen pouvwa Bondye a k ap transfòme nou pou fè nou sanble ak Kris la.

## 5. REYÈLMAN LIB KÒM KRIS LA

Yon lòt kote ankò lavi nou dwe grandi se nan libète pou tout fòm esklavaj. Jan nou te wè li nan lesyon sesyon sa a, peche a kapab atrape nou sou plizyè fòm, men volonte Bondye a se pou nou lib konplètman. Libète sa genyen yon objektif: Bondye libere nou nan bay mond lan sèvi pou nou kapab gen libète pou vin sèvi Kris la. Nou pa kapab sèvi Kris la e nan menm tan an tou pou n ap sèvi mond lan. Nou dwe koupe tout chèn esklavaj peche pou nou kapab swiv Jezi.

Jezikris se te moun ki te plis lib ki te mache sou tè sa. Anmezi ke ministè li t ap devlope, Jezi te dwe pran desizyon sou kisa pou li te di ak kilè pou li te di li, sou ki kote pou li ale ak kilè ki te tan ki bon pou sa. Jezi te pran desizyon kòrèk yo e se akòz de sa ke lavi li te san peche epi li te kapab fè l paske li te jwi libète pou pran desizyon espiyèl kòrèk yo.

Malerezman se pa tout moun ki asiste nan legliz kretyèn yo ki pran kalite desizyon sa yo. Apot Pyè fè referans ak sa nan 1 Pyè 2 :16 lè li di ke piga nou imite moun sa yo ki itilize ak libète nan Kris la kòm eskiz pou fè mal.



### .....◦ **Mande pou yon elèv li Jan 8:31-36.**

Depi nan tan lontan, objektif Bondye a pou nou se te libere nou de tout dominasyon mal nan lavi nou. Kretyen ki kontinye ap pratike pap kapab grandi nan imaj Kris la epi li pap rive vin sèvitè oswa sèvant ke Bondye vle fòme nan li.

## 6. PATI OSWA ZÒN KI ANPRIZONNEN NOU YO



### ◦ Mande pou yon elèv li Galat 5:1.

Pou vin libere anba esklavaj mantal la, nou dwe idantifye pati oswa zòn kote peche a rann nou esklav. Lè kwayan an genyen panse li anprizonnen, atansyon li vin konsantre nan pasyon, anbisyon, rankin, onètete ak lòt bagay ki mare li nan mond sa epi ki anpeche li konsantre li sou Bondye ak Pawòl li epi lapriyè.

T.W. Hunt ak Claude V. King nan liv li a “Panse Kris la” eksplike ke pati sa yo kapab vin net oswa danjere.

#### **Pati net yo**

*(Yo bezwen transfòmasyon oubyen restorasyon)*

*Pasyon  
Koutim  
Onètete  
Relasyon  
Prejije  
Dèt  
Posesyon  
Devwa  
Anbisyon*

#### **Pati kontaminan yo**

*(Yo dwe elimine)*

*Krentif  
Feblès  
Ofans ak rankin*

### **a) Pati netral yo**

Nou pral kòmanse etidye pati netral yo paske yo pi fasil pou rezoud.

Koutim yo se bagay nou toujou fè byen souvan. Levanjil yo di nou ke Jezi te konn fè sa byen souvan tankou anseye oswa ale nan tanp lan nan jou seyè a (Lik 4:16); ale sou mòn oliv la lè li te nan lavil Jerizalèm nan (Lik 22:39); lapriyè (Mak 1:35, Lik 6:12). Tout koutim li yo se te bon bagay epi se konsa pa nou yo ta dwe ye tou. Si se pa konsa, ebyen nou dwe pran kèk mezi pou fè chanjman ki nesèsè yo.



### ◦ Mande elèv yo pou yo bay kèk egzanp move abitud ke moun kretyen nan peryòd pa yo a genyen.

Anpil nan move koutim sa yo rive manifeste paske nou neglije, sa vle di, nou pa mete atansyon nou oswa pa efòse nou ase pou sispann fè sa nou konnen ki pa bay bon rezilta. Pa egzanp, genyen moun ki dezòd, yo menm rive pèdi kle, pèdi dokiman, epi, yo menm pèdi pitit yo! Gen kèk moun ki di kòm eskiz: “se konsa mwen epi mwen pap chanje”, men sa a se pa vre, sa yo vle di a anreyalite se “mwen pa pre pou m fè okenn efò pou m chanje abitud sa”.

**||| Mande klas la: Dapre lavi kretyèn ke Jezi montre nou an, èske li kòrèk pou nou konsève yon koutim lè avèk li toujou genyen koz imoralite oubyen soufrans pou lavi lòt moun? |||**

Pasyon avèk onètete yo se bagay nou defann. Si m deside rete chita lakay mwen jou dimanch lan pou m gade match foubòl mwen nan orè sèvis legliz la, m ap demontre ke swiv ekip mwen pi renmen an plis enpòtan pou mwen pase ale legliz. Si mwen bay eskiz pou m pa bay èd mwen nan Lekòl Vakans la se paske se nan semèn sa feyton m ap swiv atravè televizyon an gen pou li fini, m ap demontre kisa ki priyorite mwen.

### [[[ Mande klas la: Kisa ki te onètete Jezi? ]]]

Jezi te onèt avèk Papa li ki nan syèl la, onèt avèk disip li yo, yo menm ke li te pwoteje lè yo te konn akize ak arete yo, onèt avèk manman li ki te granmoun lè li te enkyete pou byennèt li. Onètete nou yo reflekte kisa valè nou yo ye. Bondye vle pou ke valè ak onètete nou yo vin refòme nan Li avèk zèv li.



#### ○ Mande pou elèv yo konplete aktivite 2.

Relasyon yo se yon pati ki difisil pou anpil moun lage kò yo ladan li. Bondye vle pou li nan premye plas nan lavi nou, relasyon ki pi enpòtan nan lavi nou. Li vle tou pou se li menm ki se moun ki pi enpòtan nan lavi madanm nou, pitit nou yo, zanmi nou yo. Pafwa moun yo konn gen pwoblèm nan relasyon yo paske yo konn vle santi yo se madanm ki pi enpòtan nan lavi lòt la. Se rezon sa ki fè genyen jalouzi ki konn fèt ant moun ki marye yo oswa fyanse yo lè parèy yo a mete anpil tan apa pou sèvi Seyè a olye pou yo sèvi yo yon sipò pou ministè yo, yo vin tonbe nan toumant. Remèt nou bay Bondye pa vle renonse yo, se pito rekonèt ke Bondye okipe plas ki pi enpòtan nan lavi yo ke nou menm. Pawòl Bondye anseye nou ke vrè lanmou an pa fè nou tounen esklav, men pito fè lòt moun nan libere. Lè nou mete relasyon lanmou nou yo nan lòd ki kòrèk, tout lavi nou ap chanje.

### [[[ Mande klas la: Èske se yon bagay ki kòrèk pou m priye Bondye pou li kapab fè mari/madanm, pitit/ pipit pitit mwen yo, pou yo rive renmen Bondye plis pase yo renmen m? ]]]

Wi, si m ap lapriyè nan fason sa, sa vle di tou ke m ap bay yon moun nan fanmi mwen ki bezwen tan oswa sipò pou sèvi Seyè a, menm si sa vle di, pa egzanp, ke Bondye mennen pitit oswa pitit pitit mwen yo kòm misyonè nan yon peyi byen lwen. Relasyon yo nan lavi kretyen an se pa pou pwòp benefis li, men se pito pou sèvi Seyè a atravè yo menm.

Prejije yo prezan nan lavi tout moun. Te genyen de sèvant ki te rive nan yon legliz pou chèche kote pou yo asiste. Apre sèvis la yo te pale avèk pastè legliz la osijè de anvi yo te genyen pou kontinye asiste nan legliz sa. Men lè pastè a te rann li kont ke yo te abiye avèk rad ki pa chè, li te mande yo: Kisa nou fè nan lavi nou? Yo te reponn li ke yo se travayè k ap travay kay madanm epi y ap sèvi nan yon kay ki tou pre a nan vwazinay la. Pastè a te di yo ke se avèk anpil tristès li t ap anonse yo ke komite legliz la pat aksepte moun ki nan klas sosyal ki tèlman “ba” nan legliz la, deja ke zòn sa se te yon zòn kote moun ki gen gwo ran sosyal yo te abite, yo te kwè ke si yo te pèmèt moun pòv ta asiste, yo ta ap kouri dèyè moun rich ki ta rive enterese pou vini nan legliz la.

Petèt nou pa genyen prejije rasyal oswa sosyal ki tèlman egzajere menm jan ak sa, men..., èske nou genyen lide fòme nan sa ki gen pou wè ak kòman nou dwe adore, oswa fason Bondye dwe travay nan lavi yon moun? Pwoblèm ki genyen nan prejije nou yo seke yo pa baze sou ansèyman Pawòl la, men pito nan preferans nou yo, nan bon oswa move eksperyans nou yo nan sa lòt moun ap di. Prejije yo pa bon lè yo anpeche Bondye aji.

Anbisyon yo genyen ladan yo plan, objektif, eksperyans ak rèv. Yo enpòtan paske se yo k ap mennen nou vè reyalizasyon. Ambisyon yo bannou esperans, yo gide nou vè yon pibon avni, yo ankouraje nou travay di ak efòse nou pou sa nou gen bezwen an.

Sa ki pabon nan kèk nan anbisyon nou yo se nan motivasyon ki ankouraje yo a. Lè motivasyon an se yon bagay ki egoyis, li gen tandans kapte ak fè nou vin esklav yo. Anpil nan anbisyon nou yo chèche pote glwa pou nou menm nan devwale peche ògèy la, se poutèt sa li tèlman difisil pou admèt yo. Lespri Bondye a vle ede nou detwi anbisyon egoyis sa yo ak kiltive anbisyon sa yo ki onore Seyè a epi travay pou pwopaje wayòm li. Ebyen, kòman nou kapab fè diferans ant bon avèk move anbisyon yo?



○ **Mande pou elèv yo konplete aktivite 3 kote y ap jwenn yon gid pou evalye anbisyon yo.**

Devwa ak dèt ke nou pran kòm responsablite yo kapab rive fè nou tounen esklav tou. Sentespri a vle travay nan lavi nou nan pwodiksyon yon sans responsablite pou travay fondamantal kretyen yo. Nan kèk okazyon li fè nou konprann ke n ap investi tan nou nan yon bagay ke nou pa gen kapasite oswa gen vokasyon pou sa. Sa se yon aspè ki difisil anpil, sitou pou moun sa a yo ki se responsab ki pa vle di nou lè yo mande yo sipò yo. Men reyèlman nou dwe asire nou ke n ap investi lavi nou nan sa ke Bondye te rele nou epi bannou don pou sa.



○ **Mande pou plizyè elèv li Matye 16:21 ak 16:23, Mak 10:32.**

Nan plizyè okazyon Jezi te itilize “li nesèsè” pou eksplike rezon ki te fè li fè yon bagay e non lòt la (jan 9:4). Jezi te genyen yon sans responsablite ki t ap gide li depi nan kòmansman ministè li e li pat janm chanje direksyon. Jezi te toujou demontre li solid pou reyalize misyon li epi li te estrik sou sa. Nou menm nou kapab konnen volonte Bondye pou lavi nou atravè kòmandman Pawòl li, atravè lapriyè, atravè lidè ke Bondye mete pou dirije nou yo avèk konsèy bon kretyen yo. Nou dwe libere anba responsablite ki se eksè ki baze sou obligasyon epi mare men nou yo pou anpeche nou sèvi Bondye nan koze etènèl yo.

Nan leson 5 lan nou te pale esklavaj ki prezante dèt ak rasanblay richès epi sou kòman pran yon atitid administratè a, nan plas mèt la ap ede nou mete byen ak lajan nan plas yo dwe ye. Jezi pat posede plis pase rad li te genyen sou li a. Sa a se kalite lavi ki difisil anpil pou nou konprann, men menm konsa nou dwe pran desizyon pou nou pa atache avèk posesyon nou yo pou ke yo pa yon anpèchman pou nou sèvi Seyè a, oswa pou remèt li travay Li lè Li mande li.

## **b. Pati ki kontaminan yo**

Pou fini, ann gade pati ki kontaminan yo nan panse ki anba esklavaj pa ògèy la. Tout pati avan yo (ke nou rele netral) kapab vin bon lè yo transfòme ak restore dapre panse Kris la, men sa nou pral wè yo la a, yo dwe elimine.

Premye zòn danje a se krent nou yo. Krent yo jeneralman pran nesans lè nou gen anvi pwoteje tèt nou. Krent pou nou pa pèdi travay la, krent pou fanmi an, krent pou avni an, krent pou vyeyès la... tout sa a yo revele mank de konfyans nan Bondye, sa vle di manke lafwa. Krent yo se bagay ki plis difisil pou moun venk, sitou pou moun sa yo ki soufri zak vyolans, abi oswa abandon. Sepoutan, volonte Bondye se pou nou viv yon lavi san krent.

## [[[ Li Filipyen 1:20,21 epi mande klas la: Nan ki moman Pòl te rive genyen sekirite sa nan lavi li? ]]]

Pòl te rive genyen asirans sa nan fen lavi li. Menm krent pou mizè ak lanmò pat fè li doute de ke tout sa ki te pase li yo, li te toujou anba kontwòl men Bondye. Fas ak posiblite lanmò li te demontre yon kran ki pat soti nan pwòp fòs pa li men pito se Sentespri ki abite nan li a ki te ba li l'. Men, kouraj ak konfyans sa se pa sèlman pou Pòl, men se pou tout pitit Bondye yo: *“Paske, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou.”* (2 Timote 1:7).

Lè nou lage lavi nou bay Seyè a konplètman, se lè sa a n ap kòmanse santi yon gwo grad sekirite. Kreyen an ap resevwa transfòmasyon an tikras pa tikras pou li vin santi li plis asire nan Kris la.

Feblès yo reprezante lòt pwèn ki kontaminan anfavè esklavaj. Pafwa nou chèche eskiz lè nou di ke se karakteristik ki soti nan gran zansèt nou yo oubyen nan kilti nou an. Yon feblès se kapab pa egzanp timidite, oswa pale twò vit, oubyen pè pran lapawòl nan mitan moun, oubyen evite gade moun nan je, oubyen twò sansib, oubyen vin twò endiferan, elatriye. Satan sèvi avèk feblès nou yo pou dekouraje ak bloke nou nan sèvis Seyè a.



### ○ **Mande pou yon elèv li 2 Korentyen 12:9-10. Mande klas la: Kòman Bondye konsidere feblès nou yo, tankou yon anpèchman oubyen yon opòtinite pou Li montre pouvwa Li?**

Feblès yo pa konsidere kòm anpèchman devan Bondye, okontrè, Li chanje yo kòm mwayen pou li demontre pouvwa li.

Finalman, ann wè ofans ak rankin yo, lòt pwèn ki kontaminan ki mande rezoud nan lavi nou. Jan nou te wè nan leson avan yo ke pa genyen plas pou rayisman ak rankin nan lavi pitit Bondye yo.



### ○ **Mande pou yon elèv li Matye 5:43-44.**

Padone ak renmen moun ki fè nou mal, se vre se bagay ki pi difisil nan lavi nenpòt kreyen. Se menm jan, anpil moun pa rive renonse panse negativ sa yo toutotan yo pa pase yon moman ap grandi nan lòt dimansyon yo. Nou tout konn ofanse nan lavi nan kèk okazyon, men pouvwa Bondye kapab fè lènmi nou yo vin tounen zanmi nou. Lapriyè pou sa yo te ofanse nou yo gen pou prepare nou avèk yo menm tou pou rekonsilyasyon.



### ○ **Mande elèv yo pou yo konplete aktivite 4 la epi apre sa reyini yo fè plizyè gwoup ki genyen 3 oswa 4 moun pou pataje temwayaj ak lide sou kòman pou moun pwogrese nan domèn sa yo epi pou lapriyè youn pou lòt.**



## Definisyon vokabilè enpòtan yo

- **Ensten:** Tandans oswa enklinasyon natirèl, tankou ensten pou fè rezistans, ensten pou repwodiksyon.
- **Prejije:** Pran yon pozisyon sou aksyon, moun oswa lide oswa lide sou baz sa lòt moun di oubyen sou eksperyans pase, oubyen sou eksperyans familyal ou sosyal.



## Rezime

Objektif nou nan lavi kretyèn nan se rive vin menm jan ak Kris la. Volonte Bondye pou lavi nou se kiltive mantalite Kris la. Se Bondye ki fè nou deside vin menm jan ak Jezi epi se Li menm k ap ede nou reyalize li. Wòl pa nou nan pwosesis la se soumèt volonte nou, aprann panse ak viv menm jan ak Kris, etidye tout aspè nan lavi Li epi kontinye egzanp Li.



# Fèy Aktivite yo

## AKTIVITE 1

**Li Jan 7:38 epi chwazi nan opsyon sa yo, Ak kisa lavi kretyen an dwe sanble?**

- \_\_\_ ak yon ma labou
- \_\_\_ ak yon rivyè ki pwòp
- \_\_\_ ak yon pi pou konsève dlo
- \_\_\_ ak yon labou
- \_\_\_ ak yon sous dlo

## AKTIVITE 2

**Kisa ki valè li yo? Siyale avèk X 10 mo ki reprezante bagay sa a yo ki gen plis valè pou ou yo. Apre sa siyale avèk nimewo 1 an sa ki plis enpòtan nan dis yo.**

<b>Afeksyon</b> (karès, lanmou, swen lòt oswa pou lòt moun)	<b>Ede Lòt Yo</b>	<b>Popilè</b> (Vin gen anpil fanatik)	<b>Reyalizasyon Pèsonèl</b> (santiman pou yon bagay moun nan te fè)	<b>Lasante</b> (Mantal ak fizik)	<b>Lòd</b> (trankilite, establite)
<b>Zanmitay</b> (relasyon pwòch avèk lòt moun)	<b>Kapasite Ekonomik</b> (posede lajan, bagay ki gen valè)	<b>Fanmi</b>	<b>Plezi</b> (divèsyon, detann, jwi lavi)	<b>Sekirite Sosyal</b>	<b>Kè Poze</b> (santi kè poze ak pwop tèt ou)
<b>Lanmou Pèsonèl</b> (ògèy pou sikse, reyalizasyon pèsonèl)	<b>Orijinalite</b> (devlopman lide ki tounèf)	<b>Entegrite</b> (onètete, senserite)	<b>Pouvwa</b> (kontwòl, enfliyans)	<b>Sans Akseptasyon</b> (santi mennaj la renmen li)	<b>Lavi Espirityèl</b> (relasyon avèk Bondye)
<b>Pwogrè Laboral</b> (pwogrè, pwomosyon)	<b>Devlopman Pèsonèl</b> (lizay kapasite tankou moun)	<b>Onèt</b> (obeyisans ak responsablite)	<b>Pozisyon Sosyal</b> (ran, respè devan lot moun)	<b>Konpetans</b> (genyen pari, pran risk)	<b>Parèy</b> (Mennaj oswa koup ki marye)
<b>Avanti</b> (nouvo eksperyans ki gen defi)	<b>Establite Ekonomik</b>	<b>Libète</b> (endepandans, separasyon)	<b>Responsablite Pèsonèl</b>	<b>Koperasyon</b> (Travay angwoup)	<b>Lòt:</b>

(Adapte sou <http://www.moww.org/HSPrep/lessons/7.val/bvall.html>)



Sou menm baz sa w chwazi yo, reflechi: èske se menm valè sa a yo Jezi te genyen ? Si repons ou a se non..., kisa w dwe kòmanse semèn sa a pou w santre valè w yo nan Bondye?

---

---

### AKTIVITE 3

**Reponn: ki plan w genyen pou lavi w pou lane k ap vini yo? Epi apre sa: kisa w ta vle reyalize nan fen lavi w? Li enpòtan pou w sensè nan repons ou yo, pou w kapab evalye plan w yo apre.**

Objektif mwen yo pou ane sa ak ane k ap vini yo se...

---

---

---

---

---

Sa mwen vle reyalize nan fen lavi mwen yo se...

---

---

---

---

---

Evalye objektif ou yo selon echèl otè sa ki se Keith Drury. Pou sa plase lèt A, B, C, D oubyen E dapre jan sa koresponn nan chak objektif ke w te ekri avan an.

**A. Anbisyon sen**, se sa ki obeyi apèl Bondye a pou lavi w. Yon bagay ke w gen asirans ke Bondye vle pou w fè kote ke siksè a se va pou glwa Bondye epi gen pou ede nan kwasans wayòm Li.

**B. Aspirasyon imen**, se sa ki devwale aspirasyon yo pou lavi w epi ki montre dezi w pou w fè yon bon bagay, yon bagay ki kapab yon sipò ki pozitif nan mond sa, yon bagay k ap kite yon bon egzanp pou pwochen jenerasyon an. Bondye bay nou chak kapasite pou devlope epi li bon pou nou envesti ak miltipliye talan nou yo. Aspirasyon sa a yo se pa bagay ki mal, ni peche.

**C. Anbisyon egoyis**, se sa ki baze sou satisfè anvi egoyis yo, tankou foli pouvwa, fanatik, rekonesans pou siksè. Kalite anbisyon sa pa bon paske li fè nenpòt bagay pou reyalize li: li minimize zanmitay, minimize etik, li itilize moun.

**D. Motivasyon konplèks**: se sa ki genyen yon melanj bon objektif avèk yon dòz enterè egoyis.

**E. Motivasyon dejeneratif**, se sa ki te kapab kòmanse avèk yon bon motivasyon, epi apre yon tan li kite motivasyon egoyis la trennen li.

## AKTIVITE 4

**Pase tèt ou egzamen pou w wè kijan w fè pwogrè nan domèn netral oswa kontaminasyon lavi w la. Mete yon pwèn nan chak nimewo soti nan 1 a 5, pliske se 1 an ki pipiti (sa vle di li pa grandi) epi se senk lan ki pi wo (sa vle di ou gentan rive nan dènye pwèn an). Souliye kote w dwe santre atansyon ak swen lavi w la piplis. Apre sa reyini avèk gwoup la pou pataje lide ak temwayaj yo sou kòman w pote lavikwa sou chèn sa epi lapriyè youn pou lòt.**

### Pati net yo

(Yo bezwen transfòmasyon  
oubyen restorasyon)

\_\_\_ Pasyon

\_\_\_ Koutim

\_\_\_ Onètete

\_\_\_ Relasyon

\_\_\_ Prejije

\_\_\_ Dèt

\_\_\_ Posesyon

\_\_\_ Devwa

\_\_\_ Anbisyon

### Pati kontaminan yo

(Yo dwe elimine)

\_\_\_ Krentif

\_\_\_ Feblès

\_\_\_ Ofans ak rankin

## LEKTI KI REKÒMANDE YO

Mak 14:32-42

Jan 12:27-28

Women 8:28-39

2 Korentyen 3:1-18

Filipenses 4:1-9

1 Pyè 2:11-25



Liv seri Ranpli ak Lespri yo prezante doktrin ak pratik nan lavi sentete a nan yon langaj ki senp, pratik epi nan menm tan tou li konekte ak jenerasyon k ap viv nan epòk n ap viv la. Lavi nan sentete a gen pou wè ak:

- a) Chanjman natirèl ak pwogresif ki fèt nan lavi kretyen an, kòm rezilta aksyon Sentespri a nan lavi li; chanjman ki parèt klè se pa sèlman pou li, men pou lòt moun k ap viv nan antouraj li tou.
- b) Lavi ki ranpli ak lanmou Bondye kòm kondisyon endispansab pou sèvi Seyè a avèk pwochen nou yo.
- c) Transfòmasyon pwogresif ak total lavi kretyen an konfòm ak modèl Jezikris la.

Seri a prezante sou twa volim ki konplete etid debaz yo pou Nivo C nan plan antrènman disip ABCDE nan legliz Nazareyen nan Rejyon Mezoamerik la. Chak liv genyen 13 leson antrènman disip ki santre nan nesite konsolidasyon ak kwasans moun sa yo ki fenk vin fè pati kò manm legliz lokal la.

Lè n ap obsève twa volim debaz nivo sa a, nou ankouraje w kontinye avanse vè Nivo D nan antrènman disip la pou “Devlopman Ministeryèl ou” avèk liv pwogram Lekòl Lidèchip la.

W ap jwenn yon gid ladan li k ap ede w dekouvri don ke w posede, pasyon ak vokasyon w, epi tou w ap jwenn kapasitasyon ak antrènman pou w kapab patisipe kòrèkteman nan ministè legliz la.

[www.MEDFDIressources.mesoamericaregion.org/](http://www.MEDFDIressources.mesoamericaregion.org/)

